**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

**ТАРИЙХ ФАКУЛЬТЕТИ**

**ТАРИЙХ КАФЕДРАСЫ**

**4 А КУРС БАКАЛАВР ТАРИЙХ ҚӘНИГЕЛИГИ ТАЛАБАСЫ**

**БЕРДИШОВ НУРЛАН АМАНБАЕВИЧ**

**Тема: XIX әсирдиң ақыры XX әсир басында шеп жағалық қарақалпақлар тарийхынан**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Илимий басшы:**
**Тарийх илимлер кандидаты, доцент**
**Р.Базарбаев**

**Нөкис-2013**

# МАЗМУНЫ

**Кирисиў:** 3

**I-Бап.** - Россия империясының алып барған колониялық сиясаттың Шеп жағалық қарақалпақлардың жәмийетлик-сиясий турмысы көрсеткен тәсири. 5

**1.1** XIX әсирдиң ақыры - XX әсирдиң басында Қарақалпақстанның шеп жағалықтағы халқының социал-экономикалик ҳәм сиясий аўхалы

**1.2.** Шеп жағалы халықлардың хожалық турмысы хәм социалық-экономикалық ахўалы 14

**1.3.** Шеп жағалы халықлардың миллий-азатлық хәрекети . 1916 жылғы қозғалан 22

**II-Бап.** Шеп жағалы қарақалпақлардың XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында неке шаңарақ қурыўы маселеси ҳәм диний көз қараслары. 27

**2.1.** Қарақалпақларын турмысында неке шаңарақ қурыўы маселеси

**2.2.** Қарақалпақлардың өмиринде диний көз қараслардың орны 36

**III-Бап.** Шеп жағалы қарақалпақлардың XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында жәмийетлик ой-пикирлери 40

**3.1** Билимлендириў ҳәм миллий зыяллылар олардың халықтың арасындағы орны

**3.2.** Жеп жағалы қарақалпақлардың әдебияты ҳәм фольклоры 51

**3.3.** Жеп жағалы қарақалпақлардың арасындағы жәмийетлик ой-пикирлер 64

**3.4.** Жеп жағалы қарақалпақлардың арасына жадидлердиң идеясының кирип келиўи 80

**Жуўмақлаў** 84

**Пайдаланған әдебиятлар** 95

**Қосымшалар**

# Кирисиў

Президентимиз И.А.Каримов «Өзлигинди аңлаў тарийхтан басланады» деген созди айткан еди.[1] Демек биз өзлигимизди аңлаў ушын өз тарийхымызды билип алыўымыз керек. Өзликти аңлаў , ең алды менен хәр ким өзиниң насилин билиў арқалы инсанды ойятыуга хизмет етиу тийс. Себеби озлигимизди аңлаў арқалы тьарийхый ҳақиқатлықты өз орнына қоямыз, соның менен бизлер бизин жэмиетимизди жаңалаўға, өзимизди сезиўимизге үлкен тәсирин тийгизген боламыз. Демек, биз Ўатанымыздың тарийхын үйрениў арқалы, бүгинги күнниң жуўапкершилигин қалиплестиремиз. Олай болса тарийх апиўайы сенелерди корсетип, апиўайы мағлыўматлардан турмастан, тарийх философиясының тарийхқа айландырыўдан да турады. Яғний тарийх естеликлердиң дизими, қалалардын атлары, олардың дүзилген ўакты менен шекленбей сол тарийхый процесслердиң пайда болыўындагы эволюциялык процесслер, халықтың жәмийетлик руўхый динамикасын көрсетилиўи керек. Ел-журтымыз озиниң көп әсирлик тарийхыда бундай каралы каўЪпли-қатерлерди неше рет бастан кеширген, олардың жабирин тартқан. Усының себебинен тилимиз, динимиз ҳәм манаўиятымыз бир пайытлар қандай қаўип астында қалганын баршемиз жақсы билемиз. Ане усы қайғылы өтмиш, басып өткен машақатлы жолымыз баршемизге сабак болыўы, бугинги ҳққыйқатлықты терең талай отырып, бир каўимлерге қарата мудамы сергек болып жасаўга шақырыўымыз лазым. Оз тарийхын билмейтуғын, кешеги күнин умықан миллеттин келешеги жок.[2]

Мине усындай маселердиң бири шеп жағалы қарақалпақлардың сиясий-экономикалык, руўйхый өмири актуал маселердиң бири болып тарийхымызда белгили из қалдырған себеби усы жерде жасаган халықтың турмысына ҳәр тәреплеме үлкен тасир тийгизген. Ане усы маселерди бизлер өзлеримиздиң питкериў қанийгелик жумысымызда көрип шығамыз. Бул питкериў қанийгелик жумысы Қарақалпақстан елин шеп жағасинда жасаған халыктың өмири турмыс тәризи мәдениаты, үрп әдетлерине арналган. Усыны есапқа алыб бизлер усы дәўирди изертлеўди қолай көрдик.

**Жумыстын ахмиети** Изертленип атырған дәўир Қарақалрақ халқының тарийхында ең бир шиенилискен дәўир болып, бир жағынан жақсы тареплери, екинши жақтан қыйин тоталитар

---

1 Тарихый хотирассиз келажак йук. Т.1998

2 И.А.Каримов. Жокары манауият женилмес куш. Т. 2008. 4 бет

дизиминиң алып барган жаўызлык сиасаты дәўири болды. Совет түзиминиң Қарақалпақстан жеринде орналыў ҳәм оның шовинистлик сиасаты, эскерий коммунизм сиасаты, Қарақалпақстан автоном областының дүзилиў, репрессия сиасаты, қулласы айтқанда бул халықтың тарийхы . Усыны есапқа алып бизлер усы дәўирди изертлеўди қолай көрдик. **Жумыстын мақсети хәм ўазыйпасы** Бул қанийгелик жумыстың максети Колониализм даўиринде сиясий жақтан ҳәм халыктың ериксиз қолдан бөлинген шеп жағалық қарақалпақлардың экономикалик, мәдений турмысы, үрп-әдетлер ҳаққында түсиник бериў.

**Жумыстың обьекти ҳәм предмети.** Колониализм даўринде сиясий жактан ҳам халықтың ериксиз қолдан бөлинген жеп жағалық қарақалпақлардың экономикалық мәдений турмысы, үрп-әдетлер ҳаққында түсиник бериў.

**Изертлеў усыллары.** Өзбекстан президенти И.А.Каримовтың айтқан усынысы, тарийхый шынлық хронологиялық усыллары.

**Изертлеў нәтийжелери** Колониализм дәўиринде сиясий жактан ҳәм халықтың ериксиз қолдан бөлинген жеп жағалық қарақалпақлардың экономикалық, мәдений турмысы, урп әдетлери илимий жақтан анализ етилди..

**Изертлеўдиң практикалық ахмиети.** Бул жумыс лекциялық сабақлық сипатында коледж ҳәм лекцияларда пайдаланыў

**Питкериў жумыс қурылысы.** Жумыс кирисиў, үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланған әдебиятлар дизиминен ибарат.

**Жуўмақлаў.** Питкериў жумыс аҳмийети оны келешекте илимий жумыс ретинде даўам етиў.

Президентимиз Ислам Каримовтың басламасы менен 9-май – Еслеў ҳәм қәдирлеў күни елимизде улыўма халықлық байрам сыпатында өткерилди. Усы күнге арналған мәресимде Ислам Каримов Ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен сәўбетинде сөйлеген сөзинде «Турмыстың өзи бир ҳақыйқатты қайта-қайта дәлиллеп бермекте. Яғный, тарийхты билмеген, тарийхты умытқан, жуўмақ шығармаған ҳәр қандай инсан, ҳәр қандай халық өз жолынан адасыўы, бир ўақытлары жол қойған қәтелерин және тәкирарлаўы мүмкин» - деген еди[1].

---

[1] Ислам Каримов «Еркин Қарақалпақстан» – газетасы «Тынышлық ҳәм турақлылық – барлық табысларымыз бенен шеклеримиздиң тийкары» 11-май 2013-жыл., №58-саны

# I- бап Россия империясының алып барған колониялық сиясаттың Шеп жағалық қарақалпақлардыщ жәмийетлик-сиясий турмысы көрсеткен тәсири.

## 1.1 XIX әсирдиң ақыры - XX әсирдиң басында Қарақалпақстанның шеп жағалықтағы халқының социал-экономикалик ҳәм сиясий аўхалы

Россия империясынын Хийўа ханлығын жаўлап алыўы ханлыктын турмысында бир катар өзгерислердин жүз бериў-ине алып келди. Хийўа ханлығы аймаклык жактан өзгериске ушырады. Патша Россиясы менен Хийўа ханлығы арасында дүзилген әдалатсыз питим шәртинин екинши бәнтине сәйкес, Хийўа ханлығы менен Россия мәмлекетинин шегарасы белгиленди. Бул шегара Күкиртли жеринен басланып, Әмиў-дәрьяны бойлап, онын батыс тармағы Таллыкка шекем хәм оннан арман Таллыкты бойлап, Арал тенизине шекем даўам етти. Арал тенизине киргеннен кейин Таллыктын шеп жаға-лығы менен Таллык колтығына хәм оннан арман Токпак ата ярым атаўына жетип, Токпак атанын арка жағасы менен Әжи-бай колтығы аркалы Үргеге шыккан[1]. Солай етип, Хийўа аймаклык жағынан да, халкынын саны жағынан да әдеўир кыскарды. Сондай-ак, Россия империясынын ярым колониясы болған Хийўа ханлығынын сиясий хукыклары да шекленди. Бул жерде Россия колониаллыктутымынынтәсири күшейди.

Әмиўдәрьянын сол жағалығындағы каракалпаклар Хийўа ханлығы сорамында болды. қарақалпақлар тийкарынан ханлыктын әсиресе төрт беклигинде-Гөне Үргениш, Хожели, Шоманай хәм Конырат бекликлеринде жасаған. — XIX әсирдин төртинши шерегинде Хийўа ханлығы сорамындағы каракалпаклардын саны 19995 адамнан ибарат болған[2]. Олар тийкарынан Конырат дийканшылыкоазисинин шетлеринде-Шоманай, Кыятжарған хәм Гөне Үргениш дий-каншылык районларында мәкан баскан. Ханлыктын баска Лаймакларында да каракалпаклар жасады. Бирак ол жерлердеги каракалпаклар аз санда еди.

[1] Ц Г А РУ ф.125 оп.1 д.34 5-6 бб

[2] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 16 бь.

Әмиўдәрьянын ен арка тәрепиндеги тармағы Таллыктын бойында кыят ҳәм ашамайлы уруўлары жасады. Олар Қыятжар-ғаннын жағалаўларындағы Молла Пирим корғанынын әтирапларындағы жерлерди ҳәм Соркөлди ийеледи. Таллыктын бойында кыят, ашамайлыға консылас балғалы уруўынын халыклары жасады. Шоманай беклигинде каракалпаклардын конырат арысы жаўынғыр бөлиминин уруўлары-казаяклы, теристамғалы, уйғыр, тийекли, баймаклы хәм ырғаклылар жасады. Гөне Үргениш беклигинде де жаўынғырлардын найман, баймаклы, уйғыр уруўлары жасады.

Сол жағалыктағы каракалпаклар жасаған аймакларда өзбеклер, түркменлер, казаклар ҳәм аз санда болса да баска да халыклар аўыл аралас, кой коралас болып каракалпаклар уруўлары менен консылас болып жасаған.

1873-жылдан кейинги Хийўа ханлығынын жәмийетлик-сиясий дүзилиси айтарлыктай өзгериске ушырамады. Хийўа ханы барлык исти өзи баскарды[3]. Ханнын айткан-дегени барлык пукара ушын нызам болды. Жокарғы нызам шығарыў, хәкимшилик баскарыў ҳәм суд жумысларынын хәммеси ханнын өз колында болды. Ханнын баслы ҳәмелдарлары болып кусбеги, метер, дийўанбеги есапланды. Қусбеги ханлыктын түслик тәрепин, ал метер болса арка тәрепин баскарды. Бирак бул ҳәмеллер Россиянын Хийўа ханлығын жаўлап алмастан бурын өз әҳмийетин жоғалтты. Хан елдин барлык баскарыў исин өзинин ен исенимли адамы Мәтмуратка тапсырды. 1901-жылы Мәтмурат кайтыс болғаннан кейин ханнын биринши министри болып Ислам хожа тайынланды. Ол «Уллы ўәзир» деген атак алды. қарақалпақлар ханға хәм онын ҳәмелдарларына бағынышлы болды. Дәслепки жыллары каракалпаклар жасаған жерлерди ханнын исенимли адамы-дийўанбеги Мәтмурат баскарды. Ал, сонында Юнус жасаўыл-басы баскарған. Оннан сонғы хәмелдар хәким болған. Ҳәр бир бекликте бир ҳәким болып, ондай лаўазымға Хийўа ханы тәрепинен жиберилген адам ғана койылған. Оннан сонғы хәмел «бий» деп аталып, олар каракалпаклардын уруў-кәўимлик дүзи-лисине сәйкес болып отырған. Бирак, бий лаўазымын тек ханнын өзи берген.

[3] ОзР ОМА ф.2,оп 1 а д.191 136-140 бетлер

қарақалпақлардын турмысында орын алған баскарыў лаўазымлары-беглербеги, аталык, бий х.т.б. деп аталып, ол лаўазымлар Россия Хийўа ханлығын жаўлап алғаннан кейин де ханлыкта үстемлик сүрип калған. Бул лаўазымларға хан өзине ен исенимли адамларды танлап койған. Ҳәкимшилик лаўазымлар каракалпаклардын кәўим-уруўлык дүзилисине сәйкес белгиленген. Мысалы, каракалпаклар еки арыска бөлинетуғын болса, арысты беглербеги баскарған, үлкен кәўим хәм уруў топарларынын басында аталык турған, ал айырым майда уруўларды бийлер баскарып отырған[4]. Елди баскарыў-дын бул тәртиби XIX әсирдин төртинши шерегинде бир катар өзгерислерге ушыраған.

Хийўа ханлығы сорамындағы каракалпаклар XIX әсирдин акырында хәм XX әсирдин басында төртке бөлинип баска-рылған. Хәр бөлимнин басында беглербеги турған. Солай етип, Шоманайдағы таза Жана каланын (Шоманайда гөне Жана кала хәм таза Жана кала болған) күн шығарында Дөнгелек көл этирапында жасаған баймаклы хәм казаяклы уруўларын баймаклы уруўынан шыккан Косжан беглербеги баскарған. Таза жана каланын батысындағы он төрт уруў халыкларын аралбай уруўынан шыккан Кутлымурат беглербеги баскарған. Кетенлердин дөгерегиндеги Каракөл, Кдратөбе жерлеринде отырған теристамғалы, айыллы, тийекли, шомак хәм т.б. уруўларды теристамғалы уруўынан шыккан Жүсип беглербеги баскарған. Ашамайлы, кыят уруўларын ашамайлыдан шыккан Шәрибай беглербеги баскарған. Ал, Даўыт атанын түслигин-деги барлык казакларды Калжан беглербеги баскарған[5]. Хәр бир беглербегиге төрт аталык, ал аталыкларға төрт бий карaслы болған. Булардан баска аксакал хәм мурап лаўазымлары болған. Аксакалларда мөр болмаған. Мураплар мәўсимлик жумыс аткарған. Баскарыўдын бул тәртиби XX әсирдин 20-жылла-рына шекем сакланған[6].

Шеп жағалыктағы каракалпаклардын жерге ийелик етиў тәртиби ханлыктағы

---

[4] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 26 бет

[5] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 26 бь.

[6] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 33-38 бь

улыўма тәртипке сәйкес болған. Епде жер ийелеўдин үш түри жүргизилген. Олар ханнын жери, меншик жер хәм ўакым жер деп аталған. қарақалпақлар менен туркмен

Жерди суўғарып дийканшылык етиў әййем заманлардан бери халык турмысында кен орын алған дәстүр. Бирак, дийканшылыкты жүргизиў усылы оғада артта калған еди. Аўыл хожалығында әййемги заманлардан бери киятырған ески кураллар-гүнде ағаш, шойын пазна, мала, бел, кетпен ҳ.т.б. усыған уксаған мийнет кураллары пайдаланылды.

Аяктан суў акпайтуғын дөн жерлерге шығырлардын күши менен суў шығарылып егин егилетуғын болған. Сондай-ак, аўыл хожалығында ҳәм жол катнаста ен әхмийетли курал болып арба есапланған. Арбалардын ат арба, өгиз арба х.т.б. түрлери болып, олар хожалыкка хызмет еткен. Дийканшылыкта ак егис кен ен жайған. Ак егиске гүзде хәм бәҳәрде егилетуғын бийдайлардын түрлери хәм арпа кирген, ал көк егиске жүўери, салы, тары хәм баска егинлердинтүрлери кирген. Усы дийканшылык түрлери хәм баска баў-бакшалар халыктын күн көрисин тәмийинлеген.

Суўғарып егин егилетуғын жерлерде Әмиўдәрьядан тик-келей сағa алатуғын өзеклерден хәм каналлардан пайдала-нылған. Баслы каналларды «арна», «жармыш», «жарма», «жарған» деп атаған. Көпшилик жағдайларда адамлардын күши менен жарылған каналларға оны казған уруўлардьщ аты койылған ямаса каналлар казыўды шөлкемлестирген адамлардын аты менен аталған, өзеклерге де халык ат койған. Мысалы, Тикөзек, Көкөзек, Киндикөзек х.т.б. деп атаған. Бул суўтармакларынан жап хәм салмалар арқалы суў алынып атызлыкларға жетке-рилген. Суў атызға өзи салмалар аркалы ағып барса оны аяктан суўғарыўдеп атаған. Халык арасында дийканшылыктын суўал-мадан егиў, басыўдан егиў х.т.б. түрлери кен таралған. Бундай егислер суўдын тасыў жылларында дәрьянын, көлдин жағалаў-ларында иске асырылып отырған. Суў жарамаған бийик жерлерге шығыр курып, салмалар аркалы суў ағызып, егин еккен.

Дийканшылыктын тийкарғы түрлери-гүзлик бийдай, жаз-лыкбийдай, арпа, жүўери, салы, тары, кендир, мәш, гүнжи, каўын, ғарбыз, аскабак, палаў кабак, суў кабак, айғабағар, гешир, пияз х.т.б.лардан ибарат болған. Сонын менен бирге пахта хәм жон-ышка егилип алынған.

Сол жағалыктағы халыклардын турмысында шарўашылык ен әхмийетли тараў болды. Кдзакларда хәм түркменлерде тий-карғы кәсип болып, олардын күн көрисин шарўашылык тәмийинлеп турды.

Аралас хожалык жүргизген каракалпаклар дийканшылык-ка косымша шарўашылыкты да жүргизди.

Шарўашылык дийканшылыкка үлкен жәрдем тийгизди. Дийканшылыкты жүргизиў ушын жылкы, кара мал күш-көлик болып хызмет аткарды. Барлыктүрдеги маллардын дәрислери атызларға жергиликли төгин ретинде пайдаланылды.

Шарўашылык айрыкша тениз хәм дәрья жағалаўларында жасаған халыклар ушын оғада әхмийетли болды. Ол жерлерде мәкан баскан каракалпаклар балыкшылык пенен шуғылланды. Ал дийканшылык олар ушын косымша кэсип болды. Олардын тийкарғы күн көрисин шарўашылык өнимлери тәмийинлеп турды. Ўакты-ўакты болып туратуғын суўсызлык жылларында, атап айтканда XIX әсирдин сонғы шерегинде, Шоманай ка-налына суў бармай кеўип калған жыллары ол жерлердеги каракалпаклар тениз хәм дәрья бойларына көшип барып конысласты. Олар барған жерлеринде шарўашылык хәм балыкшылык пенен шуғылланып отырды. Солай етип, ол жерлердеги каракалпаклардын сол дәўирдеги хожалығынын баслы тараўы шарўашылык болды.

Ерте заманлардан баслап-ак каракалпаклардыц шарўа-шылык хожалығынын тийкарын кара маллар кураған. Саўын сыйырлар күн-көрис дәреги болған, ал өгизлер күш-көлик ретинде жумсалған. Солар менен катар аз да болса жылкы, түйе, ешек сакланған. Олар да күш-көлик ретинде пайдала-нылған. Халык арасында майда маллар деп аталатуғын кой-ешкилерди асыраў кен орын алған. Кдракалпаклардын жасаған жер шәраяты, гөззал тәбияты мал саклаўға оғада колайлы болған. Тениз жағаларындағы, көл бойларындағы, дәрья

алапларындағы отлаклы жерлер мал жайлаўлары болып хызмет еткен. Әмиўдәрьянын жағаларын-дағы, онын өзеклеринин бойларындағы, көллердин әтирапла-рындағы жасыл отлаклы суў бойлары, камыслыклар кара малларға жайлаў болып, малларды тәбийий от пенен тәмий-инлеген. Сонын менен бирге каракалпаклар корада саклай-туғын маллары ушын от-шөп таярлаған. Олар өз атызларынан өнген бийдай, арпа, тары, салы усаған егинлердин сабанларын жыйнаған. Жүўеринин шингиригин, жонышка беделерин, ғаўышларды, камысларды, боянды х.т.б. от-шөплерди мал оты кылып кыска таярлайтуғын болған. Майда маллар ушын жантак жыйнаған.

Әййем заманлардан баслап карақалпаклардын экономика-лык аўхалы, турмыс жағдайы, бай-жарлылығы хәр бир хожа-лыктыщ малыньщ санына карап белгиленген. Ел ишинде мал байы, дән байы атағын алған байлар болған. Шарўашылык аўыл хожалығынын баслы тараўы болып, саўда байланыс-ларындабаслы орынды ийелеген. Мысалы, Шоманай дийкан-шылык алабындағы каракалпаклар Хийўа ханлығынын орай-ындағы жерлерди хәм әтирапларын кара маллар менен тә-мийинлеп отырған.

Бул хаккында орыс хәкимшилигинин ўәкиллери Гирш-фельд хәм Галкин: «Шоманай беклиги менен Әмиўдәрья бөлиминин Шымбай участкасынын каракалпаклары пүткил оазис (Хорезм оазиси) базарларын кара мал менен тәмийин-леўшилер болған»[7]—деп жазған.

Хийўа ханлығындағы каракалпаклар дийканшылык хәм шарўашылык пенен шуғыллана отырып, балыкшылык хожа-лығын да жаксы жүргизген.

Хатыклар турмысында башкшылык салмаклы орын тутты. қарақалпақлардын ишинде балыкшылыкка бейим кәўим-уруўлар болған. Айрыкша Қонырат арысынын балғалы, аша-майлы, кыят х.т.б. уруўларынын хатыклары балыкшылыкты тийкарғы кәсип еткен. Олар ушын балыкшылык азык-аўкат хәм табыс табыўдын негизги дәреги болып есапланған. Балы к аўлаған балыкшылар күнделикли аўкатынан аўыскан балыкларын жыйнап койды, оларды дийканшылык өнимле-рине алмастырды хәм оннан аўысканын сатты.

[7] Каракалпакстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 82 бет

Дәрья жағатў-ларындағы дийканшылык пенен шуғылланыўшы аўыллардын халыклары да балык аўлаған. Бирак, олар балык аўлаўды кәсип етпеген, тек колы бос ўакытлары аўлайтуғын болған.

Шеп жағалыктағы каракалпаклардын балық аўлаў әсбап-лары әпиўайы, атам заманнан киятырған куралл ар еди. Сол себепли олар балыкты тек сайыз көллерде хәм дәрьянын таскын ўакытларында дөреген өзеклерде ғана аўлап отырған. Ал, балык тениз ишине, теренге кеткен ўакытларында балыкшылыкты ўакытша токтатып баска жумыслар менен шуғылланған.

Каракатпаклардағы кен таралған балык аўлаў куралл ары шанышкы, аў, нәрете болған. Арасында кармак пенен де услаған, каза салған, кыстын күнлери үки ойып, балык аўлаған. Балыкты аў менен ямаса нәрете менен аўлаған ўакытларында

балыкшылар кайыклардан пайдаланған. Бундай кайыкларды «аў кайыклары» ямаса «нэрете кайык» деп атаған. Кыстын күнлери муз үстинде жүрип батык аўлаў тәсилин жаксы билген каракалпаклар кайык-кемелерди шананын үстине орнаткан. Бундай кайыкларды олар «шана-кеме» деп атаған. Бундай шаналарға ат, өгиз жегилетуғын болған. Шанаға жегилген күш-көликтин түри «ат шана», «өгиз шана» деп аталатуғын болған. Мәўсимге карай балык аўлаў куралл ары соғылған. Бәхәр келиўи менен балыктын уўылдырык шашыў ўакты да келеди. Бул дәўирдеги балыкларды «Ойын балык»-деп атаған хәм балык ойыны ўактында балыкты аўлаў колайлы болған. Сонын ушын аўыллардағы хаял-кызлардан баска хәмме адамлар бул пайытта балык аўлаўға шыккан. Усы мәўсимде балыкты оғада көп услаўға имканият пайда болған. Сонлык-танда балыкшылар көп услаған балыкларынын аўысканын какпаш етип таярлаған. Қакпашларды кыскы мәўсимде аўкат етиў ушын саклаған. Ҳаял-кызлар балыклардын басынан майын алып «балык майын» таярлаған.

Май айынын екинши ярымынан баслап балык аўлаўдын екинши мәўсими басланған. Бул мәўсимди балыкшылар «көгермей» деп атаған.

Себеби, уўылдырыкшашып шаршаған балыклар камыстын арасында көгерип жататуғын болған. Усы пайытта балыкшылар камыстын арасы менен сылт

етпей жасырынып келип балыкларды шанышкы менен шаншып аўлаған. Бәхәрде хәм жазда балыкты түнде аўлаў усылы да кен таралған. Балыкшылар кеменин үстине шам жағып, бачыклардын көзин камас-тырған ҳәм кеменин үстинде турып, көзи камаскан батык-ларды шанышкы менен шаншып алған. 1873-жылы Әмиў-дәрьянын төменцнде изертлеў жумысын жүргизген орыс хәкимшилик хызметкери А.В. Каульбарс каракалпаклардын түнде балык услаў усылы хаккында жазған[8].

Солай етип, каракалпаклардын экономикалык турмысында балыкшылык хожатыктын баска тараўларынан кем эхмийет-ке ийе болмады.

Сонын ушын да каракатак хаткы «үш ай саўыным, үш ай каўыным, үш ай кабағым, үш ай шабағым, бир хәмеллеп күн көрермиз», деп айтатуғын болған.

XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басында Хийўа ханлығы курамындағы каракал паклардын экономикалық турмысында саўда белгили орын тутты. Қаракалпаклар өзлери өндирип шығарған затлары менен саўда исин оғада жаксы раўаж-ландыра алған. Саўдаға тийкарынан аўыл хожалығы өндири-синин өнимлери шығарылып отырған. Саўдаға жүн, тери хәм бир катар кол өнеринин затлары шығарылатуғын болған. Усы жыллары Хожели, Қонырат калаларында өнерментшилик күшли раўажланған. Бул дәўирде майда саўдагерлер жерги-ликли саўда менен шуғылланды. Сонын менен бир катарда каракалпаклардын арасынан көтере саўда менен шуғылла-ныўшы ири саўдагерлер өсип жетилискен. Олар жонышка тукым, кептирилген мийўе өнимлери, жүн, балык пенен көтере саўда ислеген. Балыксатып саўда ислеўшилер Конырат, Кдзалы, Оренбург жерлеринде балык саткан. Саўдагерлер Әмиўдәрья аркалы Чаржаўға шекем балы к алып барған ҳәм темир жол аркалы Россиянын орайлык районларына балык өнимлерин апарып саткан[1]. Хийўа ханлығынан шыккан каракалпак саўдагерлери Россиянын орайлык районларындағы базарлар-дан бояў, кант, шай, токымашылыкзатларын ҳ.т.б. Хийўа хан-лығы базарларында өтимли болған затларды алып келген. Усы

---

[8] Каракалпакстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 82 бет

бағдарда саўда кызып, адамлардын мүтәжлери питкен. Сол жағалыктағы каракалпаклардын саўда орайлары Қонырат, Гөне Үргениш, Шоманай беклигиндеги Жана кала болған. Бул калаларда хәптесине еки мәрте базар болып әтирaптағы халык келип турған. Жума базары узын базар деп аталған. Базар каракалпаклардын жәмийетлик турмысында оғада әхмийетли болды. Базар күнлери усы үлкенин алыс-алыс аймакларын-дағы ағайинлер, тамыр-таныслар бир-бири менен базарда ушырасып апак-шапак болар еди. Аўыллардағы жаналыкларды, күнделикли турмыстағы өзгерислерди еситип олар өз-ара пикирлескен. Сонын менен бирге базарлар аркалы каракал-паклар ханлыктағы баска халыклар менен экономикалык кат-насыкларды орнаткан.

1873-жылға шекем саўда көпшилик жағдайларда алмаслаў аркалы иске асырылған. Бул саўда катнасы ерте заманлардан каракалпактардын турмысынан кен орын алған еди. Мысалы, малды ғәллеге алмастырған. Саўын маллардын сүтинен өнген өнимлерге-торак, сары май, куртх.т. баскаларға мийўе өнимлерин, каўын-ғарбызларды х.т.б. затларды алмастырып, саўда ислеп отырған. Россиянын Хийўа ханлығын жаўлап алғаннан кейин ел ишинде акша катнасы кен ен жайды.

Хийўа ханлығы аймағынын базарлары россиялык базарлар менен катнасыккатүсти. Әлбетте, бул патшалыктын колония-лык сиясатынын тәсири еди.

Хийўа ханлығында өз акшасы хәрекет етип турды. Олар гүмис тенге, гүмис тилла, пухта тилла (атгын) пул деп аталды. Гүмис тенге сол дәўирлердеги орыстын 20 тийинына барабар болған[9]. Саўда айналысында жүрген гүмис тилла (киши тилла деп те аталған) орыслардын бир сом 80 тийинына барабар болған, ямаса 9 тенге менен тен болған. Ал, пухта тилла 18 тенгеге барабар болған. Биракол сийрек гезлесетуғын еди. Акш&чарды усактаў ушын пул хызмет еткен. Бир тенге 32 пулдан ибарат болып[10], акшаларды майдалаў ушын хәм алыс-

[9] Каракалпакстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 85 бет
[10] Каракалпакстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 90 бет

беристи тәмийинлеў ушын зәрүр болған. Сол жағалыктагы каракал пактар хэм баска да халыклар Россия капитализминин тэсирине өтти. Бул үлке Россия ушын  шийки зат базасы болды.  Пахташылыкты, жонышкашылыкты раўажландырыў орыс капиталистлерининн мэплерине сэйкес келди. Усы максетке тийкарланып XIX эсирдин екинши ярымында Закаспий темир жолы салынды. Бул темир жол Арат тенизиндеги суў жолы, Әмиўдәрья суў жолы, Ташкент, Оренбург жоллары  К.аракалпакстаннын ишки районларын Россиянын орайлык санаат районлары менен байланыстырды. Солай етип, Россиянын мэпин гозлеген колониаллык сиясат үлкеде толык үстемлик сүрди

## 1.2. Шеп жағалы халықлардың  хожалық турмысы хәм социалық-экономикалық ахўалы

XIX эсирдин акырына келип елдин экономикалыктурмы-сына капиталистлик катнасыклардын белгилери араласты. Жәмийетлик турмыста жүз берген жана өзгерислер өз гезе-гинде елдеги социаллык аўхалға тэсирин тийгизе баслады. Елдин турмысында катламланыўлар бир канша теренлести. Анағурлым епшил, хожалыкты жүргизе бил ген адамлар кур-ғынласты, ал укыпсызлар жарлыланды. Нэтийжеде хэр бир аўылда ири жер ийелери-байлар хэм оларға жалланып жумыс ислеўши жарлылар саны көбейе баслады. Айырым жыллары тез-тезден гезлесип турған суўсызлыктан халыкжэбир көрди. Сол

дәуирде Шоманай, Кыятжарған, Конырат жерлеринде каналлардын суўсызлыктан кеўип калыўына байланыслы егислик жер майданлары кыскарып кеткен. Бул жағдай адамларды көшип-коныып, талап ислеп, күн көриўге, дийкан жүрип бала-шаға асыраўға мәжбүр еткен.

қарақалпақ аўылларында мүлк хә.м жер ийелери менен дийканлар арасындағы катнасыкпар өз-ара пайдалы шәртлерге сәйкес кәл и плести. Атам заманлардан баслап қәлиплескен бул катнасыкпар-жарымшы, егиншерик, дийкан жүриў, күнликши, сүтине, көгине, саўын, майына, төлжары, көмек, асыраў[11] деп аталған. Усы тәртипте бай адамлар, ири жер ийелери жарлы-жакыбай ағайинлеринин күшинен пайдаланған. Жери, күш-көлиги, курал-сайманы жок дийканлар жарымшы болғанда ири жер ийелеринин жерин олардын күш-көлиги хәм ку-рал-сайманлары менен еккен хәм тәрбиялап жыйнаған. Сонында өнимди тен бөлисип алған.

Хийўа ханлығы сорамындағы каракалпаклар аралас хожа-лыкжүргизди. Олар дийканшылык, шарўашылыкхәм балык-шылык пенен шуғылланды. Кoныраттынтүслигиндеги Шоманай, Гөне Үргениш бекликлери аймакларындағы суўғарылып егин егилетуғын жерлерди мәкан еткен каракалпаклар тийкарынан дийканшылык пенен шуғылланды. Бул топар-дағылар косымша шарўашылыкты да жүргизди. Ал, тениздин жағалаўында, дәрья бойларындағы басыў жерлерде жасаўшы каракалпаклар шарўашылыкты, дийканшылыкты, балыкшы-лыкты тен жүргизди.

Жерди суўғарып дийканшылык етиў әййем заманлардан бери халык турмысында кец орын алған дәстүр. Бирақ, дий-каншылыкты жүргизиў усылы оғада артта калған еди. Аўыл хожалығында әййемги заманлардан бери киятырған ески куралллар-гүнде ағаш, шойын пазна, мала, бел, кетпен ҳ.т.б. усыған уксаған мийнет куралллары пайдаланылды.

Аяктан суў ақпайтуғын дөн жерлерге шығырлардын күши менен суў шығарылып егин егилетуғын болған. Сондай-ак, аўыл хожалығында хәм жол

---

[11] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 74-90 б

катнаста ен әхмийетли курал болып арба есапланған. Арбалардын ат арба, өгиз арба х.т.б. түрлери болып, олар хожалыкка хызмет еткен. Дийканшылыкта акегис кен ен жайған. Ақ егиске гүзде хәм бәхәрде егилетуғын бийдайлардын түрлери хәм арпа кирген, ал көк егиске жүўери, салы, тары хәм баска егинлердин түрлери кирген. Усы дийканшылык түрлери хәм баска баў-бакшалар халыктын күн көрисин тәмийинлеген.

Суўғарып егин егилетуғын жерлерде Әмиўдәрьядан тик-'келей саға алатуғын өзеклерден хәм каналлардан пайдала-ныльган. Баслы каналларды «арна», «жармыш», «жарма», «жарған» деп атаған. Көпшилик жағдайларда адамлардын күши менен жарылған каналларға оны казған уруўлардын аты койылған ямаса каналлар казыўды шөлкемлестирген адамлардын аты менен аталған, өзеклерге де халык ат койған. Мысалы, Тикөзек, Көкөзек, Киндикөзек х.т.б. деп атаған. Бул суўтармакларынан жап хәм салмалар аркалы суў алынып атызлыкларға жетке-рилген. Суў атызға өзи салмалар аркалы ағып барса оны аяктан суўғарыў деп атаған. Халык арасында дийканшылыктын суўал-мадан егиў, басыўдан егиў х.т.б. түрлери кен таралған. Бундай егислер суўдын тасыў жылларында дәрьянын, көлдин жағалаў-ларында иске асырылып отырған. Суў жарамаған бийик жерлерге шығыр курып, салмалар аркалы суў ағызып, егин еккен.

Дийканшылыктын тийкарғы түрлери-гүзлик бийдай, жаз-лыкбийдай, арпа, жүўери, салы, тары, кендир, мәш, гүнжи, каўын, ғарбыз, аскабак, палаў кабак, суў кабак, айғабағар, гешир, пияз х.т.б.лардан ибарат болған. Сонын менен бирге пахта хәм жон-ышка егилип алынған.

Сол жағалыктағы халыклардын турмысында шарўашылык ен әхмийетли тараў болды. Казакларда хәм түркменлерде тий-карғы кәсип болып, олардын күн көрисин шарўашылык тәмийинлеп турды.

Аралас хожалык жүргизген каракалпаклар дийканшылык-ка косымша шарўашылыкты да жүргизди.

Шарўашылык дийканшылыкка үлкен жәрдем тийгизди. Дийканшылыкты жүргизиў ушын жылкы, кара мал күш-көлик болып хызмет аткарды. Барлыктүрдеги маллардын дәрислери атызларға жергиликли төгин ретинде

пайдаланылды.

Шарўашылык айрыкша тениз хәм дәрья жағалаўларында жасаған халыклар ушын оғада әхмийетли болды. Ол жерлерде мәкан баскан каракалпаклар балыкшылык пенен шуғылланды. Ал дийканшылык олар ушын косымша кәсип болды. Олардын тийкарғы күн көрисин шарўашылык өнимлери тәмийинлеп турды. Ўакты-ўакты болып туратуғын суўсызлык жылларында, атап айтканда XIX әсирдин сонғы шерегинде, Шоманай ка-налына суў бармай кеўип калған жыллары ол жерлердеги каракалпаклар тениз ҳәм дәрья бойларына көшип барып конысласты. Олар барған жерлеринде шарўашылык хәм балыкшылык пенен шуғылланып отырды. Солай етип, ол жерлердеги каракалпаклардын сол дәўирдеги хожалығынын баслы тараўы шарўашылык болды.

Ерте заманлардан баслап-ак каракал паклардын шарўа-шылык хожалығынын тийкарын кара маллар кураған. Саўын сыйырлар күн-көрис дәреги болған, ал өгизлер күш-көлик ретинде жумсалған. Солар менен катар аз да болса жылкы, түйе, ешек сакланған. Олар да күш-көлик ретинде пайдала-нылған. Халык арасында майда маллар деп аталатуғын кой-ешкилерди асыраў кен орын алған.

Қаракалпаклардын жасаған жер шәраяты, гөззал тәбияты мал саклаўға оғада колайлы болған. Тениз жағаларындағы, көл бойларындағы, дәрья алапларындағы отлаклы жерлер мал жайлаўлары болып хызмет еткен. Әмиўдәрьянын жағаларын-дағы, онын өзеклеринин бойларындағы, көллердин этирапла-рындағы жасыл отлаклы суў бойлары, камыслыклар кара малларға жайлаў болып, малларды тәбийий от пенен тәмий-инлеген. Сонын менен бирге каракалпаклар корада саклай-туғын маллары ушын от-шөп таярлаған. Олар өз атызларынан өнген бийдай, арпа, тары, салы усаған егинлердин сабанларын жыйнаған. Жүўеринин шингиригин, жонышка беделерин, ғаўышларды, камысларды, боянды х.т.б. от-шөплерди мал оты кылып кыска таярлайтуғын болған. Майда маллар ушын жантак жыйнағанӘййем заманлардан баслап каракалпаклардын экономика-лык аўхалы, турмыс жағдайы, бай-жарлылығы хәр бир хожа-лыктьщ малынын санына карап белгиленген. Ел ишинде мал

байы, дән байы атағын алған байлар болған. Шарўашылык аўыл хожалығынын баслы тараўы болып, саўда байланыс-ларында баслы орынды ийелеген. Мысалы, Шоманай дийкан-шылык алабындағы каракалпаклар Хийўа ханлығынын орай-ындағы жерлерди хәм әтирапларын кара маллар менен тәмийинлеп отырған.

Бул хаккында орыс хәкимшилигинин ўәкиллери Гирш-фельд хәм Галкин: «Шоманай беклиги менен Әмиўдәрья бөлиминин Шымбай участкасынын каракалпаклары пүткил оазис (Хорезм оазиси) базарларын кара мал менен тәмийин-леўшилер болған»[12]—деп жазған.

Хийўа ханлығындағы каракалпаклар дийканшылык хәм шарўашылык пенен шуғыллана отырып, балыкшылык хожа-лығын да жаксы жүргизген.

Хатыклар турмысында батыкшылык салмаклы орын тутты. қарақалпақлардын ишинде балыкшылыкка бейим кәўим-уруўлар болған. Айрыкша Конырат арысынын балғалы, аша-майлы, кыят х.т.б. уруўларынын хатыклары балыкшылыкты тийкарғы кәсип еткен. Олар ушын балыкшылык азык-аўкат хәм табыс табыўдын негизги дәреги болып есапланған. Балык аўлаған балыкшылар күнделикли аўкатынан аўыскан балыкларын жыйнап койды, оларды дийканшылык өнимлс-рине алмастырды хәм оннан аўысканын сатты. Дәрья жағалаў-ларындағы дийканшылык пенен шуғылланыўшы аўыллардыц халыклары да балык аўлаған. Бирак, олар балык аўлаўды кәсип етпеген, тек колы бос ўакытлары аўлайтуғын болған.

Шеп жағалыктағы кара кал паклардын балык аўлаў әсбап-лары әпиўайы, атам заманнан киятырған куралар еди. Сол себепли олар батыкты тек сайыз көллерде хәм дәрьянын таскын ўакытларында дөреген өзеклерде ғана аўлап отырған. Ал, балык тениз ишине, теренге кеткен ўакытларында балыкшылыкты ўакытша токтатып баска жумыслар менен шуғылланған.

қарақалпақлардағы кен таралған балык аўлаў куралары шанышкы, аў, нәрете болған. Арасында кармак пенен де услаған, каза салған, кыстын күилери үки ойып, балык аўлаған. Балыкты аў менен ямаса нәрете менен аўлаған

[12] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 26 бет

ўакытларында батыкшылар кайыклардан пайдаланған. Бундай кайыкларды «аў кайыклары» ямаса «нәрете кайык» деп атаған. Қыстын күнлери муз үстинде жүрип балыкаўлаўтәсилин жаксы билген каракалпаклар кайык-кемелерди шананын үстине орнаткан. Бундай кайыкларды олар «шана-кеме» деп атаған. Бундай шанашрға ат, өгиз жегилетуғын болған. Шанаға жегилген күш-көликтин түри «ат шана», «өгиз шана» деп аталатуғын болған. Мәўсимге карай балык аўлаў кураллары соғылған. Бәхәр келиўи менен балыктын уўылдырык шашыў ўакты да келеди. Бул дәўирдеги балыкларды «Ойын батык»-деп атаған хәм балык ойыны ўактында балыкты аўлаў колайлы болған. Сонын ушын аўыллардағы хаял-кызлардан баска хәмме адамлар бул пайытта балык аўлаўға шыккан. Усы мәўсимде балыкты оғада көп услаўға имканият пайда болған. Сонлык-танда балыкшылар көп услаған балыкларынын аўысканын какпаш етип таярлаған. Кдкпашларды кыскы мәўсимде аўкат етиў ушын саклаған. Ҳаял-кызлар балыклардын басынан майын алып «батык майын» таярлаған.

Май айынын екинши ярымынан баслап балык аўлаўдын екинши мәўсими басланған. Бул мәўсимди балыкшылар «көгермей» деп атаған.

Себеби, уўылдырык шашып шаршаған балыклар камыстын арасында көгерип жататуғын болған. Усы пайытта балыкшылар камыстын арасы менен сылт етпей жасырынып келип балыкларды шанышкы менен шаншып аўлаған. Бәхәрде хәм жазда балыкты түнде аўлаў усылы да кен таралған. Балыкшылар кеменин үстине шам жағып, балыклардын көзин камас-тырған хәм кеменин үстинде турып, көзи камаскан батык-ларды шанышкы менен шаншып алған. 1873-жылы Әмиў-дәрьянын төменцнде изертлеў жумысын жүргизген орыс хәкимшилик хызметкери А.В. Каульбарс каракалпаклардын түнде балы к услаў усылы хаккында жазған[13].

Солай етип, каракал паклардын экономикалык турмысында батыкшылык хожалыктын баска тараўларынан кем эхмийет-ке ийе болмады.

Сонын ушын да каракалпак хаткы «үш ай саўыным, үш ай каўыным, үш ай кабағым, үш ай шабағым, бир хәмеллеп күн көрермиз», деп айтатуғын

---

[13] Каульбарс.И.В. Низовья Амударьи Описание по собственным исследованиям в 1873 г стр 569

болған. XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басында Хийўа ханлығы курамындағы каракалпаклардын экономикалык турмысында саўда белгили орын тутты. Қаракалпаклар өзлери өндирип шығарған затлары менен саўда исин оғада жаксы раўаж-ландыра алған. Саўдаға тийкарынан аўыл хожалығы өндири-синин өнимлери шығарылып отырған. Саўдаға жүн, тери хәм бир катар кол өнеринин затлары шығарылатуғын болған. Усы жыллары Хожели, Қоныарат калаларында өнерментшилик күшли раўажланған. Бул дәўирде майда саўдагерлер жерги-ликли саўда менен шуғылланды. Сонын менен бир катарда каракал паклардын. арасынан көтере саўда менен шуғылла-ныўшы ири саўдагерлер өсип жетилискен. Олар жонышка тукым, кептирилген мийўе өнимлери, жүн, балык пенен көтере саўда ислеген. Балыксатып саўда ислеўшилер Конырат, Кдзаш, Оренбург жерлеринде балык саткан. Саўдагерлер Әмиўдәрья аркалы Чаржаўға шекем балык алып барған хәм темир жол аркалы Россиянын орайлык районларына балык өнимлерин апарып саткан[14]. Хийўа ханлығынан шыккан каракалпак саўдагерлери Россиянын орайлык районларындағы базарлар-дан бояў, кант, шай, токымашылыкзатларын ҳ.т.б. Хийўа хан-лығы базарларында өтимли болған затларды алып келген. Усы бағдарда саўда кызып, адамлардын мүтәжлери питкен. Сол жағалыктағы каракал паклардын саўда орайлары Конырат, Гөне Үргениш, Шоманай беклигиндеги Жана кала болған. Бул калаларда хәптесине еки мәрте базар болып әтираптағы халык келип турған. Жума базары узын базар деп аталған. Базар кара кал паклардын жәмийетлик турмысында оғада әхмийетли болды. Базар күнлери усы үлкенин алыс-алыс аймакларын-дағы ағайинлер, тамыр-таныслар бир-бири менен базарда ушырасып апак-шапак болар еди. Аўыллардағы жаналыкларды, күнделикли турмыстағы өзгерислерди еситип олар өз-ара пикирлескен. Сонын менен бирге базарлар аркалы каракал-паклар ханлыктағы баска халыклар менен экономикалык кат-насыкларды орнаткан.

1873-жылға шекем саўда көпшилик жағдайларда алмаслаў аркалы иске асырылған. Бул саўда катнасы ерте заманлардан каракал паклардын турмысынан

[14] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 192 бет

кен орын алған еди. Мысалы, мацы ғəллеге алмастырған. Саўын маплардын сүтинен өнген өнимлерге-торак, сары май, куртх.т. баскаларға миййе өнимлерин, каўын-ғарбызларды х.т.б. затларды алмастырып, саўда ислеп отырған. Россиянын Хийўа ханлығын жаўлап алғаннан кейин ел ишинде акша катнасы кен ен жайды.

Хийўа ханлығы аймағынын базарлары россиялык базарлар менен катнасыккатүсти. Əлбетте, бул патшалыктын колония-лык сиясатынын тəсири еди.

Хийўа ханлығында өз акшасы ҳəрекет етип турды. Олар гүмис тенге, гүмис тилла, пухта тилла (аттын) пул деп аталды. Гүмис тенге сол дəуирлердеги орыстын 20 тийинына барабар болған[115]. Саўда айналысында жүрген гүмис тилла (киши тилла деп те аталған) орыслардын бир сом 80 тийинына барабар болған, ямаса 9 тенге менен тен болған. Ал, пухта тилла 18 тенгеге барабар болған. Биракол сийрек гезлесетуғын еди. Акшаларды усаклаў ушын пул хызмет еткен. Бир тенге 32 пулдан ибарат болып[216], акшаларды майдалаў ушын хəм ашс-беристи тəмийинлеў ушын зəрүр болған. Сол жағатыктағы каракалпаклар хəм баска да хашклар Россия капитализминин тəсирине өтти. Бул үлке Россия ушын шийки зат базасы болды. Пахташылыкты, жонышкашылыкты раўажландырыў орыс капиталистлеринин мəплерине сэйкес келди. Усы максетке тийкарланып XIX эсирдин екинши ярымында Закаспий темир жолы салыиды. Бул темир жол Арат тенизиндеги суў жолы, Əмиўдəрья суу жолы, Ташкент, Оренбург жоллары Каракал пакстаннын ишки районларын Россиянын орайлык санаат районлары менен байланыстырды. Солай етип, Россиянын мəпин гөзлеген колониаплык сиясат үлкеде толык үстемлик сүрд

[15] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 199 бет
[16] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 199 бет

**1.3. Шеп жағалы халықлардың миллий-азатлық хәрекети . 1916 жылғы қозғалан**

1916-жылы өмир сүрип турған ак патшаға хәм ханлыкларға карсы мийнеткеш халыклардын Өзбекстанда, Түркменстан, Кырғызстан ҳәм Қазакстанда да азатлык хәрекетлери болды[17]. Көтерилис максети, олардын бәринде де өмир сүрип турған ак патшаға хәм ханлыкларға ашыктан.ашык карсылыкка шығыўы еди. Сондай-ак олардын жергиликли ўәкиллер менен ири хожалык ийелерине, жер-суў тоғайлык пенен көлликлерди пайдаланыўдағы сиясий ҳукыктағы тенсизликлерге карсы халык көтерилиси еди. Демек, бул көтерилиске козғаўшы күш сырттан келмеген, ямаса орайласкан бир сиясий шөлкемнин искерлигинин, үгит-нәсиятынын нәтийжеси емес, бул көтери-лиске турмыс аўырманлығына шыдамаған мийнеткеш халыктын өзи шыкты. Солардын бири 1916-жылғы Хожели кала-сындағы көтерилис еди. Хожели каласы хәм әтирапындағы каракалпак, өзбек, казак, түркмен халыкларынын барлык катламлары дерлик бул көтерилиске катнаскан. Олардын арасында дийканлар, санаатта ислеўшилер, өнерментлер, айырым байлар хәм ийшанлар болған.

Көтерилисшилердин максети Хийўа ханы Асфандиярды тахттан түсириў, онын орнына халыкты аўыр салыктан, жерсизликтен куткарып, халықтын ар-намысын корғайтуғын хан сайлаў еди. Бирак бул максетке жетиў ушын олардын дурыс ис бағдары, халык ҳәрекетин орайластырыўшы сиясий шөлкеми, басшысы болмады.

Бул көтерилистин келип шығыўынын тағы бир себеби Асфандияр хан «карахаптал», бел аўырыўға тап болған. Бир тәўип оған ем ретинде, ханлык караўындағы халыклардын етеги ашылмаған 40 кыз бенен жынıслык катнаста болыўды усынған. Усыған муўапық хан өзинин исенимли хызмет-керлерине ҳәр күни хан сарайына бир кыз алып келиўди буйырған. Ханнын кыз салығын жыйнаўшыларына ел басшылары наразылык көрсеткен. Халық ханнын пукарасы, хан пукарасынын кызы ханнын кызы емеспе, бул

[17] Тореев.А XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Каракалпак улкесинде димйханлар харекети 1991 113-138 бб

адамгерши-ликке жат, хеш кызға кепиллик бере алмаймыз х.т.б. дәлийллер менен кыз салығынан бас тарткан. Деген менен ханнын буйрығына муўапык кыз салығы өндириле баслаған.

1916-жылы январьдын дәслепки күнлеринде хан ҳәремине еки қыз жеткерилди: биреўи Хожели каласында турыўшы кассап Досният Юсупов деген қарақалпактын 15 жасар Енежан атлы қызы, екиншиси Манғыт каласында жасаўшы өнермент темирши-Жаббар темирши Палўанов деген өзбек-тин 14 жасар Айман атлы кызы еди. Бир неше күннен кейин бул еки кыздын денеси ата-аналарына жасырын түрде тапсы-рылды. Олардын екеўи де ханнын айтканына көнбей қарсы-лык көрсеткени ушын ханнын хәреминде өлтирилген еди[18].

Ханнын хызметкерлери екинши рет Хожелиден 20 кыз алып кетиўге келмекши болған. Сонлыктан кызлары бар көплеген ата-аналар өз кызларын усындай шермендешилик-тен куткарыўға хәрекет ете баслайды хәм ханнын кыз жый-наўшы адамлары келместен бир күн бурын түнде еркек кийимин кийген кызларды Әмиўдәрьянын он тәрепине— Нөкиске орыслардын кәўендерлигине жөнетеди. Дәрьядан өтерде кызларды еки кемеге бөлип, бир кемеге 16 кыз, ал екинши кемеге 4 кызды мингизеди. Әдеп 16 кыз мингизилген кеме жиберилип, ол Әмиўдәрьянын катты толкынында аўдарылып, кызлар суўға кетеди, ал екинши кеме орыслар турған жағадағы адамлар тәрепинен куткарылып калынады. Келеси күни азанда усы апатлы хәдийсеге байланыслы хоже-лишилер аза тутады, ал ханнын кыз жыйнаўшылары келген ўакытта оларға тас, таяк ылактырып, көтерилис жасайды[19]. Усы-лайынша Хожелиден хәм тағы баска жерлерден хан хәремине кыз алып кетиўи көтерилистин басланыўына сылтаў болды. Ханнын хәмири деп, жас кызларды консы отырған яўмыт баспашылары да алып кеткен.

1916-жылы 8-январьда Хожели каласынын хэм онын этирапындағы

[18] Напесов.Т. 1920-1924 жыллары Хорезм халык совет революциясында Каракалпакстан мийнеткешлеринин роли. 44-45 бб

[19] Напесов.Т. 1920-1924 жыллары Хорезм халык совет революциясында Каракалпакстан мийнеткешлеринин роли. 45 бб

халыклардан бир топар адамлар Хожели каласынын ески базарына жакын Сүўенли арнасындағы Кызыл көпирдин күн батар кубласында жайласкан Хожели каласынын хәкими Әўезжан бийдин хәўлисине келеди.

Бирак, Әўезжан бий хэм каланын басшы-кэткуда, ийшан-лары Юсип ийшан әўлийесине жакын жайласкан бир үйде Юсиптин жыл садакасына кеткенин аныклап, көтерилис-шилер тобын бузбастан сол үйге карай жүрген. Тез арада ий-шан-уламалар отырған жайдын касына келип топланған, коз-ғаланшылардын: «Халыктан өзлерин шеттутыўшы, тек ишип жеў менен шуғылланыўшы тамаксаў, хәмелдарлар менен ийшанлар, уламалардын неге кереги бар»?-деген шаўкымлар еситилди.

Көтерилисшилер хәмелдарлардын Хийўа ханы, онын хыз-меткерлеринин, яўмыт баспашыларынын пукаралардын на-мысына тийиў хәрекетлерин шеклеўди талап етти.

Хожели беги Әўезжан бий көтерилисшилердин шағым арзаларын Хийўа ханы Асфандиярға жеткериў, талапларынын орынланыўына ерисиў шәрти менен ғана көтерилисшилерди үйлерине таркатты. Усы ўәдесине муўапык Хожели беги Әўезжан 1916- 14-январьда 300-500 көтерилисшилер менен бирге Хийўаға карай жүриўге мәжбүр болды. Оларға жолшыбай Кыпшак, Манғыт, Порсы, Ташкыншак хэм тағы баска орынлардын көтерилисшилери косылып, олардын саны 2000-3000 адамға жетти[20]. Бирак, көтерилисшилер Хийўаға жетпестен бурын, булардын ишинен бир саткын бөлинип, олардан бурын Асфандияр ханға барып: «Хожелиши Әўезжан бек, бир неше мын адамнан ибарат көтерилисшилерди жыйнап, сизди өлтирип, тахтынызды ийелемекши» деп хабар жеткерген.

Әўезжан бектин халыктын шағы.м арзаларын ханға жетке-риўге киятырғанын жактырмаған хан орыс армиясынын күши менен 19-январьда көтерилисшилерден 7 адамды ка-макка алды, калғанларын таркасыўға мәжбүрледи. Әўезжан бек те Хожелиге кайтты. Бирак бул хәрекетти үзил-кесил токтата алмады. 1916-жылдын апрель айында орыс патшасы жазалаў

[20] Тореев.А Каракалпакстанда 1916 жылгы халык котерилиси ,26 бет

бөлиминин баслығы генерал А.С.Галкин көте-рилистин басшылары ретинде он бир адамды дарға асыў туўралы жуўмакка келди хәм Суўенли арнасындағы Кызылкөпирдин кубла батысындағы майданшада, ески дийкан базарына жақын жерде хәзирги пахта заводы кәрханасынын арка шығыс мүйешинен сырттағы майданшада дарға асты. Олардын арасында Хожели каласынын беги Әўезжан, онын иниси Махмуд, Исамаддийин ийшан және баскалар болды. Бул аўыр жағдайда халық көтерилиси шыкпаў ушын А.С.Галкин Хожели каласында «айрыкша жағдай» жариялады.

Гейпара жасы үлкен катыкулак адамлардын айтыўына карағанда, Хожелиде он бир адам дарға асылғанда, Асфандияр хан, өзин кала халкына таныптпаў ушын орыс әскерлеринин кийиминде келип отырған.

Әўезжан бек дарға асылар ўакытта Асфандияр ханды танып, жыйылған аз адамларға, онын орыс әскерлеринин арасында отырғанын айткан.

Халык елеге шекем халықтын ар-намысын корғаўшы Әўезжан бектин х.т.б. нахактан дарға асылыўында Асфандияр. хан айыпкер деп есаплайды. Хожели каласынын халкы жүз мын сом жәриййма төлеўи менен бул көтерилис женилис пенен тамамланды. Халык басына аўыр кайғы түсти. Халык бахты ушын курбан болғанлар хаккындағы халык кайғысы елеге шекем аўыз еки халык дөретпелеринин «жоклаў» жырында сакланбакта. Солардын биринде:

Әўезжан, Махмуджан халыктын гүли, Молла Қудайберген исенген
беги, Он бири кеткели сыныпты гүли, Хожели шаҳринин шайда
бүлбили, Беглер дар астында кетти, найлеймиз[21],

Бул жоклаўда Әўезжан бек хәм баска дарға асылған адамлардын өз заманындағы әдил басшы, саўатлы адамлар екени көрсетилген.

Бул көтерилиске кандай да катнасы бар деп есапланған айырым адамлар Сибирге сүргинге жиберилген. Солардын бири, Кутлыхожанын (Кдракумдағы ийшаннын) аклығы, Сражатдин ийшаннын баласы Идирис ийшан (1846-1926) болды.

[21] Есбергенов.Х.Е. Дала жазыулары 1996 №1,4,6,7

Есенов Әжинияздын мағлыўматлары бойынша, Асфандияр ханнын зулымлығынан куткарыўға жәрдем сорап, ислам дининин орайларынын бири Куфа каласына (Сирия) кара-калпакстанлы айырым ийшанлар хат жазған. Ол жерден Асфандияр ханға: «Егер хаттағы айтылған сөзлер дурыс болса, сизди жок етемиз»,—деп хат келген. Асфандияр хан бул хатта Идирис ийшаннын мөрин көрип, оны куўдалаўға кирискен.

Идирис ийшан Россия курамында болғанлыктан, Асфандияр хан Әмиўдәрья бөлиминин баслығына: Идирис ийшан-ды сүргинге жибериў керек, себеби ол халыкты Россияға карсы бағдарламакта, баска динлерге урыс жарияламакта»—деген.

Идирис ийшан 1916-жылғы қарақалпақстандағы патша-лыкка карсы көтерилисти шөлкемлестириўшилердин бири, сонлыктан оны жазалаўға жәрдем бериўди хабарлайды[22]. Усы жыллары Россия патшасы жергиликли ўәкиллерине медресе, ийшан-уламалардын ислерин баклаўды, 'олардын халыкка тәсирин пәсейтиўди тапсырып койған еди.

1916-жылы халык котерилиси женилис пенен питип, онын катнасыушыларынан бираз адамлар дарға асылып, Сибирге жиберилсе де, бул көтерилистин әхмийети онын халык азатлығы ушын болғанлығында, халык ар-намысын корғап, турмыс абаданлығы ушын гүрескенлигинде.

[22] Есбергенов.Х.Е. Дала жазыулары 1957 №22

## II- бап. Шеп жағалы қарақалпақлардың XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында неке шаңарақ қурыўы маселеси ҳәм диний көз карaслары.

### 2.1 Қарақалпақларын турмысында неке шаңарақ қурыўы маселеси

Патша Россиясынын колониаллык сиясатына карамастан, каракалпаклар миллий турмыс хәм мәдениятын саклап кала алды. қарақалпақлардын конысларры жер хәм суў шараятына карай кәлиплести. Усыған байланыслы олардын турак жай-лары да хәр түрли: тураклы жай, ярым көширмели отаў болып бөлинген. Дийканшылыктураклы турмыс кешириўди, тураклы жайды талап еткен, мал шарўашылығы кыслаў ҳәм жазлаўда өткен. Жазлаўда кара үйде жасаған, сондай-ак жайлардын касында да үй-жайда үйлер тигилген. Сонлыктан да каракал-пакларда көширмели кара үйлердин көплиги олардын көш-пелилигин ямаса ярым көшпелилигин анлатпайды, ол тек жыл мәўсиминдеги турак жай, ол мәўсим питкен сон кыслаўға алынып, тураклы турмыс кеширген. Усылайынша каракалпак коныслыклары кыслаў, жазлаў болып екиге бөлинген. Олар көбинше көллик, арна, дәрья, тениз жағаларын жағалап, көллерге жакын, дәрья бойларында орналаскан. Ҳәр бир коныслыклар белгили бир уруў ағзалары, олардын тийрелери болып орна-ласып, коныслыклары сол уруў ямаса уруў басшыларынын, жер, көл атамалары менен де аталған. Коныслыклар озлеринин орналаскан орынларына, турғынларынын көпли азлығына, хожалығынын түрлерине байланыслы бир бирине уксаслы өзгешеликлерге ийе болған.

қарақалпақ коныслыкларынын сырткы көриниси консы халыклардын коныслыкларынан тамнын алдында үй жайға тигилген отаўы, жазлаўда катара тигилген кара үйлер, олардын капталында катарласкан арба, кеме, ертлеўли атлардын бай-лаўлы турыўлары менен көзге түскен[1]орынға көшсе де, барлык каракалпаклар хәзирги жасап атырған жеринен алыслап хеш жакка кетпеген. Мәселен, К.онырат каласынан батыстағы Хәким ата, Якупбайкала, Жаменей, Жанакалалардан халык ол жерлерди суў атыўшы-лыктан XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басында Соркөлге (Конырат—Мойнак аралығына) кайта көшкен. Кдракалпаклардын турақ жайлары хәўли, там, какыра, шөпкер, кара үй болып, олар ушын саз топырак, ак терек, жәнеўит, ақтал, камыс, торанғыл қолланылған.

Етекли ел, қоныслық ортасында мешит-медреселер орна-ласқан, караз, жуўаз,

кудыклар, мереке өткеретуғын даланлык ауылдан шетте болған.

Қарақалпақотаўы, халқымыздынескиден киятырған турак жайларынын бири. Ол халыктарийхын, онын мәдениятынын тарийхын изертлеў ушын пайдалы дереклердин бири. Сондай-ак отаў аркалы жаслар мийнет тәрбиясына әдеп-икрамлыкка, тазалыкка, ғамхорлыккатәрбияланған. Отаўда бизди коршаған әлем көринислери сәўлеленген.

**XIX—**XX әсир басларында турак жайлар от, тас шыра менен жактыланып, оларға өсимлик майларын пайдаланған. Россия курамындағы дәўирде темир печлер көбейген, морылы шыра-лар, керосин лампалар пайдаланылған. Қаракалпаклардын көшип-коныўындағы, жүк тасыўындағы, әтираптағы еллер менен саўда-сатлыктағы карым-катнасларындағы күш калиги: арба (телеген арба, тат арба), айдарлы кеме, сал, шана, ат болған. Сейил күнлери жигитлер ат арбада, атларда кызларды кыдырткан[23].

қарақалпақпарда неке уруў ишинен емес, баска уруўдан (экзогамия) болған. Бирак некелесиў шегарасы өзгермели болған. Мәселен, **XIX** әсирдин орталарында конырат-шүллик бөлиминин кыят уруўлары өз ара кыз алыспаған, ал хәзир кыят уруўлары өз-ара некелеседи, демек кыят-тын кишкене уруўлары, тараклы менен үш тамғалы некелеседи, тек үш тамғалы үш тамғалыдан кыз алыспайды, неше атаға келседе, буларға некелесиў өз-ара кадаған.

Некелесиў бурынлары аклай куда (туўылмаған баланын ата-анасы өз ара ўәделеседи), жаслай куда (айттырып алыў, басын шатыў), жигит ағасы өлсе женгесинин кәйниси ямаса кайнағасы менен басын шатыў аркалы болған. Жекке сийрек кыздын келисими менен, гейде келисимисиз кыз алып кашыў болған, бирак буны халық кәлемеген.

Некенин барлык түринде кашан жигит тәрепи кыз үйине барып келисип, пәтия окып, калын малын төлеп, «куда болдык» деп еки жак нан сындырысып, жегенинен кейин халык тәрепинен макулланған. Қызды көп адамлар айттырып келген, бирак мәселенин шешилиўи кыздын келисиминде болған. Егер ол келисим бермесе, биймәлел хәр түрли себеп таўып, жаўшыларды кайтарған.

---

[23] Кунходжа Ибраим улы Косыклар 65 бет

Егер некеге келисилсе, «калын мал» берилген. Қалын малдын максети косылған еки жас өз мийнетлери менен табыс тапканша күнелткендей үй-жайы, дәскелери, кийим-кеншек, көрпе-төсек пенен тәмийинлеў ушын кыз жигит тәрепи күш бириктирген. Сонын ушын узатылған кыз көрпе-төсек, арша, казан-табак, өзине, жигитке, онын ата-анасына, ағайинлерине илеўге кийим-кеншеклерди калын мал есабынан ислеген. Отаўға зәрүрли баў-шуўтокыған. Ал жигит тәрепи отаўдын бас сүйегин таярлаған.

Узатылған кыз келместен бурын ол отаў тигилип, келиншек соған киргизилген[24]. Шанарактын киши шанарак (ата-анасы, балалары), үлкен шанарак (ата-анасы хәм олардын бир неше үйленген балалары, аклыклары менен бирге жасаў) деген түрлери болған. Шанарак жумысы шанарак басшысынын басшылығында шешилген. Шанарак ағзаларына мийнет түрлери бөлистирилген. Ер адамлар дийканшылык, мал шарўашылык, балыкшылык, усташылык пенен шуғылланған. Кийим тигиў, аўкат писириў, от жағыў, кир жуўыў, токыма-шылык, кестешилик ҳәм т.б. ислери хаял-кызлардын иси болған. Шанаракта бир неше келин болса, енеси үлкен келинге жумыс түрлерин айтады, бул ене келин деп аталып, үй ишиндеги барлык жумысты, өз үйиндеги хәм ағайинлеринин кызларынын әдеп-икрамлы, өнерли болып тәрбияланыўына жуўапкерли болған. Бул дәстүр, каракалпак халкынын кәлиплесиўине катнаскан, 1Х-Х1Н әсирлерде түслик Арал жағаларында жасаған оғуз кәўимлеринде де сондай болған[25].

Үйди тигиў, жыйнаў, кийим-кеншеклерди, тағамларды таярлаў, саклаў, үлестириў хаяллардын бийлигинде болғанМерекелерде көпшиликти күтиў, дәстурхан бийлиги де соларда болған.

Еки жастын өмирлик косылыўы неке кыйыў ямаса неке-лесиў деп аталған. Онда гуўалар катнаскан. Молла гүмис тийин салынған неке суўы бар зереннин бир шетинен күйеўге, бир шетинен кызға бир уртлаткдн, калған суўды тойға катнасыўшы кыз хәм жигитлерге үлестирген. Неке суўды некелесиўшилер

---

[24] Есьергенов.Х. Атамуратов.Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков.ННокис 79-80 бб

[25] Агаджанов С.Г. Огузские племена IX-XIII вв Страны и народы М. 1971.-179-193 бб

менен бирге көпшиликтин бирге ишиўи берилген ўәденин бузылмаўына ант ишкени болған.

Кийим-кеншеклер дүньядағы барлык халыклар ушын дер-лик олардын миллий белгилериниц бири. Кийимнин пиши-лиўинде, нағысында халыктын әййемги естеликлери сакланып, бул белгилер ол халыктын ата-тегин изертлеўде гейде әхмийет-ли дерек болыпта есапланады.

Кийимлерде халыктын жасап атырған географиялык жай-' ласыўы, жер шараяты, хожалыкөзгешелиги, шанарактурмысы сәўлеленген. Кийимде халыктын социаллык-экономикалык жағдайы менен өнер-кәсиплери, әсиресе бас кийимде адам-лардын жасы, жынысы, шанаракта, жәмийеттеги социаллык жағдайы (үйленгени, турмыска шыкканы, шыкпағаны), әдеп икрамлылык белгилери сәўлеленген. Бундай белгилер ка-ракалпаклардын миллий кийимлеринде сакланған. Сондай-ак каракалпак кийимлеринде олардын консылас халыклар менен болған карым-катнаслардын тәсири де сәўлеленген.

Х1Х-ХХ әсир басында да каракалпаклар кийим ушын пахта, жүн, жипек, торка сабакларынан токылған гезлемеден, кой-жанлык, жылкы терилеринен исленген кийимлер кийген[26]. Гезлемелерди жергиликли өсимликлерден кайнатып алынған бояўларға, ямаса консы халыклардан саўдагерлер әкелген бояўларды сатып алып бояған. Оларға море басып, сон пишип, кийимлер тиккен. Кызлар менен келиншеклердин кийимлеринде кызыл ренлер басым, ал жасы кайткан ҳаяллардын кийимлеринде ак ренлер басым келген.

Жағдайым келеди деп, жасы кайткан ҳаяллар ак жегде-нин (бозден исленген) орнына жипек жегде (кызыл жегде) жамылса, бетинин кызылы кетседе, жипек жегде жамылып жүрипти деп халык оларды айыпсынған[27].

Ер жеткен кызлар түймели, өнирше таккан, оны келиншек-
лер такпаған[28].

Адамлардын социаллык жағдайын, жынысын, жасын, диний исенимлерин

---

[26] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 102-111 б
[27] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 80-86 б
[28] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 97 б

анлататуғын белгилер каракалпаклардыц баска кийимлеринде де болған.

Ер адамлардын кийимлеринде адамлардын социаллык жағдайы да, кэсиплери де анлатылған. Тайшакы—-тайдын терисинен, жүнин сыртка каратылып тигилген тон. Буны падашылар кийген, шөпке тырналсада, гезлемедей жыртылмайды, жамғырды адам денесине откермейди. Сондай-ак тайшакы казакларда, башкуртларда, алтайлыларда, калмаклар-да болған. Булардыц бэринин де хожалығында мал шарўашы-лығы басым болған. Сонлыктан оларда кийимнин тайшакы түри сакланған. Жарлылардын балалары кыста кылка кийген. Бул ешки терисинен, жүни ишке каратылып тигилген тон. Онын узынлығы дизеге шекем болған.

Тайшакы, кылка кийген падашылар, жылкышылар ерте заманларда аякларына кара малдын бас терисинен шарып, басына жумыры кийген.

Бул кийимлер хаккында дәреклер дәстанларда көбирек сакланған. Ерлер ушын кой терисинен жүнин ишке каратып постын тигилген. Тери сары бояўға боялып, енселикке дуўа-шык тигилген.

Кийим ушын гезлемелер өрмекте, козакта токылған, Каракал па кета н Россия курамында болған дәуирде фабрикада токылған гезлемелер көбейген. Биракбулар курғын хожалык-ларда болып, кец халык өрмекте токылған бозден кийинген. Заводларда исленген полат ийнелер, фабрикада ийирилген түрли сабаклар кобейди. Кийим тигетуғын хәр түрли маши-налар, оларға зәрүрли ҳәм түрли сабаклар Россиядан хәм Россия аркалы Германиядан әкелинген. Булар менен койлек, диз кийимлер тигилип, шапанлар сырылған.

Ерлердин үстинги кийими постын, шапан, шекпен, беш-пент еди. Бул кийимлер колдан токылған бөз, жипек, ярым жипек сабакларынан токылған гезлемелерден тигилген. Мәселен, шапан көпшилик жағдайда түйе жүнинен токылған гезлемеден тигилген. Шапан, шекпен, бешпентлердин сыр-тынан гезлемеден исленген белбеў буўған. Жолаўшылар, ан-шылар белине мал терисинен исленген кайыс буўып, оған бир неше кын кыстырып, буларда хәр түрли пышаклар алып жүрген. Жигитлер белбеўлерине шай калталарын кыстырып жүрген. Шапанлар тигилетуғын гезлемелер гейде ерлер хэм хаял-

кызлар ушын б и рдей болып, пишимде уксас болған

Ерлердин шапаны хаял-кызлардын шапанынан жағанын кө-кирегиндеги дүнлик пенен ажыратылған. Ер адамлар аяғына шеримнен, былғарыдан тигилген етик кийген. Етиктин коны-шына дегде кийгизилген. Дегде адамнын дизесин суўыктан, желден корғаған. Онын өкшеси төртели темир, мыс, гүмистен исленип, тумсығына былғарыдан тилинген жинишке шашаклар орнаткан. Бул етик пенен жигитлер кыдырған, мереке-мейлислерге барған.

Ерлер басы на такыя, малакай, кураш (шөгирме), дегелей кийген. Қураш жигитлер ушын кара козы терисинен, ал жасы үлкенлер ушын жүни өскинлеў кара кой терисинен тигилген, такыя бал ал ар ушын жийеги 9 пилте ак пахтадан, терт сайы ак бөзден болып, оларға төрт мүйиз нағысы кызыл сабак пенен токылып, төбесине, еки капталына еки пөпек тағылған. Жигитлер «газма макпал» такыя кийип, онын шекесинде жуды-рыктай пөпеги болған. Ғаррылар нағыссыз ак такыя кийген.

Қаракалпақ кызлары жаслайынан үйдин ишки ислерине, миллий өнерге үйретилген, олар кестеленбеген, нағыссыз кийим киймеген, кызлар зергер соккан хәйкел, өнир моншак ,түйме, билезиксиз жүрмеген. Өрмекте токылған, гилем сыяклы ак баскур жанбаў, есик кас, каршынсыз отаў тикпеген.

Жас кызлар такыя, бир тартым тарткан. Ер жеткен кызлар айдыллы менен түрмени араластырып, хайўан каслап бас ораған, ушын шеп жағынан шығарған. Онын үстинен орайпек жамылған. Жағасы кызыл сабак пенен енли жийекпенип, оннан кейин хәр түрли нағыс салынған жағалы узын көйлеклер кийген. Көйлекке жен уш тигилген.

Ол кара-көкке боялған, бөзден тигилип нағысланған. Көйлек сыртынан женсиз, бешпент онын сыртынан зер шапан, пашшайы шапан, пушкак тон (кийик, түлки, сыйрак тери-леринен) кийип, олардын женлерине, маўытыдан кара-көкке боялған бөзден женсе тигилип, олар нағысланған. Ҳаял-кызлар аякларына сәўир геўиш, бийик өкшели етиклер кийген. Узатылған кызға жигит үйине жакынлағанда женгеси өзи аауып киятырған сәўкелени басына кийгизген.Тойдан бир-еки күннен кейин ол кыздын тулымшағын өримине

косып өрип, ол енди келиншек, оған мурындык енеси кызыл киймешек кийгизген. Сәўкелени кыздын женгеси үйине алып кайтып, келеси узатылатуғын кызға саклаған. Гейде келиншек өзин мал сойып шакырған ен жасы үлкен адамнын үйине сәўке

лесин илиўге апарған. Ол үй келиншекке еншиге мал берген, ол үй сәўкелени узатылатуғын кызына саклаған.

Келиншеклер де кызлардай бас ораған, булардын өзгеше-лиги хайўан кас етип бас ораўдын жокарғы ушын (яр шакы-рар) он жағынан шығарған. Басты ораганнан кейин онын үстинен келиншеклер кызыл жипек жегде, ал жасы үлкен хаяллар бас ораўдын үстинен ак жегде жамылған. Хаял-кызлардын кийимлериндеги көп өнерлиси көк көйлек, сәўкеле, кызыл киймешек, ал олардын безениў затларынан зергерлер соккан жүзик, билезик, әребек, хэйкел, шар түйме, өнир моншак 8 түйме тағылған өнирше болған. Буларда хаял-кызлардын соииаллык жағдайлары, әдеп-икрамы көринген. Каракал-пакларда дәслеп бул затлар безениў затлары емес, кандай да белги болған.

Сәўкеле бөриги төрт сай кийизден бириктирилип, олардын арасы, кара сукно (маўытыдан ушыға), хәр сайдын кызыл ушыға менен капланып бөриктин манлайына хатеп (туйык), онын еки тәрепине силсене (гүмистен исленген, алтын жалаткан жапыракшалар менен илгек түймелер, шынжыр менен дизбек1енген шенбер) тағылған. Бөрик үстинен сәўкеле төбелиги — гүмистен зергер ислеген бас кийим кийилген. Сәўкеленин шекелигине алкымына хәр түрли маржанлар, моншаклар тағылған. Сәўкеле төбелигинин артына, кыздын енсесинен тобығына шекем арнаўлы бөзден токылған, ени 20-25 см 2 халка тағылып, олардын акыры бир неше бармакша-ларға бөлинген. Сәўкеле бухаралы каракалпак1арда да болған. Сәўкеленин ўазыйпасы хаккында илимде еле бир шешим жок. Бир топар илимпазлар сәўкеле узатылған кызларды хәр кандай зыянлы затлардын тәсиринен корғаў десе, бир катар илимпазлар тәрепинен сәўкеле узатылған кыздьщ шашларынын зыянлы тәсиринен баскаларды корғаў деп түсиндириледи.

Сондай-ак, сәўкеле-жаўынгер, хәким, патшалардын бас кийими деген де

түсиндирмелер бар. Бул түсиндирмелердин бәрин бириктирип, сәўкеле кәраматлылыкты көрсететуғын бас кийим десе болады. Себеби жаўынгер урыска түскенде сәўкеле аркалы октан аман калыўды күтсе, патша баскалардан өзгеше күдиретке ийе болып көринсе, шашка сыйыныў (айдар, сакал) х.т.б. излери елеге шекем турмысымызда бар

Сәўкеле гүмистен исленип, маржанлар тағылып исленген-ликтен ол кымбат болған. Сонлыктан ол көбинше байларда болған. Жасы үлкенлердин айтыўынша, сәўкеле Арал тенизин жағалап жасаған коныраt арысында көп болған. Усылайынша каракалпак хаял-кызларынын кийимлеринде, олардын жа-сына, социаллык жағдайына карай өз-ара белгили бир топар-ларға бөлинип, жәмийетте белгили ўазыйпаларды аткарғанын, ол кийимлерде белгили бир түсиниклердин, тәртиптин излерин көремиз. Өниршени кызлартаккан, сәўкелени калын-лык кийген, кызыл киймешекти келиншеклер, ак жегдени жасы үлкен ҳаяллар кийген.

Өнип-өсиў дәўиринде хдяллар кызыл киймешек кийиниўде де ананы сырткы зыянлы күш тәсиринен саклаўдын изи бай-калады. Кызыл киймешек алды, куйрығы, арты болып үшке бөлинеди.

Кызыл киймешек кийген ҳаялдын тек бет алды көринедиде шашы толығы менен жабылады. Онын алды, куйрығы кара ушығаға жипек сабаклар менен хәр түрли хайўанатларды елее-лететуғын кошкар мүйиз, кус канат, кумырска бел, ийттабан, бака х.т.б. нағыслар болған.

Бул көринислер хаяллардын өнип өсиўи белгилери, дерек-лери деген түсиниктер менен байланыслы.

Гүмистен исленген калпаклы сырғаны кызлар, бүршикли сырғаны келиншеклер, собык сырға, шыйыртпак сырғаны жасы кайткан хаяллартаккан. Бундай хаял-кызлардын күнде-ликаи хәм дәстүрлерге байланыслы «сырлы» кийимлери менен безениў затларын «колы гүл» халык шеберлери ислеген. Бул сырларды халкымыз хәр түрли усыллар менен, ески нусканы көрсетиў, түсиндириў, баклаў, устаз — шәкиртлик жоллары менен жасларды ертеден үйреткен. Кийимлер менен безениў затларынын белгили бир дәўирде кийилип,

белгили бир тэбият, хайўанат, өсимлик, дәрья көринислеринде болыўынын еки себеби болған.

Белгили биртопардағы адамлар белгили бир кийим кийиўи, әййемги жәмийеттеги адамлар уруўға, топарға туўысканлығы бойынша емес, жерлеслиги, бир катар жаслас топарларға бөлинген, олардын ўазыйпалары, жас шегаралары кийимнен көринген.

Ол дәўирдеги адамлардын кийимлеринде бизди коршаған әлемнин сәўлелениўи, адамлар өзлерин тәбияттан бөлеклен-бегенин, өзин онынажыралмас бөлеги деп билгенин көрсетеди.

Сонғы дәўирлерде бул көринислер халык шеберлери аркалы кийимлерде, безениў затларында саклансада, олар хаккындағы дәслепки түсиниклер умытылған.

Ески усылда ағаш усталары отаў, оған ергенек, күш-көликтен арба, кеме, шана, аўыл хожалык куралларынан гүнде, мойын-тырык, шығыр ислеген. Турмыска зәрүрли бел, орак, пышак, кетпен ҳәм тағы баска затларды темирши усталар ислеген. Тарийхшылардын 1950-1970-жыллары жыйнаған материал-ларында 12-18 атадан берли темиршилик кәсиби менен шуғылланатуғын темирши усталар хаккында мағлыўматлар гезлеседи[29]. Сондай-ак зергерлер менен шойыншылар ерте заманлардан берли халык турмысы ушын зәрүрли затларды ислеген. Халык шеберлери бул затларды адамлардын буйырт-пасы бойынша ислеп, хакысын затлай өндирген, Россия курамында болған дәўирде акшалай хакьГалған. Ҳәр аўылдағы усталар өз аўылласларына затларды «көгине ислесе де, тегине ислемеген», яғный енди егилип атырған егинге зәрүрли пазна, орак, бел, х.т.б. ислеп, онын хакысын сол егиннин өниминен алған.

Ҳәр кандай затларды таярлаўдағы зәрүрли затларды базар-дан, әтирaптағы еллерден келген кәрўанлардан сатып алған, жергиликли дереклерден өндирген. Мәселен, темир, шойын затлардын көпшилигин кәрўанлардан, Россиядан саўдагерлер әкелип саткан.

[29] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 149 б

## 2.2 Қарақалпақлардың өмиринде диний көз караслардың орны

**Дин.** қарақалпақлар Россия курамындағы дәўиринде де бир неше динлердин, оларға байланыслы ески дәстүрлердин излери сакланған. Динге исениўши каракалпаклар өзлерин мусылманбыз деп, исламды мойынсынатуғынлығын айтады. Кара кал па кета н да исламнын сунна тараўы тараған. Бирак мусылманшылык пенен бирге оған дейинги диний исенимлер халык турмысында көбирек сакланған.

Бул дәўирде каракал пакларда тәуипшилик раўажланған. Сырымбет (Мойнак районы), Бекмурат (Конырат), Кулеке (Шымбай) х.т.б. тәўиплер тамыр услап, аўырыўдын түрин аныклап, кан басымын пәсейтиў ямаса көтериў аркалы, өсимликтен, хайўанат гөшинен, майынан исленген дәрилер менен көплеген адамларды емлеген. Россиядан келген дэслепки врачлардан П.А.Благовещенский 1884-жылы Төрткүл кала-сына әскерий ўазыйпаны аткарыў ушын келген. Онын басшылығында 1887-жылы 15 орынлык емлеўхана ашылады, ол кеткеннен кейин, 1888-жылы И.И.Авдакушин, буннан кейин Габетин, сон Горский, Шумейколар болды. Бирак булар тек Төрткүл каласындағы хәм онын әтирапындағы халыклардан тыскарыда тийисли медициналык жәрдем көрсете алмады. қарақалпақстаннын жер шараятына, хожалык түрлерине байланыслы орналасканы ушын, пытыранкы коныслык-лардағы халыкларды көбинше ески халыклык емлеў усылы менен тәўиплер «емлеген». Олар сыныкшы, порхан, тәўип, шерши х.т.б. болып бөлинген. Тәўиплер тамыр көриў, аўырыў адамнын. өз халын түсиндириўине байланыслы ем буйырған. Аязлаған адамлардын тамырларын жибитип, кан айланысла-рын жаксылаў, исиклерди кайтарыў ушын айырым өсимлик-лердин кайнатылған суўларын (жантак, ғарбыз, анар, жийде) ишкизген, ыссы булаўларға салған, кум, дузға түсирген. Денедеги майда кышымаларды кайнатылған әдираспан, палаты суў-ларына шомылдырған. Аўырған тислерди алып таслаў, гейпара ийисли өсимликлерди аўырыў тислерге тислетиў аркалы емлеген. Сыныкларды салыўшы тәўиплер болған. Көз аўырыўға кабак түйнегин, ғаўаша түйнегин тарткан. Солар менен катар линий исенимлер, дәстүрлерде болған. Айырым аўырыўларды көз тийген деп есаплап,

олардын алдын алыў ушын адамға, малға, турак жайларға дуўа — кошкар мүйизин, бурыш, пыяз кыстырған, олар көз тийиўден саклайды деп ойлаған. Адамда, малда болған аўырыўдын дерегин биреўден гүманланса, ол адамға билдирмей, онын бир кийиминен жыртып алып өртеген, онын түтинин аўырыў адамға, малға ийискеткен. Малда ылан («от жара», «ушпа», «оба», х.т.б.케селликлери) болса, оларды Хожелидеги «Жомарт кассап» дүмпешигинен, Төк каладағы, Омар хожа обасынан х. т. б. соған усаған жерлерден айландырған. Сол аркалы малдағы ыланды кетириўге болады деп ойлаған. Кдлтыратпа, делбе, басы аўырғанларға, динкесиз адамларға кандайда бир зыянлы нәрсенин салкыны түскен деп, оларды порханға караткан, мал айландырған, балык, таўык пенен кактырған х.т.б. Аўырыў адамды от пенен аласлап, дузлы суў менен ушыклап, сук шығарған. Бундай дәстүрлер менен диний исенимлердин каракалпаклар арасында сакланыўы, оларға нағыз исламнын орнамағаны, исламға шекемги дәстүрлер, диний исенимлер ислам сәўлесинде өмир сүргенин көрсе-теди. К,аракалпаклар өзлерин коршаған тәбияттан бөлек меген, өзлерин солардын бири деп билген. Ҳәр бир халык а-теги хәм өзи жасаған жер шараятында өсимликлер менен йўанатларға суў және хаўаға бейимлескен. Шанарактағы, жәмийетлик ислердеги даў-жәнжеллерди турмыслык, саўда, неке, жер-суў мәселелерин шәрият жолы менен емес, әдет бойынша шешкен.

Күнделикли тиришиликке хәм дәстүр, байрамларға байланыслы миллий тағамлар да халык тарийхынан бүгинги тур-мысына байланыслы әхмийетли орын алады.

**Тағамлар** адамларды тек куўатландырыўшы зат ғана емес, ол адамлар арасындағы хәр қыйлы (неке х.т.б.) байланысты беккемлестириўши жарастырыўшы күш. қарақалпақларда бир рет дуз таткан жерге кырк күн сәлем деп, ас кәдирин жокары бахалаған. Ғарғыстын аўыры зейнине тийген адамға «сени дузыма тапсырдым» дегени болған.

Сонын менен бирге тағамлар каракалпак халкынын, онын миллий мәдениятынын кәлиплесиў жолларын, баскышларын аныклаўға жәрдемлеседи.

Сондай-ак миллий тағамларда консы халыклар менен карым-катнастийкарындағы, мәдений уксас-лық, өзгешеликлери жер шараяты менен хожалыкбирлигинин тийкарындағы, ата-теклеринин бирлигиндеги уксаслыклар көринеди. Қаракалпаклардын тағамлары мал-шарўашылык, палыз егинлери, дийканшылык, балыкшылык өнимлеринен болғанлығы халык аўыз еки дөретпелеринде сәўлеленген:

Үш ай саўыным, Үш ай каўыным, Үш ай кабағым, Үш ай
шабағым.

Бул тағамлардын хәр бири жылдын белгили мәўсиминде колланыў менен бирге хожалыктын жағдайына байланыслы бир түрдеги тағамлар жылдын көпшилик мәўсиминде кол-ланылған[30]. Тағамлардын түрлери оғада көп болған ҳәм оларды мазалы етип таярлаў ҳаял-кызлардын укыбына хәм шебер-лигине тиккелей байланыслы болған.

**Заўқы-сапа.** Қаракалпаклар Россия курамындағы дәўирде өзлеринин миллий спорт, ойын-тамаша түрлерин колланған. Жуўырыў, тас көтериў, аркан тартысыў, дилўарлыкжарыслары менен гүрес, жорға сүриў, бәйгиге ат жибериў, эткөншек, баксы-жыраў тынлаў, саз-сәўбет өткериў, сейил, гештек, зыяпатлар,

отырыспа менен катар аға бий ойынлары өткерилген. Б^
«заўкы-сапалар» тийкарынан үйленбеген бир катар жаслар топары тәрепинен өткерилген. Ҳәр топарга 15-25 ке шек жас жигитлер, аға бий ойынынан баскасына кызлар Дакатнаскан.

Өткериў ўакты гүзги аўыл хожалык өнимлерин жыйнап ал-ғаннан баслап келеси жылдын егиси басланғанша даўам еткен.

Колониаллык дәўирде ислам динин пәсейтиўге, миллий дәстүрлерди саклаўға канша иркиниш жасаса да, халык миллий дәстүрлери менен байрамларын саклады. Окыў жасына жеткен балалар сүннетленди. Мүсийбетте жаназа намазы окы-лып. куран шыкпа болды, асабаты берилди. Ораза тутып, кур-банлык хәм ҳайт байрамлары өткерилди. Бурын наўрыз бай-рамы да диний байрам деп

[30] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 112-117 б

кадаған етилген еди. Бирак, халык бул байрамды үлкен куўаныш пенен өткерди.

Наўрызлык гөже 21 март күни таярланды. Бул күни адамлар шашларын алдырып, азада болып, таза кийинеди. Жайларды, үй-әтирапларын, көшелерди минтаздай етип тазалайды. Наўрыз байрамында бурынғы бар өкпе-гийне умытылып, аразласып жүрген адамлар жарасады. Бир-бирин жана жыл менен кут-лыклайды. Наўрызлык гөже жети түрли пүтин дәннен писи-риледи[31]. Наўрызлык гөжени ишкеннен кейин хәр бир адам жана жылға илинеди, яғный екинши жасы басланады.

Солай етип, XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басында патша Россиясынын кадаған етиўине карамастан, каракалпак халкы өз турмысында миллийлигин саклап калды. Халкымыз турмысында әдеп-икрамлылыкты саклаў баслы орында турған. Әдеп-икрамлылык, ар-намыс, уят ен кымбат пазыйлетлерден есапланған. Сонлыктан да кара кал пактағы «өлимнен уят күшли» деген накыл бийкарға айтылмаған.

[31] Есбергенов.Х, Есбергенова.Т.,Сейтмуратова.Г. Наурыз халкымыздын миллий байрамы.Н 1998 12-13 бб

# III- бап Шеп жағалы қарақалпақлардың XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында жәмийетлик ой-пикирлери

## 3.1 Билимлендириў ҳәм миллий зыяллылар олардың халықтың арасындағы орны

Каракалпакстан аймағы әййемги цивилизациянын бири болған жерлерден санатады. Бул жерде Орта Азиядағы әййемги мәмлекетлик бирлеспелер пайда болғанлығы, жазыў пайда болып, билим-илимнин жүдә жокары дәрежеде раўажлан-ғанлығы тарийхтан мәлим. Буған әййемги дәўирлерден сакланып келген обсерватория болған Койкырылған каланы дәлил сыпатында келтирсек болады. Биз туўылып өскен үлкемизде хат-саўаггын, илимнин раўажланып, араб баскын-шылығы ўақтында көплеген жазба естеликлеримиз, колжазба мийрасларымыз отка жағылып, өртелип жиберилгенлиги хаккында бабамыз Әбиў Райхан әл Беруний де жазып кал-дырған еди.

Араблар Орта Азияны басып алғаннан кейин бул жерде өзлеринин дини менен бирге жазыўын, тилин тарата баслады. Басланғыш окыў орынлары сыпатында мусылман мектеплери менен оннан жокары билим беретуғын медреселер курыла баслайды. Оларға Кыят каласындағы (хәзирги Беруний), Миздахкандағы (Хожели) х.т.б. медреселерди жаткарса болады. XIX әсирдин акырында қарақалпақстан аймағында ен көп таралған окыў орынлары усы мектеп хәм медреселер болды.

Мектеп арабша «катаба» (жазыў) сөзинен келип шығып «жазыў орны», «жазыўға үйренетуғын орын» мәнисин анлатады. Олар хәр бир үлкен-киши жасаў орынларында, хәр бир аўылда болып, кәўим мешитлери жанында, ал гейде өз алдына да ашы-латуғын болған. Мектеп муғаллими болған моллалар жерги-ликли халыктын сол мешит-кәўимнин ағзаларынан жый-налған «мектеп пулы»на күн көрип, мектеп ашкан.

Мектеп балаларды басланғыш саўатка үйретиў хызметин аткарған. Дерлик ерте заманда дүзилген мектептеғи окыў бағдарламасына XX әсирдин басларына шекем айтарлыктай өзгерис киргизилмеген еди.

Бул бағдарлама бойынша окыў еки дәўирден ибарат болды. Биринши (диний) дәўиринде балалар Куран хәм диний мазмундағы «Шар китап» ты үйренген болса, екинши (әдебий) дәўирде окыўшылар Шығыс классик шайырларынан саналған Сууфы Аллаяр, Әлишер Наўайы, Физулы, Хожа Хафызлардын шығармалары менен таныскан.

Дәслебинде балалар тактайшада араб жазыўынын 28 хәрибин үйренип, ядлап,

соц «ежелеў»ге өткен, бунда хәриплердин терт түрли жазылыў усылын: сөз басында, сөз ортасынла. сөздин акырында хәм ез алдына түрлерин, сондай-ак усы хәриплердин оз-ара биригиў кагыйдаларын үйренген. «Еже-леў»ден сонғы баскыш «әбжад» деп аталып, онда балалар хәриплер аркалы сәне белгилеў сырларын үйренген. «Әбжад»ты үйренип болғаннан сон окыўшылар Куран сүрелерин үйре

ниўге өткен. Дәслеп Қураннын жетиден бир бөлеги есапланған «Хафтияк» (Әптүйек) тен үйренген. Бул үлкен әҳмийетке ийе басқыш болып, окыўшылар енди пүтин сөзлерди, текстти оқыўға өтеди. Хафтиякты өте баслаған окыўшылар «китапхан» деп аталған. Хафтиякты толык менгерген окыўшы Қураннын өзине өткен. Бул дәуирге келип окыўшылар окыў тәжирий-бесине ийе болады. Қуранды өтип болған гейпара окыўшылар мектептеги окыўын токтаткан, буған материаллык жетис-пеўшилик уксаған баска да жағдайлар себепши болған. Бул аўҳал өз гезегинде көплеген авторлардын мектепти конфее-сионаллык, ямаса тек диний орын деп есаплаўына себепкер болды, себеби мектеп тийкарынан мешит жанынан ашылған. Бирак мешит мектептин билимлендириў исин өз баклаўына алмаған. Мектептин мешит жанынан ашылыўынын баслы себеплеринин бири-бул балаларды намаз оқыўға, оларға намаз сабакларын үйретиў керек болады. Сонлыктан окыўдын дәслепки дәуири диний сабаклардан ибарат еди.

Қуранды үйренип болғаннан кейин парсы (тәжик) тилинде жазылған «Шар китап» ты үйрене баслаған. Бул китап төрт бөлимнен (китаптан) ибарат диний-дидактикалык топлам болып, онын «Номи ҳак», яғный «Ҳакыйкатлык аты» деп аталған биринши бөлиминде косык түринде диний мазмун-дағы мәселелер: тахарат (жуўыныў), намаз, ораза ҳ.т.б. хаккында түсиник бериледи. Екинши бөлими Қазы Азмуддиннин «Бидан» («Бил») китабынан үзиндилерден ибарат ҳәм онда биринши бөлимдеги мәселелер катехизис, яғный саўал-жуўап түринде айтылған. Үшинши бөлиминде мусылман нызам-шылығы-шарият, ислам тәлийматы баян етиледи. «Панднама» деп аталған төртинши бөлиминде әдеплилик, әдеп-икрам-лылык, кишипейиллик мәселелери косык түринде

түсин-дирилген. «Шар китап» ты окытыў муғаллимнин кен түсин-дирмелери менен алып барылған.

Келеси баскыш, окыў дәўири әдебий шығармаларды өтиў менен сыпатланады. Суўфы Аллаяр, Наўайы, Физулы, Хафыз-лардын шығармалары менен танысып, окыўшылар мектеп бағдарламасын таўыскан. Бундай окыў бағдарламасындағы избе-излик, әлбетте, барлыкжерде бирдей болмаған. Мысалы, гейпара мектеплерде «Шар китап» ты түсиниксиз болғанлығы себепли Суўфы Аллаярдан сон үйренген. Суўфы Аллаярды, ал гейде «Шар китап» ты үйренип атырған ўактында, ямаса баска жерлерде хәриплер үстинде шынығыў өткерген ўактында, ба-лалар жазыў сырларын да үйрене баслаған

Мектепке бшталар 6-7 жасынан баслап барып, 15-16 жасына шекем, мектеп сабакларын менгергенше окый берген. Окыў мүддети шекленбеген болып, окыўшынын сабактан үлгериў-ине, зейнине байланыслы болған. Окыў тәртиби баланын жасына да, мектепке келген ўактына да байланыслы болмаған. Окыўшылар өзлеринин үйренип атырған баскышына, яғный китабына карап, шериклесип, топарға бириккен халда окыған.

Кдракалпакстан аймағында жайласкан мектеплердин баска жерлерден өзгешелиги-кыз хәм ер балалар бирге окыған. Молланын (муғаллимнин) ўазыйпасына тек балаларды окыў хәм жазыўға үйретиў ғана кирип коймаған. Ол окыўшыларды әдеп-икрамлы, ийбели, тәртипли инсан етип тәрбиялаўы да тийис еди. Яғный мектепте балалар тәрбиясына да үлкен итибар берилген. Окыўшылардын сабактан кейин үйлерине кайтар алдынан молла олардан «әдеп» кағыйдаларын кайта-лаўды талап етип отырған. Бундай кағыйдалар мектепте өтилген Суўфы Аллаярлардын да шығармаларынан орын алған. Мек-теп хәм медреселерде айырым арнаўлы сабаклар да болған. Солардан «Ахлак дарслары», «Талхи аўўал» х.т.б. соған уксаған китапларда жокары әдеплилик мәселелерине бағышланған кағыйдалар орын алған[32]. Буны Түркстан үлкесиндеги билим-лендириў тараўында аты танылған патша Россиясынын

[32] Камалов.С.К.Есбергенов X, Карлыбаев.М Нравственное воспитание в мектебах низовьях Амударьи(XVIII-XIX вв)//Вестник ККОАНРУз 1996 №4, 135-140

ўәкил-лери де хакыйкатында да «Мусылман мектебинин өз окыўшы-ларынын санасына синдиретуғын унамлы тәрепинин бири — сырткы сыпайылык, тәртиплилик, хүрметлилик ҳәм миллий дәстүрлерди бузбаў хәм хүрметлеўи» болып есапланғанын мойынлаған[33]. Мектеп ишинде, ондағы окыў системасынын шекленгенлигине хәм схоластикалығына карамастан, жет-киншек әўлад тәрепинен ата-бабаларымыз дөреткен руўхый бахалылыкларымызды, байлыкларымызды кабыл етиў процеси, яғный халыктын, миллеттин жәмийетлик-нормативлик мәде-ниятынын жеткиншек әўлад тәрепинен өзлестирилиў процеси өтетуғын еди. Кала берсе, мектеп бул әўладты сол дәўирдеги мәденияттын коршап турған дүньясына киргизетуғын еди

Солай етип, мектеп халыктын руўхый мәдениятынын тарийхындағы ен бир әҳмийетли баскышларынын бири болды ҳәм өз дәўириндеги жәмийеттин социаллык экономика-лык ҳәм мәдений раўажланыўынын дәрежесин сәўлелен-дирди.

Мектепке салыстырғанда билим бериў жағынан жокары баскышта турған окыў орны — бул медресе болды. Медресе сөзи арабша «дараса» (үйрениў, окыў, изертлеў) фейилинен келип шығып, «үйренетуғын, изертлейтуғын орын» мәнисин анлатады.

Дәслеп медреселер мешит ишинде жүзеге келген. Мешитте алымлар жыйналып, ҳәр кыйлы диний мәселелерди додалаған, үйренген, сон окыўшылар жәмленип, илим үйренген. Бул аўхал мешитке косымша өжирелердин, дәрсхана хәм китапхана-лардын салыныўына мүтәжлик туўдырады. Бундай орынлар сон «медресе» деп атала баслайды. Каракал п а кстан халкы арасында көплеген медреселердин «мешит», ямаса «мешит-медресе» деп аталыўынын мәниси де, баслы себеби де усы.

XX эсирдин басларына шекем хәзирги Каракал пакстан аймағында 70 ке жакын медресе болған. Бир ғана Әмиўдәрья бөлиминде 1895-жылы 58 медресе болған[34], ал Хийўа ханлы-ғындағы каракалпак аймағында онлаған медресе

[33] Остроумов.Н.П. Сарты этнографические материалы.Ташкент,1998,258 бет
[34] ОзР РОМА И-269-ф.1-д.83 6-7 бб

ислеп турған[35].

Медреседе 17-40 жаслар аралығындағы моллалар, яғный студентлер (шәкиртлер) окып, тәлим алған. Ҳәр бир медреседе орташа есап пенен 30-40 молла окыған. XIX әсирдин акыры-XX әсирдин басларына келе ен ири медресе сыпатында танылғанлардан Қаракум ийшан медресеси (хәзирги Бозатаў районында жайласкан) менен «Тас медресе» (Шылпык естелиги жанында) болды. Каракум ийшан медресесинин тийкарын Кутлы хожа ийшан деген адам салған. Медресе дэслеп мешит сыпатында XIX эсирдин орталарында салы-нады[36]. Мешиттин кум үстине салыныўы мешиттин хэм онын тийкарын салыўшы Кутлы хожа ийшаннын хэм онын урпак-ларынын «Каракум ийшанлары», «Каракум ийшан мешити» деп аталыўына себепши болды. Мешит-медресе этирапында XX эсирдин басына келип 300 ге жакын үлкен-киши өжире жайлар салынады. Булардын ишинде моллалардын жатып окыйтуғын өжирелеринен, дәрсхана хәм китапханалардан тыскары, хәр кыйлы кәсип бағдардағы өжирелери де болған: жуўазхана, каразхана, мийманхана ҳ.т.б[37]. Бул медреседе тек каракалпак жеринен ғана емес, ал консылас өзбек, түркмен, хәттеки казак жерлериненде (мысалы, Актөбеден, Шалкардан) келип окыған[38].

«Тас медресе»ни 1841-жылы Манғыт каласынын хәкими Хожанияз бий салдырған[39]. Медресе пискен гербиштен салын-ғанлығы себепли «тас медресе» деп аталған.

Булардан баска ири медреселерден Дантемир ийшан (Мойнак районы), Имам ийшан (Некие районы), Айымбет ийшан, «Хан мешит» (Шымбай к.), Әбсеттер ахун, Эбдикадир ийшан (Караозек районы), Айымбет ийшан Қаймакбай улы, Айымбет ийшан Оразов, Әбдирейим ахун (Тахтакопир районы), Эбдикерим ахун (Караозек районы), Ийшан-кала (Кегейли районы), Ешим ахун (Канлыкол

[35]Билялов.Г.М. Из истории ликвидации религиозных школ в Хорезме // Вестник ККФАН УзССР, 1979,№1,42 б
[36] Есбергенов.Х. Дала жазыулары 1957 № 22
[37] Есбергенов.Х. Дала жазыулары 1957 № 22
[38] Карлыбаев.М. 1995 жылгы дала жазыулары №6 .
[39] ОзРОМА И-181-ф.175-х.46 б

районы),Эсем ийшан (Ко-нырат районы), Пирим ийшан (Хожели к.), Рахметулла ахун, Кәлендердағлы (Төрткүл районы) ҳ.т.б. медреселери болған. қарақалпақстан аймағында медреселерде окыў негизинен 2 курстан ибарат болған. Биринши курста араб тилинин грам-матикасын еки баскышта: «Илми сарф» хәм «Илми нәхиў» китапларынан үйренген. Араб грамматикасы Бидан, Илал, Муғзый, Занжаний, Харакат, Аўўамил, Кафия хэм Шархи Молла (А.Жамий) китаплары бойынша отилген. 2-курста диний-юридикалыкбағдардағы Фикхи Кайданий, Мухтасарул-ўиқая, Шархил-ўикая китаплары отилген. Бунда мусылман нызам-шылығы-шәрият үйренилген. Булардан баска диний-тарийхый мазмундағы «Апты бармак», «Кыссасул-анбия», сондай-ак гей-пара дүньялык илимий мазмундағы китаплар да отилген.

қарақалпақ медреселеринен жокары билим беретуғын Хийўа хэм Бухара медреселери болып, оларда астрономия, биология, химия, медицина илимлери де үйренилген. Көплеген
ахун-уламалар Стамбул хәм Мекке медреселеринде де окып, илим алған[40]. Медреселердин жәмийет тарийхында туткан орны оғада үлкен болған. Әсиримиздин 20-жыллардағы халыкка аты танылған мәмлекет ҳәм мәденият ғайраткерлери Қ.Әўезов, АДабылов, С.Мәжийтов, Ә.Өтепов х.т.б.лар мусылман медреселеринде окып, саўатын ашкан зыялылар еди.

Улыўма айтканда, орта хәм жокары тәлим беретуғын окыў орны сыпатында медреселер елимизде мәденияттын, руўхый-лығымыздыц раўажланыўына өзинин гиреўли үлесин косып, жәмийетшилик турмысында үлкен роль аткарды. Олар жәмий-етшиликке хаткер, мираб, казы, мударрис (окытыўшы) сыяклы жокары билимли кадрларды, ағартыўшыларды таярлап берди.

XX әсирдин басында мусылман мектеплери бирканша өзгерислерге талпына баслайды. Окыў бағдарламасына дүнья-лык пәнлер де киритиледи. Бул окыў орынлары «жана усыл» (бизде «төте оқыў») мектеплери деген ат пенен тарийхка кирди. Жана пәнлер менен коса жана окытыў усылы — хәриплик усылдын

[40] Карлыбаев.М.А. Мечети и медресе г.Чимбай и его окрестности //Тезисы и доклады научно-практической конференции «Шахтемир-Чимбай».Нукус 1995 35-38 бб

орнына сеслик окыў усылы енгизиледи, яғный бурын узын-шубай тәкирарланып жүрген «үстин», «сөкин» белгилери айтылып окылмай, бирден сеслердин өзи окылып, окыў барысы жецилленеди. Мысалы, бурынғы усыл бойынша «баба» сөзин окыў ушын «бе» үстин-«ба», «бе» үстин» ба» деген сөзлерди тәкирарлап болып «баба» сөзи окылатуғын еди, ен-ди керексиз «үстин»-«астынға» ўакыт кетирместен, бирден буўынлап «ба-ба» сөзи окылатуғын болды. Бундай окыў усылы тез нәтийже бере баслады. Балалар 5-6 айдан сон-ак окыўды хәм жазыўды үйренди. Егер бурынғы ески мектеп-лерде бир баскышты (мысалы «ежелеў»ди) өтиў ушын бир-неше ай, хәттеки 1-1,5 жылдай ўакыт керек болса енди пүткил бир дәўир (толыктекстти окып үйрениў) 5-6 ай ишинде өтиле баслады. Бундай «төте окыў» мектеплерин Уфа, Қазан ҳәм баска да Россиянын калаларынан келген татар зыялылары аша баслайды.

Кдракал пакстанда дәслепки «жанаусыл» мектеби 1907-жылы Петро-Александровск каласында татарлар тәрепинен ашылады. Дерлик усы ўакыттын өзинде-ак Хожели менен Қонырат кал&чарында да ашылады. Гейпара жана мектеплер бурынғы

мешитлер жанында да ашылады. Бирак патша хүкимети татар зыялыларынын бала окытыў ислерине тыйым салыў ҳәрекетлерин баслайды, себеби татар буржуазиясы арасында таралған «жәдидизм» («жадид»-арабша «жана, таза») ағымы Орта Азияға да тарала баслаған еди. Жэдидшилердин баслы максети халыктын мәдений турмысын жаксылаў аркалы, барлык түркий тиллес халыкларды бириктирип, дүнья жүзи сахнасына шығарыў еди. Олар бул бағдарда халык билимлен-дириў мәселесине үлкен әҳмийет берди. «Жана усыл» ҳәреке-тинин көрнекли ғайраткерлеринен қарақалпақстанда Су-физада, С.Мэжитов, Ю.Ахметов, З.Шакиров х.т.б.лар болды.

Түркстан үлкесин басып алғаннан кейин, патша Россия-сынын хүкимети биринши гезекте орыс балаларын окытыў мәселесине дыккатаўдарды. Усы максетте 1874-жылы Петро-Александровскте ер балалар калалык училищеси ашылады. Ал, 1880-жылдан баслап бул училищеге жергиликли халыктын балалары да окыўға алына баслады. 1885-жылы кызлар училищеси усы жерде

ашылды, бирак онын ислеп турған дәуи-ринде (XX әсирдин басларына шекем) жергиликли халыктын кыз балалары окыўға алынбады.

Жергиликли халыктын арасында орыс саўатын таратыў, дилмашлар таярлаў мәселесин шешиў ушын Орыс-тузем мектеплери ашыла баслады. Бундай училище Кдракалпакстанда биринши мәрте 1887-жылы Нокисте ашылып, ол бир жылға жетер-жетпес-ак өмир сүрди. 1900-жылы Шымбай хэм Шора-ханда еки орыс-тузем мектеплери ашылады. Бул мектеплерде сабак орыс хэм жергиликли («сарт») тиллеринде өтилди.

Патша Россиясы Түркстан үлкесин басып алғаннан кейин жергиликли халык арасында билимлендириў мәселеси бойынша бир катар илажлар исленди. Бул мәселенин шешилиўи бир бағдарда-орыс мәплери ушын раўажландырыў жолында алып барылыў керек еди. Патша хүкиметинин алып барған сиясаты жергиликли окыў орынларына жәрдем көрсетпеўге бағдарланды.

Миссионерлик, яғный орыс емес халыкты орыс-ластырыў сиясатын жүргизиў ағымынын ири ўәкили Иль-минский деген адам болды. Патша хүкиметинин билимлен-дириў тараўы бойынша алып барған сиясатынын тийкарын генерал-губернатор фон Кауфманнын өзи салды. Бул сиясат бойынша халык билимлендириў иси патша мектеплеринде раўажланып, жергиликли мектеп-медреселер кәўендерликке алынбады ҳәм оларға жәрдем көрсетилмеди. Бул сиясат мусылман окыў орынлары өзинен-өзи ескирип, жок болып кетеди деген үмитте алып барылған еди.

XIX әсирдин акырында патша ҳүкимети мусылман диний орынларын, сонын ишинде мектеп-медреселерди өз бақлаўы астына алыў бойынша илажлар көреди. Буған себеп 1898-жыл-ғы Әндижандағы көтерилис болды. Бул бағдарда патша хүкимети Түркстан Диний басқармасын дүзиў бойынша да илажлар көреди. Ол аркалы патша хүкимети үлкедеги барлык диний шөлкемлерди, мусылман окыў орынларын өзине бағындырыўды гөзлеген еди. Биракбул ислер тек жоба түринде кағаз бетинде кала берди. Патша хүкиметинин ўазыйпасында тек мусылман мектеплери үстинен баклаў ғана калды, себеби олар мусылман мектеплерине жана билимнин, жанаша

пикирлердин таралып, мусылман халкынын миллий сана-сынын өсип, раўажланыўынан корыкты, себеби халыктын хүкиметке карсы көтерилиў кәўпи tуўылыўы мүмкин еди.

Мусылман мектеп-медреселери XX әсирдин 1928-1929-жыл-ларға шекем өмир сүрип, халыққа мусылман саўатын таратыў исин даўам етти.

XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басларындағы халыктын саўатлылык дәрежесин изертлеўден сон, 1917-жылға ке-лип, халык саўатлылығы дәрежеси 10-15 процентке, ал гейпара жерлеринде оннан да жокары болғанлығы дәлилленбекте[41]. Кенес дәўириндеги әдебиятларда каракалпак халкынын са-ўатлылык дәрежеси тек 0,2 процентке ғана тең болған, де-линген еди. Бунда тек болғаны орыс-тузем мектеплеринде окып, орысша билетуғынлар ғана есапка алынған болыўы керек.

Өйткени, ески мектеплерде окыған балалардын кем дегенде ярымына жакыны хат таныП, саўатлы болып шыккан. Солай екен, әлбетте, халыктын саўатлылык дәрежесинин көрсет-киши анағурлым жокары болған.

Соны да айтып өтиў керек, каракалпак балалары Орайлык Азиянын дин хәм ағартыўшылык орайлары Бухара хәм Хий-ўадағы медреселерде де билим алып, оны өз елинде тараткан хәм билим орайларын пайда еткен. Олардын бири Қумөзектеги Ийшан кала болған. Бул жердеги уламалар өз заманынын илимли хәм мәдениятлы зыялылары болған. Олар туўралы халкымыз арасында унамлы гәплер хәм пикирлер елеге шекем сакланбакта. Олардын тукым-тебериклери қарақалпақстан-нын кубла хэм арка районларында усы ўакытларға шекем белгили болып, көпшилиги ата жолын куўып, илим-ағар-тыўшылык ислери менен шуғылланыўшы зыялылар болып есапланады. Кумөзек ийшанлар мектебинин негизин са-лыўшылардын бири К.ырантаў әтирапында жасаған, ол жерде мешит, көплеген турак жайлар салдырған. Бул жерде дин ислери менен шуғылланатуғын адамлар жасағанлығы себепли бул жерлер халык арасында Максым кала деп аталған. Бул каланын негизин салған

---

[41] Карлыбаев.М.А.История народного образования в Каракалпакии в XIX-начало XX веков.Автореферат дисс. Канд.ист. наук. 1995.19-б

адам Имам ийшан, билимли, зыялы адам болған.Имам ийшаннын Убайдулла, Садир, Сийпатдин, Кдйратдийин деген балалары болып, олар да ата жолын куўған. Имам ийшаннын балаларынын бири Атағулла деген адам ол жерден Кумөзектеги жерлерге көшип келген. Бул жерде көплеген курылыслар курылған. Тез арада халык арасында бул мэкан «Ийшан кала» деген ат алған. Бул жердеги ийшан хэм уламалар халык арасында дин хәм ағартыўшылык, билим таратыўшы адамлар сыпатында халык арасында белгили болтан. Атадан балаға илим мәдeният тараған. Соннан бери 6 атадан көп ўакыт өтти. Ийшан кала ийшанлары талай *аяа*-сапыранлы дәўирлерди басынан кеширди. Тек кейинги жыл-лары ғана онын Каракал па кета н халкынын руўхый турмы-сындағы хакыйкый орны көрине баслады. Қырантаў жеринде жасағанлар суў баскыны нәтийжесинде отырған жерлерин таслап, хэзирги Кегейли районынын аймағына көшип келеди хэм хэзирги Ийшан калаға орналасады, онын негизин салыў-шылардын бири болған Атағулла ийшан деген адам. Ол өлген-нен кейин ата жолын даўам еткен онын үрим-путаклары балалары болған. Бул жерде онын дэгерегине Кдракалпакстан-нын көп жерлеринен суўпылар келип, бул жердеги ийшан-ларды пир туткан. Арал тенизи бойында отырған еллерден, сонын ишинде Көкөзек бойларынан, тениз етеклеринен келип бул жердеги ийшанлардан билим алған[42].

Ийшан кала деп аталған аўыл Кдракалпакстан жеринин ен белгили орынларынын бири болып, бул жерде көплеп турак жайлар салынып, бағ-бакшалар курылған. Ҳәзирги дәў-ирге шекем сакланған бул естелик халкымыздын мәдений тарийхынан, бир неше билимли әўлад ўәкиллеринин жасаған орны екенлигинен дерек береди. Илимпазлар бул естеликке өзлеринин көплеген изертлеўлерин бағышлап, Ийшан қала-нын Қаракалпақстаннын мәдeният тарийхында үлкен орнын көрсетип береди. Бул жерде өз дәўиринде китаплар хэм қол-жазбалар сакланған. Олардын биразы бизин күнлеримизге келип жетпеген. Ал, келип жеткен тарийхый дереклер бойынша Ийшан қалада жасаған дин ҳәзирет адамларынын жокары дәрежеде

[42] Тилеумуратов.М Дала жазыулары, 1995 автордын уй архивинен

билимли адамлар болғанынан дерек береди. Бул жерде хәзирде 40 тан көбирек өжирелер сакланып, онда жүдә көп моллалар билим алған. Бул жерде халқымыздын руўхый турмысында үлкен хызмет аткарған ийшан уламалар, зыялылар өсип жетилисти. Хийўа ханлары диний адамларға жуда көп женилликлер иследи. Олар ҳәр түрли салыклардан азат етилген.

қарақалпақстандағы ийшан-уламалардын ен көп жайлас-қан жерлеринин бири Қазакдәрьянын бойында Каракум ийшанлары болған. Қарақум ийшанларынын халкымыздын руўхый турмысындағы аткарған хызметлери оғада үлкен. Өткен әсирлерде суўпышылык таралған үлкен орталығынын бири болған бул ийшанлар карақалпаклардын руўхый турмысында үлкен хызмет атқарған. Сонын менен бирге бул жерге консы мәмлекетлерден Казакстаннан хәм баска жерлерден келип бил им алған. Бул жерге китаплар Россиядан, Татарстаннан хэм Башкуртстан жерлеринен келип турған. Қаракум ийшаннын үлкен китапханасы болып, бунда диний эдебиятлары менен бирге илимлер тараўында көплеген әдебиятлар болған. Китапхана кенес заманында жок етип жиберилген.

қарақалпақстандағы Ийшан кала хәм Қаракум ийшан-уламалары халкымыздын сол ўакытлардағы алдынғы катар-лардағы билимли зыялылары болған. Олар диний илимлери менен бирге илимнин хәмме тараўлары менен кызыккан. Көпшилиги Хийўа хәм Бухара медреселеринде тәлим алып, ахунлык дәрежесине жетискен.

Каракум ийшанлары каракалпак шайырлары, бай хәм бийлери менен тығыз байланыста болған. Ел басында болған ўакыяларғаараласкан. Көпшилик каракалпак шайырлары, мә-деният ғайраткерлери Қаракум ийшанларына суўпы болған. Солардын бири каракалпак халкынын уллы шайыры Бердак Ғарғабай улы болған[43].

қарақалпақ зыялылары негизинен мешит хәм медресе-лерде тәрбия алған. Ҳәр бир аўылда дерлик мешит болған. Әмиўдәрьянын он жағасындағы жерлер Көкөзек, ал кейнинен

[43] ТИлеумуратов.М Каракалпак поэзиясынын тарийхый дерек.Н 1994, 342 б

Куўаныш жарма деп танылып, Арал тенизине шекем бул дэрья созылып, еки жағы сығаскан ел болған. Әсиресе Арал тенизи-нин бойларында Көкөзек дэрьясынын тенизге куятуғын жер-леринде калын ел отырып, мешит хэм медреселер көп болған. Бул мешит хэм медреселерде Хийўа хэм Бухара каласында окыў питирип келген адамлар сабак берген. Солардын бири Абдикерим ийшан деген адам болған. Онын мешити Арал тенизинин жағасында усы ўакытка шекем сакланып тур. Сондай-ак көплеген мешит-медреселер, солардан Бегмурат ахуннын хэм баска да мешитлердин кулаған калдыклары усы ўакытларға шекем сакланып тур. Бул жерде көп санлы адамлар билим алып, консы халыкларға билим тараткан.

## 3.2 Жеп жағалы қарақалпақлардың әдебияты ҳәм фольклоры

XIX эсирдин екинши ярымы XX эсирдин басында каракалпак халкын баска түркий тиллес халыклардан бөлек өз алдына халык екенлигин көрсететуғын елдин үрп-әдетин, әдеп-икрамлылығын, бирлигин, өз алдына кэлиплескен психо-логиясын, минез-кулкын, тил бирлигин жэмлейтуғын кэлиплескен түрдеги бай миллий фольклоры, Күнхожа Ибрайым улы, Эжинияз Косыбай улы, Бердак Ғарғабай улы, Өтеш Алшынбай улы х. т. баскалардан ибарат эдебияты болды.

Күнхожа Ибрайым улы (1799-1880) өзинин «Шопанлар», «Оракшылар», «Аккамыс», «Умытпаспан», «Түйе екенсен», «Халык пенен», «Балам» хэм баска шығармаларында каракалпак жэ-мийетиндеги карама-карсылыкларды тереннен ашып берди.

Эжинияз Косыбай улы (1821-1878) Хийўада Шерғазы хан медресесинде билим алған, шығыс әдебиятын, фольклорды жүдә жаксы билген шайыр. Онын

«Еллерим барды», «Шыкты жан» деген шығармалары оғада терен ўатан сүйиўшилик руў-хында жазылған. Онын көплеген лирикалык косыклары менен бирге социаллык жағдайларды көрсететуғын шығармалары да бар. Мəселен, онын «Бозатаў» поэмасы 1858-1859-жыллары Хийўа əскерлери тəрепинен кырғынға ушыраған каракал-паклардын аўхалын көрсетеди. Бурынлары «Бозатаў» поэма-сын каракалпак халкынын гимни депте есаплаған. Өйткени Əжинияздын «Бозатаўын» билмейтуғын каракалпакты каракалпак деп есапламаған.

Бердак (Бердимурат) Ғарғабай улы (1827-1900) каракалпак классикалык əдебиятынын көрнекли ўəкили. Көплеген лирикалык косыклары менен бир катарда Бердак «Аман-гелди», «Айдос бий», «Ерназар бий» кусаған кахарманлыкҳəм тарийхый шығармаларды дөреткен.

Онын жазған «Шежире»си каракалпак халкынын тарий-хын изертлеў бойынша үлкен дерек болып есапланады. Улыўма алғанда Бердакты каракалпак халкынын биринши тарийх-шысы деп те есаплайды.

Өтеш Алшынбай улы ("1828-1902) сол дəўирлердеги каракалпак шайырларынын ишиндеги сатира жанрын раўаж-ландырған шайыр. Онын «Шерменде», «Усайды», «Нураддин», «Бердак баксыға жуўап» хəм баска косыклары оны XIX əсир-деги каракалпак классик шайырларынын катарына кояды.

XIX əсирдин акырында-XX əсирдин басында (XIX əсир-ден өзгеше), хакыйкый классикалык əдебияттын ен жаксы дəстүрлерин жанаша шараятта раўажландыратуғын демокра-тик əдебияттын майданға келиўине себеп болды. Солай етип, бул əсирдин де төмендегидей əжайып ўəкиллери изли-изинен өсип жетисти. Олар Аннакул шайыр Мəмбетхожа улы (1841-1936 ж.ж.), Қулмурат шайыр Курбаналы улы (1845-1926-ж.ж.), Бекжан шайыр Нурым улы (1855-1916-ж.ж.), Сыдык шайыр Токпан улы (1857-1917-ж.ж.), Əбдикəдир шайыр Бекимбетулы (1860-1930-ж.ж.), Казы Мəўлик шайыр (Мəдит казы Бекмухамед улы (1885-1950-ж.ж.), Омар шайыр Суйирбек улы (1879-1922-ж.ж.), Сəпиўра шайыр Жайылбек кызы (1892-1916-ж.ж.), Жанабай шайыр Каратай улы (1890-1926-ж.ж.), Аяпберген шайыр Муўса улы (1880-1936-ж.ж.), Аббаз

шайыр Дабыл улы (1889-1970-ж.ж.) хәм баска шайырлардан ибарат[44] еди. Өткендеги әдебият тарийхынан белгили хәр бир әсирдеги пайда болатуғын әдебият, әдебий раўажланыў, кандай шайыр, жазыўшынын дөретпелери болса да, ол өзи жасап атырған дәуиртәғдийрлери менен байланыскан халда өмир кеширеди. Олар өзлери жасап атырған заманынан азы клан ып күш-куўат табады җәне де онын барлык көринислерин өз шығармала-рында сәўлелендирип барады. Солай етип, олар өзине дейин-ги, өзлеринен кейинги әдебиятлардан үлкен парык кылады Ен баслысы шайырдын өзи ишинде жасап атырған турмысы онын шығармалары ушын тийкарғы орынды ийелейди. Сонлыктан да XIX әсирдин акырында—XX әсирдин басында жасап дөретиўшилик жактан хызмет кылған Аннакул шайыр Мәмбетхожа улынын «Көкөзек бойы», «Ораз алды», «Кдзыўда», «Сайланған аксакалға», «Дәмен барма болыслыктан» деген шығармаларында, Кулмурат шайыр Курбаналы улынын «Кәлендерге», «Залымлар исин үдетти», «Көрин», «Әйекешке», «Бардур», «Жүзбасы», «Шәхәрбай», «Бегдин көк аты», «Он тоғыз» атлы шығармаларында, Әбдикәдир шайыр Бекимбет улынын «Көрдим», «Дәркәр», «Меғзер», «Жаксыды», «Керек», «Кызкеткен» шығармаларында, Бекжан шайыр Нурым улынын «Яранлар», «Дигилдик» косыкларында, СыдыкТокпан улынын «Заман», «Яранлар», «Дәўранын», «Аккапшык» ҳәм тағы баска шығармаларында, Кдзы Мәўликтин «Сағындым», «Курбан-хайт», «Ол неге дәркәр», «Шымбай» циклиндеги косыкларында, Сәпиўра менен айтысларында, Омар шайыр Суйирбек улынын «Не пайда», «Коринди», «Айырша», «Елим», «Нэйлейин», «Бар екен», «Берермен» шығарм&тарында, Сәпиўра шайырдын «Көйлек», «Неге», Жанабай шайыр Қаратай улынын «Кдзы ийшан», «Даўыт» шығармаларында, Аяпберген шайыр Муўса улынын «Көлге каш», «Табылмас», Аббаз шайырдын «Қырға шыкканда», «Өткен заман кайта айланып келер ме» деген косыкларында олар өзлери жасап доре-тиўшилик жактан хызмет кылған дәўирлеринде өзлери жасаған заманынын тарийхый, сиясий, соииаллык-жәмийетлик жағдайларын өз шығармаларында

[44] Пахратдинов.А. XIX эсирдин акыры – XX эсирдин басларындагы каракалпак эдебиаты тарийхы.Н 1998 208 б

реал сәўлелендиреди.

Бул XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басындағы әде-бияттағы шайырлар ушын олардын өзлеринен бурынғы XVIII әсирдеги жасаған Жийен жыраўдын, XIX әсирдеги классик шайырлар болған Күнхожа, Әжинияз, Бердак, Өтеш шайырлардын дөретпелериндеги баслы көз караслар тийкарғы дәстүр болып калды. Олар халыктурмысынын сол күнлериндеги тийкарғы талапларын биринши орынға койып жырлаў, және де өз халкынын нешше әсирлик ғәрезсизлик, еркинлик ушын алып барған тарийхый гүреслерин, әрман-ларын әдебиятта дурыс жазыў, дурыс сәўлелендириўди тий-карғы максет етип койды.

Хийўа ханлығы уруўлык сиясатты, орыс патшалығы коло-ниаллык сиясатты күшейтти. Бирак бул каракалпаклардын халыклык процесске келип жеткен этникалык бирлигин буза алмады. Себеби, дәрьянын еки бойындағы жасаўшы халыклар өзлеринин той, мереке, сән-салтанатларында халык бирлиги ушын күш салды. Еки тәрептин той-мерекелерге катнасыў-ларына хеш ким тыйым сала алмады. қарақалпақлар баска халыклар алдында өзлеринин аўызбиршиликли халык екен-лигин көрсетти.

Бул кем-кем халыклык әдебияттын, мәденияттын раўаж-ланыўына және де бир пүтин халыкдык мәпти жырлайтуғын хәм корғайтуғын әдебияттын раўажланатуғынлығын көрсетиў-ши белгилерден де еди.

XVIII—XIX әсирлерге қарағанда XIX әсирдин акырында-XX әсирдин басында каракалпак халкынын жәмийетлик турмысында көп өзгерислер пайда болған еди. Мәселен, елде мектеп, мешит, медреселердин саны көбейип, саўатлы улама адамларда өсип жетисти. Онын үстине бурында хәр қыйлы саўда, илим, әдебий хәм мәдений катнасык пенен Саудия Арабиясы, Мысыр, Түркия, Аўғанстан х. т. б. Шығыс еллери менен катнаскан каракалпакпар енди Астрахан, Сибирь, Урал, Казан, Москва, Санкт-Петербург пенен катнасып, дүнья жүзи халыкларынын тарийхы хэм мэденияты менен танысыўға мүмкиншилик тапты. Және де өз гезегинде дүнья жүзи халык-ларынын да каракалпакларға кеўиллери аўдарылды.

Усы жыллары Шығысты изертлеўге кызығыўшы орыс или-мий жәмийетшилигине де колайлы пайытлар келди. Олар хәр кыйлы максеттеги экспедициялыктопарларға косылып, Орта Азияға келип, тарийхый, фольклорлык, әдебий материаллар жыйнады. Оларды өз баспа сөзлеринде дағазалап барды. Солар-дын ишинде 1875-жылы «Ески хәм жана Россия» деген китап-та Н.Каразин бир неше каракалпак ертеклерин дағазалады. 1880-жылы фольклоршы Ә.Диваев Әмиўдәрья бөлиминин баслығы генерал-майор К.И.Разгонов аркалы Жийемуратжы-раў Бекмухаммед улынан «Алпамыс» дэстанын жаздырып алып, оны 1902-жылы Ташкентте «Сырдэрья областынын статистика ушын материаллар топламы» деген жыйнакта бастырып шығарады. Усы топламда жүдә көп каракалпаклар аныз хэм эпсаналары дағазаланған. 1878-80-жылларда «Түркстан ўәла-яты» газетасынын бетинде Қулмурат шайырдын шығарма-ларын, Эжинияздын «Кыз Менеш пенен айтысын» дағазалады. 1891-жылы А.Русакова Төрткүл әтирапынан жыйналған каракалпаклар жөниндеги материалларын Казан каласында бастырып шығарады. 1900-03-жыллары А.Беляев «қарақалпақ шежиресин», «Коблан», «Едиге» дэстанларын жазып алып бастырып шығарады[45]. 1905-, 1910-, 1911-, 1915-жылларда «Закаспийская туземная газета» деген газетасы түркмен хэм каракалпак әдебиятынын байланыслары туўралы көп материаллар жәриялаған[46].

1883-жылы каракалпакта орыс-жергиликли мектеби, бир класслык хаял-кызлар училишеси, үш классли училище, емлеўхана, китапхана ашылды, Пушкин жәмийети дүзилди. Онын үстине хэр кыйлы жергиликли орыс эдебий, илимий жәмийетлик шөлкемлери аркалы шығарылып турған «Чукуч», «Түркстан ўәлаяты», «Туркестанские ведомости», «Русский Туркестан», «Туркестанская жизнь», «Туркестанская туземная газета», «Среднеазиатская жизнь», «Самарканд» хэм т.б. көплеген газета-журналлар каракалпакларға тарады. Булардын барлығынын максети орыслардын колониаллык сиясатын үгит-нәсиятлаўға бағдарланған баспа сөз еди. Бул эсирде сия-сатта,

[45] Даукараев.Н Шыгармаларынын толык жыйнагы. 2 том 1977 25-30 бб
[46] Закаспийская туземная газета №182, 183,184, Ашгабат,1916

экономикада, эдебиятта, мэдениятта орыс колониза-торлары хеш кандай жергиликли халыклардын руўхый өмир-леринин өзине тэн болған өзгешеликлерин есапка алмады. Олардын миллий әдебиятка, көркем өнеринин ҳәм мәде-ниятынын раўажланыўына басы айланбады. Ал, бул дәуирде каракалпакларда саўатлы адамлар көп еди. Сол себепли өз дәуирине ылайыкластырылған раўажланған жазба әдебияты, мэденияты болды. Сонлыктан да орыс колонизаторларынан бул мәселеде үмит үзген каракалпак зыялылары өзлери халыктын әдебиятты, көркем өнерди хәм мәдениятты раўаж-ландырыўдын жолларын карастырды. XIX әсирдин акырында Таллыкта Коразбек Разбек улынын басшылығында каракалпак кыссахан шайырларынын мектеби шөлкемлестирилди. Буған сол дәуирдеги саўатлы медресе питкерген шайырлар СыдыкТокпан улы, Әбдикәдир Бекимбетулы уксаған илимли, күшли адамлар тартылды. Сон бул мектепке Зулабий, Сей-фулғабит, Кдзы Мәўлик, Аяпберген, Әўезмурат уксаған талантлы шайыр кыссаханлар жәмленди. Мектептинтийкарғы максети каракалпак халкын дүнья әдебияты хәм мәдениятынын ен жаксы дурданалары менен таныстырыў болды. Сол себепли бул мектеп өзинде аўдармашылар жәмәәтин шөлкемлестирди. Олар арабшадан пайғамбарлар хаккындағы кыссаларды, Ҳәмийри Ҳәмзе, Ҳәзирети Әлий хаккындадәстанларды, «Мынбир түн» ертеклерин, көп санда араб аныз хәм әпсаналарын, порханлар (тил сәне), түс жорыў, хәр кыйлы дуўаханлык хак-кында илимлерди каракалпакшалады. Парсышадан Фир-даўсидин «Шахнама» дәстанын, Низамийдин көп шығармаларын, Физулийдин көп лирикаларын, мешит, медреселерде окытыўға зәрүрли болған диний шәрият занлары китапларын көширип, нуска көбейтти. Бул мектеп аркалы халыкка көп санда туркий халыклар мәденияты да тарады. Бул мектеплерде китапларды өз баспасындай кылып сулыў көширип жазатуғын хаткерлер (кәтиблер) таярлады. Колдан жазылған китапларды түплеў, елге оларды таратыў ислери менен шуғылланды[47].

[47] Пахратдинов.А. XIX эсирдин акыры – XX эсирдин басларындагы каракалпак эдебиаты тарийхы.Н 1996 118-123 б

XX әсирдин басында Шымбайда Қазы Мәўлик басшы-лығында каракалпакларда екинши кыссахан шайырлар мектеби шөлкемлести[48]. Әлбетте бул мектеп Қоразбек мек-тебинин дәстүрин даўам еттирди ҳәм раўажландырды. Бунын Қоразбек шайыр мектебинен айырмашылығы, бунда тийка-рынан түркий халыклар шығармалары каракалпакшаланды. Бул мектепте де арабша, парсыша әдебиятлар аўдарылды. Бирак Коразбек шайыр мектебине қарағанда арабша, парсыша әдебият аз аўдарылды. Бул мектептин дөгерегине Аббаз, Кдзакбай, Қурбанбай, Қәўендер бала, Балтабай, Хилал, Сейтырза уксаған талантлы шайыр хәм кыссаханлар жәмленген еди. Бул мектеп түркшеден «Ғәрип-Ашык», «Гөруғли», «Юсип-Ахмед», «Саятхан Хәмра», «Гүлбүлбил» уксаған дәстанларды; парсышадан «Ҳилалай пери» дәстанын, Фарабий мийрасларын, Хожа-Ахмед Яссаўий хикметлерин, Наўайы, Мактумкулы шығарма-ларын көп санда жазба дәстан ҳәм косыкларды, халыкдөретпе-лерин каракалпакшалады.

Бул Қазы Мәўлик кыссахан шайырлар мектеби елде хәр тәреплеме раўажланған дөретиўшилик мектеп болды. Бул жерде аўдармашылар, сулыў жазатуғын хаткерлер (кәтиблер), кыссаханлар тәрбияланып жетилистирилди. Миллий жазбатил нормалары исленип шығарылды. Және де бул мектеп елден, халыктан фольклорды, классикалык әдебият мийрасларын жыйнады. Оларды колдан кайта жазып, китап кылып елге та-ратты. Және де елге, халыкка кандай шығармалар керек екенлигин излестирди хәм оны жазып таратыўдын шараларын ислеп шыкты. XIX әсирдин акыры—XX әсирдиц басында жасап, дөретиўшилик жактан халыкка хызмет еткен Қулмурат шайыр, Кдзы Мәўлик шайыр, Аяпберген шайыр, Аббаз шайыр хәм т.б. көп шайырлар усы еки мектептин дөгерегине жәмленген жәнe де бул әсирдеги миллий әдебиятты хәм мәде-ниятты кәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға ат салыскан әдебият ғайраткерлери болды.

Бул әсирде әдебиятта, мәдениятта өткен әсирлердегиден үлкен бир пайда

[48] Пахратдинов.А. XIX эсирдин акыры – XX эсирдин басларындагы каракалпак эдебиаты тарийхы.Н 1998 165-178 бб

болған айырмашылык каракалпак елинде көркем өнердин жазба мәдениятка байланыслы пайда болған бир түри — кыссаханлык раўажланды. Қыссаханлык бурын түркий халыклар мәдениятында бар кубылыс еди. XIX әсир-дин акыры—XX әсирдин басында бунын ен раўажланған жери каракалпакларда болды. Әсиресе, бул дәўирде миллий әдебият хәм мәдениятка ылайыкластырылған еки жерде кыссахан шайырлар мектебинин дүзилиўи тек ғана көркем әдебияттын емес, ал кыссаханлыктын да елде кен раўажла-ныўына үлкен мүмкиншиликлер жаратты. Елдин миллий мәпине үйлеспейтуғын россиялык колонизаторлык сиясат хәўиж алып барған ўакытлары бул кыссаханлык халыклык әдебият хәм көркем өнерди елде рауажландырыудын ен табыслы жолы еди. Халыкта хәр бир шайырман деген адам кыссахан болды. Ол өз шығармасын, халык дөретпелерин кыссаханлык өнери аркалы елге кен таратты. Шайыршылык пенен бирге кыссаханлык та кен раўажланды.

Елде кыссаханлык жыраў-баксылардан кем орын ийеле-меди. Сонын ушында кыесаханлыкта Эжинияз жолы, Казы Мәўлик жолы, Аккирпик жолы, Кәўендер бала жолы деген белгили кыссаханлык дәстүрий жоллар кэлиплести.

XX эсирдин басында каракалпакларда жәмийетлик өмир бираз белсенди хәрекетке түсти. Патша хэкимшилигине карсы халык азатлык хәрекетлери жүзеге келеди. Ал сол көтерилис-лердин жыршылары халык шайырлары болды. Олар елди-халыкты өз дөретпелери менен руўхый жактан коллап-куўатлап, күшли шөлкемлестириўши идеологлардан болды. Себеби, руўхый күш хәмме ўакытларда халыктын үлкен ку-ралы еди.

Фольклор. қарақалпақ халкынын бай руўхый мәдений мийрасынын бири — бул фольклор. Фольклор деп белгисиз автор тәрепинен дөретилген, халык арасында таркалған, аўыз-еки түрде бир әўладтан екинши әўладка өтип киятырған әдебий характердеги шығармалар айтылады. Фольклорлыкайырым шығармалар сонғы дәўирлерде жазба түрде де тар-қалған. Фольклор халық дәстүри, этнографиясы ҳәм тарийхы менен тығыз байланыста дөрелип, бир емес, бир неше тарийхый дәўирлердин жемиси болып есапланады-. Онда әййемги сак-массагет дәўири менен бүгинги күн турмыс

излерин көриўге болады.

қарақалпақ халқы оғада бай фольклорлық мийрасына ийе. Өткен он жыллыкларда жарыкка шығарылған «қарақалпақ фольклоры» көп томлығы[49] буған дәлил бола алады. Онда халык накыл-макаллары, тарийхый хәм салт-дәстүр косықлары, ертек хәм дәстанлары х.т.б. орын алған.

Казак халкынын белгили перзенти, алым Ш. Ўалиханов каракалпак халкын сахранын биринши шайыр-косык-шылары сыпатында бахалағанлығы[50] халкымыздын косыкшы-лыкка, дәстаншылыккадеген катнас дәрежесин көрсетип отыр.

Халкымыздын аўзынан дөрелген шығармаларда өзинин басынан кеширген тарийхый ўакыялары, сырткы душпан менен гүреси х.т.б. мәселелер айқын сәўлесин тапкан. Мәселен, «қарақалпақ» деп аталған тарийхый косыкта халкымыз тарий-хынын белгили бир дәўири туўралы әдебий тил менен сөз етиледи. Онда каракалпаклардын өз Ўатанын кай заманларда хәм не себепли таслап, көшип кеткенлиги, Түркстанға, оннан Жанадәрьяға жайласканлығы, ен сонында «Калмак кетти деп еситип» өз Ўатанына-Әмиўдәрья бойына кайтып келгенлиги туўралы сөз етилген. Ал «Жети үйге бир белдар», «Мәрдикар», «Нәйлейин» косыкларында 1916-жылғы ўакыялар, «Залым яўмыт» косыкларында түркмен баспашыларынын халкымызға келтирген зыянлары, зорлыклары туўралы айтылады. Халык арасында аты анызға айналған тарийхый тулғалар туўралы да косыклар дөрелген («Ешбай баксы», «Панахан», «Әўезжан» ҳәм т.б.). «Беташар», «Той баслаў», «Ҳәўжар», «Сынсыў» косыклары каракалпак халкынын кыз узатыў, ул үйлендириў тойлары менен байланыслы болса, «Жоклаў» косығы мархумды жерлеў дәстүри менен байланыслы. қарақалпақ фольклорынын ен ири шығармалары болып дәстанлар есапланады. Дәстанлар өзинин мазмуны бойынша каҳарманлык (мухаббат Ҳәзирги ўакытта каракалпак жыраў хәм баксыларынан жазып алған дәстанлардын саны 50 ден аслам ҳәм олар бир неше вариантлардан ибарат. Мәселен,

[49] Каракалпак фолклоры. I-XX томлар 1977 90 бет
[50] Народы Средней Азии и Казахстана т.1.М.1962,510 б

«Алпамыс» дэстаны 8, «Коблан» дэстаны 7, «Кырык кыз» дэстаны 2, «Едиге» хэм «Ер Шора» дәстанлары онлаған вариантта бар[51].

Көзге көринген, ески заманлардан берли халык сүйип тынлайтуғын кахарманлыкдэстанлардан «Алпамыс», «Кырык кыз», «Коблан» х.т.б. саналады.

Ен биринши рет «Алпамыс» дэстаны XIX эсирдин 80-жылларында каракалпак халкына атағы шыккан Бекмухаммет улы Жийемурат жыраўдан россиялы фольклоршы Абубэкир Диваев жазып алып, 1901-жылы басып шығарған[52].

Дәстан бүлинген елдин биригиўи идеясы негизинде дөрел-ген. Дәстаннын Өгиз жыраў, Есемурат жыраў, Кыяс жыраў вариантлары толы к вариантлардан есапланады. Дэстан Сур-хандэрьялы коныратлар, Самарканд, Нурата каракалпаклары хэм Казалы казаклары, каракалпак халкынын коныраг арысы арасында кеннен таралған. Бул жағдай алымларды дэстанда сөз етилетуғын «Жийдели Байсын»нын Кубла Арал бойы аймағында жайласкан деген пикирге ийтермелейди, себеби жокарыда айтылған уруў хэм халыклар усы аймак пенен тығыз байланыека ийе болғанлығы тарийхтан мэлим[53].

қарақалпақ халкынын тағы бир дэстаны «Кырык кыз» бүгинги күнде пүткил дүнья фольклор изертлеўши алымлары арасында, кен халык арасында белгили. Дәстаннын өзгеше-лиги — онда амазонкалар, әййемги Тумарис дәўиринин мо-тивлери менен XVIII әсир ўакыялары шийеленисип, бай-ланыскан. Дәстандағы халыктын баскыншы душпанға карсы турыў идеясы, батыр қырык кыз хәм олардын сәркардасы Гүлайым батыр кыздьщ әтирапындағы ўақыялар аркалы бе-рилген. Сондай-ак онда усы аймакта жасаўшы халыклардын дослығы да баян етилген. Дәстандағы айырым кахарманлар (Нәдирша, Суртайша) тарийхый шахслар есапланады. Бул дә-станнын және бир өзгешелиги баска халыклар арасында тар-калмағанында. 1997-жылы сентябрьде Нөкисте болып өткен

---

[51] Каракалпак ауызеки халык доретпелери.Н 1996, 3 б

[52] Усы жерде

[53] Берлиев Ж. Отражение вв легендах и народных преданиях истории каракалпаков.XIII-XVII Нокис 1996 автореф. Дисс канд ист. наук. 15 б

ҳаккын-да) хәм тарийхый болып бөлинеди. _ Ҳәзирги ўакытта каракалпак жыраў хәм баксыларынан жазып алған дәстанлардын саны 50 ден аслам ҳәм олар бир неше вариантлардан ибарат. Мэселен, «Алпамыс» дэстаны 8, «Коблан» дэстаны 7, «Кырык кыз» дэстаны 2, «Едиге» хэм «Ер Шора» дәстанлары онлаған вариантта бар.

Көзге көринген, ески заманлардан берли халык сүйип тынлайтуғын кахарманлыкдэстанлардан «Алпамыс», «Кырык кыз», «Коблан» х.т.б. саналады.

Ен биринши рет «Алпамыс» дэстаны XIX эсирдин 80-жылларында каракалпак халкына атағы шыккан Бекмухаммет улы Жийемурат жыраўдан россиялы фольклоршы Абубэкир Диваев жазып алып, 1901-жылы басып шығарған.

Дәстан бүлинген елдин биригиўи идеясы негизинде дөрел-ген. Дәстаннын Өгиз жыраў, Есемурат жыраў, Кыяс жыраў вариантлары толы к вариантлардан есапланады. Дэстан Сур-хандэрьялы коныратлар, Самарканд, Нурата каракалпаклары хэм Казалы казаклары, каракалпак халкынын конырат арысы арасында кеннен таралған. Бул жағдай алымларды дэстанда сөз етилетуғын «Жийдели Байсын»нын Кубла Арал бойы аймағында жайласкан деген пикирге ийтермелейди, себеби жокарыда айтылған уруў хэм халыклар усы аймак пенен тығыз байланыека ийе болғанлығы тарийхтан мэлим.

қарақалпақ халкынын тағы бир дэстаны «Кырык кыз» бүгинги күнде пүткил дүнья фольклор изертлеўши алымлары арасында, кен халык арасында белгили. Дәстаннын өзгеше-лиги — онда амазонкалар, эййемги Тумарис дәўиринин мо-тивлери менен XVIII әсир ўакыялары шийеленисип, бай-ланыскан. Дәстандағы халыктын баскыншы душпанға карсы турыў идеясы, батыр қырык кыз хэм олардын сәркардасы Гүлайым батыр кыздьщ этирапындағы ўақыялар аркалы бе-рилген. Сондай-ак онда усы аймакта жасаўшы халыклардын дослығы да баян етилген. Дәстандағы айырым кахарманлар (Нәдирша, Суртайша) тарийхый шахслар есапланады. Бул дә-станнын және бир өзгешелиги баска халыклар арасында тар-калмағанында. 1997-жылы сентябрьде Нөкисте болып өткен

усы дәстанға бағышланған халык-аралык илимий әнжуманда дәстаннын барлык түркий халыклар ушын әхмийетиниц тендей екенлиги атап көрсетилди. Дәстанда хәр дәуирдин сюжетлери, әсиресе амазонкалар мотиви менен XVIII әсир ўакыяларынын ушырасыўы, онын кашан дөрелгенлиги хәзир-ге дейин алымлар арасында пикир тартысыўлар себепшиси болып келмекте. Дәстаннын сонында «Жийеннен калған нуска» хаккында сөз етилиўи, онын XVIII әсирде жасаған каракалпак халкынын белгили жыраўы хәм шайыры Жийен Аманлык улынын хызмети менен дәстан кәлпине келтирил-генлиги туўралы пикир пайда етеди.

Тарийхый дәстанларға «Едиге», «Ер шора», «Дәўлетиярбек» дәстанлары киреди. «Едиге» дәстаны халыктын хакыйкый тарийхы болмағаны менен, онда ертек характеринде XIV-XV әсир ўакыялары сөз етиледи. Дәстан биринши мәрте орыс изертлеўшиси И. Л. Беляев тәрепинен 1903-жылы Шымбайлы Бекимбет жыраўдан жазып алынған.

Баска дәстанларда сырткы жаў менен гүрес хаккында сөз етилсе, «Едиге»де мәмлекет ишиндеги патша менен әдил кахарман арасындағы гүрес туўралы сөз етиледи.

«Ер Шора» дәстанынын тарийхый деп алыныўынык себеби, онын кахарманы етип тарийхта белгили шахс атынған. Тарийхта 1545-жылы кайтыс болған Шора (Чюра) Нарикович болғанлығы белгили, ал дәстанда болса Үргеништин хүким-дары Акшаханнын караўында хаслы Кдзанлы Нәрик улы Шора туўралы баян етиледи.

Тарийхтын усы дәўирлери, яғный XV-XVI әсирлери хаккында халы к арасында кен тараған Асан кайғы менен Жийренше шешен туўралы аўыз еки шығармаларда сөз етиледи. Мәселен, Жийренше шешен хаккында казак ханлығын дүзген Жәнибек ханнын сарайында (XV әсирдин 2-ярымы) хызмететкен, саўатлы, мәдениятлы, өз заманынын озыкадамы болған делинеди. «Жийреншенин айтканы» деп алынған көп гәплер бүгинги күнге шекем жетип келип, өзинде терен философиялык пикирлерди камтыған. Ол туўралы ушырма гәплер, кыска косыклар, толғаўлар дөрелген. Мәселен, бир

толғаўда Жийренше шешен «Бул дүньяда не өлмес? Жак-сынын аты, алымнык хаты өлмес»,— дейди. Бунда Жийреншенин жаксылыктын, билим-илимнин мәнги өмир сүретуғын-лығын көрсетип, бахалағанын көремиз. Асан кайғы туўралы дөрелген фольклорлык шығармаларда да заманынын халык данатығы, терен философиясы сәўлелениуйн тапкан.

XVIII әсир ўакыялары «Дәўлетиярбек» дәстанында Да өз сәўлелениуйн тапкан. Дәстан коныратлы батыр, шайыр, баксы Дәўлетиярбектин өмири туўралы сөз етеди. Онын әкеси Еш-мурат Коныраттын найыбы болып, каракалпактын балғалы уруўынан болған. Дәстанда сөз етилиуйнше Дәўлетиярбек Хий-ўа ханынын жазасынан түркменлердин арасына кашып кет-кен, оларды Иран баскыншыларынан корғаўда батырлыкеткен, сол себепли еки халык ушын да тендей кахарман саналады. қарақалпақ халкы арасында жүдә көп ышкы-мухаббат хак-кындағы дәстанлар, халык косыклары көп таркалған. Солардан «Ғәрип-ашык», «Саятхан-Ҳәмра», «Гөруғлы» х.т.б.лар халык тәрепинен сүйип тынланады.

Күлки ямаса анекдот жанрынын хәммеге белгили образы Өмирбек лаккыны Атдар-көсе, Хожа Нәсиреддин образлары менен бир катарға койыўға болады. Өмирбек лаккы хаккында, онын кылыклары, сөзлери туўраты халык арасында кеннен белгили хәм көбинен көп тенсизлик, әдилсизликке карсы гүресши сыпатында суўретленеди.

Кахарманлык дәстанлар менен толғаўлар тийкарынан жыраўлартәрепинен аткарылған болса, кыссалар кыссаханлар, мухаббат хаккындағы косыклар менен дәстанлар баксылар тәрепинен аткарылған.

Жыраўлардын колланған саз әсбабы кобыз болса, баксылар дуўтар шерткен. Олардын катнасыўысыз хеш бир той, хеш бир байрам өтпеген.

Халык арасында жыраўшылык Қоркыт-атадан басланған деген түсиник бар. Қаракалпак халкынын ен көрнекли жы-раўларынан Соппаслы-сыпыра жыраў (XV) болып, ол Токта-мысханнын сарайында хәм ўәзир (кенесгөй) хәм жыраў хызметин аткарған[2]. XVIII-XX әсир басларында Жийен, Халмурат, Казакбай, Шанкөт, Ербай, Жийемурат, Нурабылла, Айтуўар, Кабыл х.т.б. аты

шыккан жыраўлар көп әсирлик мийрасымызды бүгинги күнги әўладка жеткериўде садыклык пенен хызмет еткен. Ал баксышылык өнери өзлеринин аткарыўшылык жол-ларына карай белгили алым Н.Даўкараевтын пикиринше еки мектепке Муўса хәм Сүйеў баксылар мектеплерине бөлинген. Улыўма алғанда Муўса, Сүйеў, Акымбет, Ғәрипнияз, Арзы, Кутым баксылардын атлары халык арасында елеге дейин хүрмет пенен тилге алынады. Ал уллы шайырымыз Бердак та халык арасында баксы сыпатында үлкен хүрмет хәм иззетке ийе болған.

### 3.3. Жеп жағалы қарақалпақлардың арасындағы жәмийетлик ой-пикирлер

XIX әсирдин акыры-XX әсирдин баслары каракалпак халкынын жәмийетлик-сиясий турмысында унамлы ҳәм унамсыз тарийхый ўакыяларға оғада бай болды. Бул ўакытлары Россия империясынын Түркстанды, сонын ишинде Қаракал-пакстанды күш пенен басып алыўы әмелге асты. Орын алған бул әдалатсызлыкларға хәм Орыс империясынын жүргизип атырған езиўшилик үстемлигине каракалпак халкы, әсиресе ойшыл-зыялылары халыктын ҳукыкын, тынышлығын бузыў деп, айрыкша наразылык пенен баха берди.

Тарийхый өзгерислерге байланыслы үлкеде капиталистлик өндирис катнасыкларынын жүз бериўи, жәмийетлик-сиясий турмыста миллий азатлык хәрекетлеринин хәўиж алыўы, жана жәмийетлик баскышларға кетерилиўи көзге түсти. Халыктын пикирлеў дүньясында ояныў ушын жәмийетлик-экономика-лыкдерекпер пайда бола баслады. Орыс колонияшылығынын унамсыз тәреплеринин көп болыўына карамастан, хәр кый-лы мәдeният орынларынын, баспа уйымларынын дүзилиўи әмелге асты.

Газета, журналлардын елдеги ағартыўшылык көз-карасла-рынын раўажланыўына тәсири күшли болды. Нәтийжеде Түркстан, сонын ишинде Каракал п а кстан кен көлемдеги эко-номикалык, мәдений-жәмийетлик турмыс

ағымына араласа баслады. Объектив жәмийетлик нызамлыклар нәтийжесинде патша хүкиметинин ыктыярына карамастан үлкеге орыс, татар, әзербайжан зыялылары аркалы сиясий мәдений тәсирлер, жана жәмийетлик ой-пикирлер түрли жол менен ен жайды. Әстелик

пенен болса да улыўма россиялык хәм пүткил дүньялык жәмийетлик пикирлер орталығына араласыў жүз берди. Булар сол ўакыттағы каракалпак шайыр ойшылларынын дүньяға көз-карасларында өзгерислердин, жана жәмийетлик ой-пикирлердин пайда болыўына алып келеди.

Бул дәўирде тарийхый-жәмийетлик жағдай тәсиринде Түркстан бойлап ағартыўшылык-жәдид ағымы жүзеге келди. Жәмийетлик-сиясий хәм мәдений-ағартыўшылык ағым-жәдид философиясы елде миллий ояныў идеологиясы ўазый-пасын аткарып, ғәрезсизлик, еркинлик ушын гүрес алып барды. Жәмийетлик сана түрлерин уйымластырыўшы барлык тараў-ларды өз и шине жәмледи. Сиясаттағы, көркем өнердеги идеяны жаналап, жана мектеп концепциясын пайда етип, алдыкғы пикирдеги билимлендириў реформасын әмелге асырды. Ағартыўшылык-жадид философиясы өзлеринин халыклык демократиялык, әдалатлык, миллий азатлык пикирлерин жәмийетлик раўажланыўға, ағартыўшылык ислерине бай-ланыстырып түсиндирди. Әсиресе XIX әсирдеги хәм оннан бурынғы каракалпак халкынын жәмийетлик ой-пикирлери

**XIX** әсирдин акыры—**XX** әсирдин басындағы миллий азатлык көз-карасларынын раўажланыўына және онын кейинги көтерилиў баскышларына дерек болыў менен бирге келешек бағдарланыўын да белгилеп берди.

XIX әсирдин акырындағы Әжинияз, Бердак хәм Өтеш шайырлар классикалык әдебият пенен ағартыўшылык әде-бият арасындағы тийкарғы өткел болды. Өтмиштеги жәмийет-лик философиялык пикирлердин ен жаксы дәстүрлерин олар

XX әсир басындағы Аннакул, Кулмурат, Сыдык, Әбдикәдир, Омар, Казы Мәўлик, Жанабай, Сәпиўра, Аяпберген, Сейфулғәбит,

Аббаз хәм т.б. ағартыўшы шайыр-ойшылларға инам етти.

XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басындағы каракалпак халкынын жәмийетлик ой-пикирлери тарийхында Әжинияз Косыбай улынын орны айрыкша уллы. Ол шайырлык мәде-нияты, окымыслығы менен айрыкша көзгетүскен каракалпак халкынын әдебияты хәм жәмийетлик философиялык ой-пикирлери тарийхында үлкен тулға болып есапланады. Ой-шылдын дүньяға көз-карасы суфизм тәлийматы тийкарында кәлиплескен. Суфизмнин (тасаввуфтин) ертеден-ак ислам-

дағы аирықша дыккат аударатуғын илим сыпатында жүзеге келгенлигин терен түсинген Әжинияз «Йурсен» косығында суфизмди «илими тәўсип» түсинигинин ишине енгизип кабыллаған ҳәм бул адамды илимди пәк инсан сыпатында кәлиплестирип шығарыўшы, өз мазмунына болмыстағы оғада кен машкалаларды жәмлеўши тәлиймат деп баҳалап, бунын талап-кағыйдаларына бәрше инсан әмелий иләж ислеўи зәрүрлигин түсиндирди. Өзин қудайдын кулы сыпатында есап-лайтуғын хәр бир адам «илими тәўсипке» сүйенген халда жүрис-турысын дүзетиўи лазымлығын баянлады.

Шайыр «Демишлер» қосык шежиресинде суфизм тәлий-матын жетик, өз дәрежесинде түсингенлигин көрсетеди жәнe онын төрт баскышы (шәрият, тарийхат, маърифат хәм хакыйкат) бар екенлигине итибар қаратты. Әсиресе уллы ой-шыл данышпан Хожа Ахмед Яссаўийдин тасаввуф тәлий-матын терен билди, оны айрыкша хүрмет тутты. Буны

Түркистанда Хожа Ахмед Яссаўий, Өзи алым, суфылыктан көрген сый,
Тарийхат, Маърифат, жолы Ҳакыйкый, Ләззетли хикаят туткан
демишлер

—деп баянлаған еди. Хожа Ахмедтин суфизм тәлийматын бар ыкласы менен берилип жаксы көргенлигин хәм оны мөмин-мусылманларды адамгершиликке кәлиплестирип жетилис-тириўде курал етип колланғанын, ләззетленип ис алып барғанлығын сөз етеди.

Суфистлер маърифат баскышында пантеистлик түсиник билимлер менен

куралланған. Усы себепли суфистлик дүнья көз-караска ийе Әжинияздын түсиниклеринде пантеистлик тәлиймат суфизм менен өз-ара байланыслы бир уғым сыпатында орын алған еди.

Пантеистлер барлык нәрсени кудай жоктан бар кылып өзинин хәмме түсинип жетилисе алмайтуғын кәраматы нәтийжесинде жаратып отырады. Алла жәмийетлик турмыста, тәбият кубылысларында нени пайда етиўди кәлесе соны әмелге асырған. Бул хаккында: «Бәршени яраткан кәдир кудадин», инсан, сен де «Куда хәмири билан дүньяға келдин», «Йокдын бизни бар айлаген кудайым, Бизлерни бәледен сак-лағай дайым» деп жазған еди. Әжинияздын түсинигинше кудай дүньяны жаратты хәм усы дуньянын барлык жеринде ара-ласып жүреди, дүнья, тәбият, кудай өз-ара карысып кеткен. Сонлыктан Қудай таала күнделикли инсанлар турмысында адамлардын барлык ис-хәрекетин баклап, нәзеринен тыскары калдырмайды. Кудай беккем ерикке ийе, даналыкта, тени-тайы жок. Жаратылыс, болмыстағы ўакыяларды жарылкаўға, яки каралаўға тайын турыўшы адамлардын турмыс тәғдирине, тәбияттағы хәдийселерге бәркулла араласып жүриўши бул дуньянын ийеси деп түсинди, егер адам жазыксыз биреўге жәбир көрсетсе, кудай онын жаман кылығынын өлшемине карай жазасын тарткызады. «Бийхак жәбир етип ришўа алма-ғыл, кудайынны хэзир билин яранлар» деди. Алла таала адам-лар турмысында тэбийий орталыкта араласып жүрипти, сол ушын инсанлар суфизм тәлийматындағы әмелий ислерди тәртип-кағыйдалар негизинде жүзеге асырып жасайды. Қудай адамлардын көзине көринбейди, хеш бир бенде оны мэкан-кенисликте, бел гили орында байкай алмайды. Ол адамлардан алыста хэм адамлар менен бирге араласып жүреди, деп түсинген Әжинияз суфизм тәлийматына сүйене отырып ондағы маърифат баскышындағы билимлер тийкарында: «Кудайға кас илми ғайып» деп жазды. Кудай өз кәраматы, илими тийкарында инсан көзине көринбей кетиў кәсийетине ийе. Кудайды би-лиў, таныў ушын, онын дийдарын көриў максетинде инсан илим, маърифат үйрениўи зәрүр. Илим ол дүнья хэм бул дүнья ушын да керек. Эсиресе Кудайды танып, онын алдына барып, мәнгилик дүньяға ерисиўи ушын дәркар деди. Буны

«Демишлер» косығында:

Илим бирле билмек екки дүньяны Инсаннын парызы уэ карызы демишлер,

деп, илим үйрениўдин тек ол дүнья ушын ғана емес, ал хакый-кый тиришиликтеги жэмийетлик турмыс ушын да зәрүрлигин тәрийпледи. Әжинияздын суфизм тәлийматын жетик өзлестириўи, жаратылыс, жәмийет хаккындағы пикирлери Кдракалпакстан-дағы XIX әсирдин акырындағы дүньяға көз-карастыц мазмун-ласыўына, жетик инсанлардын кәлиплесип шығыўына мил-лий-азатлык бағдар белгилеп берди.

қарақалпақ халкынын уллы ойшыл-шайыры XIX эсирдеги Орайлык Азия данышпанлары арасында көрнекли орынға ийе Бердак Ғарғабай улынын (1827-1900) жэмийетлик фило-софиялык ой-пикирлери өзине тән өзгешеликлерге оғада бай. Әжинияз сыякты онындадүньяға көз-карасын аныкпаўушын алды менен Шығыста күтә ертеден ен жайған тәлиймат су-физмге сүйениў зәрүр. Бердактын дүньяға көз карасына дерек болған суфизм философиясы шексиз дүньядағы есапсыз зат ҳәм кубылыслардын барлығы белгили бир иләхий нызам тийкарында раўажланыўшылыкка ийе екенлигин, ҳеш бир нәрсенин мәлим кағыйдалардан шетке шыкпаслығын, барлык жанлы-жансыз затлар, ҳәттеки инсанлардын өзлери де бел-гилеп койылған иләхий тәртипке сай хәрекет еткенлиги ушын ғана бар болып турғанлығын дәлийллеўши көз-караслар системасы еди. Бул философия бойынша жаратылыс дүнья-сында уллы ретлестириўшилик, күдиретли ишки тәртип, кийели ишки интизам себепли өз-ара байланыслар орын алған. Тәбият хэм жаратылыс кубылысларын сөз еткенде суфизм панте-истлик түске ийе. Бердактыц жаратылыска пантеислик көз карасын сәўлелендириўши «Излер едим» косығында дүнья төрт нәрсенин курам ынан—жер, суў, хаўа ҳәм оттан ибарат-лығы хаккындағы түсиниклери нәзерде тутылған: «Төрт нәрсе дүнья төркини, әўел Ҳак, инсан, бил буны» деп айткан еди. Бердак жаратылыстыц пайда болыўы хаккындағы пикир-леринде бул төрт элементтен де алдын

Ҳактын-Кудайдын бар болғанлығын баянлады. Усылай етип ойшыл философиялык көз-карасларында жердин кенислик пенен бирге жасайтуғынлығын, кудайдын жерди жаратарда кенисликти, аспанды бирге пайда еткенлигин, кенисликсиз жер болмайды деген тәбиятжаратылысы хаккындағы түсиниклеринин орын алған-лығын көремиз. Сондай-ак ойшыл: «Жерди, көкти халык әйлеген кудайым», деп те жазған еди. Дүнья Алла тәрепинен халыктын ийгилиги ушын жаратылған. Қудай менен жаратылыс дүнья өз ара байланыска ийе деп ойлады. Қудай хәм жаратылыс ортасында тәбийий катнас бар. Сол ушын жара-тыўшы кандай кәсийетке ийе болса, онын пайда еткен материаллык дүньясындағы затларда сондай кәсийетке ийе. Яғный жаратылыс та кудай сыяклы мәнги хәм шеги жок деп материяны-тәбиятты кудай дәрежесине көтерип, бул екеўин бөлекпемей бир деп түсинди. Кудай бул тәбияттын өзи, кудай менен тәбият бир пүтинликти пайда етеди, деп ойлаған Бердак «Излер едим» косығында: «Бул дүньянын жокдур мини, Бахыт бол деп излер едим»,-деп дүньяны пайда еткен кудай, дүнья кудайдын материядағы кöриниси екенин нәзерде услап, кудайдын, «бул дүньянын мини» жок деп кудайдан, яғный дүньядан, жәмийетлик болмыстан бахыт излейтуғынлығын айтады. Усылай етип, дүнья адамлардын бахытлы жасаўы ушын жаратылған деген идеяны көтерип шыккан Бердактын суфистлик-пантеистлик концепциясынын орайында кудай, ал онын суфистлик-гуманистлик концепциясынын орайында инсан турды. Ол суфизм тәлийматына сүйене отырып, алды менен инсан тәғдирине ой жуўыртты. Адамлар арасында өз-ара муриўбетти, адамгершиликти, сакыйлыкты кайыр-сакаўатлылыкты, өз өмирин дос-яранлары, жакын-жуўыкла-рынын мүтәжликлерин питкериўге, зәрүр адамларға затлай яки руўхый таманнан жәрдем бериўге бағышлаўшыларды хакыйкый мусылманлар деп бахалады. Жеке өмиринде мөмин-мусылман сыпатында ҳадал жасаўға, сырткы хәм ишки тәреп-тен өзин пәк услаўы, нәпәк, жаманлардан аўлак жүриўге, кудайдан корыкпай әдалатсызлык ислеўшилерди жек көриўге шакырды. Әсиресе «Жаксырак», «Халыкушын», «Излередим», «Заманда» косыкларында, «Акмак

патша» дәстанында ислам тәлийматынан, куран хәм хәдис даналыкларынан келип шығып, шарият кағыйдаларына сүйене отырып, айырым дүньяпараз адамлардын пукараларға көрсеткен зулымлығына, олардын халыкка ислеген талан-таражлык хәрекетлерине карсы мийнеткеш халыктын наразылығын сөз етти. «Заман калай заман болды, жарык жолды излер едим»,-деп жәмий-еттин унамсыз таманларын сынға алды. Замандағы кыйын-шылык турмысты байкай отырып жәмийетти акыллылык пенен демократиялык мазмунда баскарса халыктын аўхалы абаданласады деп, жэмийетлик турмыска өзгерис киргизиў пикири менен карады. Шайыр «Маған бер», «Екен» косыкларында, дүньядағы барлык нәрсе өзгеристе, раўажланыўда болады. Жаксы ислер жарамас хэдийселерди бийкарлап отырады, хеш бир нэрсе мэнги емес. Бир әўладтын орнына екиншиси, бир дәўирдин орнына баска заман келеди, болмыс катып калған емес, жаналанып аўмасып отырады деп түсинди.

Онын жәмийетлик-философиялык көз-карасы жәмийетлик әдалатлыкты талап етип, колониализма, миллетти аяк асты кылыўшылыкка карсы гүресиўтилек!ерин жанландырды. Буны «Айдос бий», «Ерназар бий», «Акмак патша» поэмаларынан айкын байкаймыз. Шайыр «Болған емес», «Жаксырак», «Заман-да» косыкларында жәмийетлик турмыстағы жүз берген ўакыяларға сол ўактағы реал шараятка негизленип баха бериўди, оны таллап пикирлеўди, өтмиштеги тәжирийбелердин нәтийжесин есапка алыўды талап етти.

Сол ўакытта хәўиж алып атырған тарийхый ўакыяларға, орыс колониализмине, ағартыўшылык философиясына дык-кат пенен сер салды, таллаў жасады. Үлкеде таркалып атыр-ған ағартыўшылык, жадид философиясы тәсиринде билимлен-дириўдин хызметине айрыкша әхмийет берди. Усы себепли: «Акылы кәмил илими зор. Билимли ел болмайды хор» деп жазды. Билим, илим ғана халыкты ток турмыска, абадан өмирге еристирип, жәмийетти гүлленген орталыкка айландырады деди. Әсиресе ағартыўшылык ислерин, билимли болыўды жәмий-еттеги әдилсизликке, хукыкбузыўшылыкка карсы гүрес усылы деп есаплады.

Турмыстын абаданласыўын ағартыў жолы шешип береди деп, ағартыўшылык

исине жәмийет пенен инсан ортасындағы барабарлыкты жүзеге келтириўши кубылыс сыпатында айрыкша әхмийет берди. Ол орыслардын қарақалпақстанды (Орта Азияны) колония етип басып алыўшылыкхәрекетлерин («Хорезм») каралады. Ҳәр кандай халыктын екинши бир миллетти аяк асты кылыўына карсы шыкты. Бул исте үлкеде ен жайып атырған ағартыўшылык ағымын елдин ғәрезсизлигине
умтылдырыўшы күш деп түсиндирди. Шайыр «Излер едим» косығында:

«Шешиў ушын пикири бәнтин, мен мағрифат излер едим»

деп барлык нәрсенин, дүньяны билиўдин де, жәмийетлик жетилисиўдин де тийкарғы шешими ағартыўшылыкка байланыслы екенлигин айтты. Билим елдеги саналылыкты көтереди. Азатлык, ғәрезсизлик мазмунын дурыс түсиниўге еристиреди деди. Бердактын бул пикирлери усы күнги ғәрезсиз елимиздин кәдирин еледе теренирек түсинип, оны беккемлеп раўажландырыўда үлкен әхмийетке ийе.

қарақалпақ халкынын XIX әсирдин акыры—XX әсир ба-сындағы жәмийетлик-философиялык оцларынын раўаж-ланыў тарийхы Өтеш Алшынбай улынын (1828-1902) дөре-тиўшилиги менен тығыз байланыслыкка ийе. Онын дүньяға көз карасындағы[1] түсиниклери заманындағы ағартыўшылык идеялар тәсиринде және раўажланыўға еристи. Ойшыл жасаған дәўир шийеленискен тарийхый ўакыяларға айрыкша бай еди. Ол каракалпак халкынын XIX әсир ортасындағы миллий азатлык хәрекетлеринин кураллы көтерилислеринин идео-логларынан болды. 1873-жылғы орыс басып алыўшылығын басынан кеширди.

Шайыр философиялык көз-карасында жаратылыс хак-кында пикир жүргизип («Дәркар»), барлык нәрсени дөретиўге себепкер кудай екенлигин айтты. Егер «Ҳактағала үммет десе» адамлардын бахты ашылып, абаданшылык орнап кетиўи тәәжип емеслигин түсиндирди.

Усыған карамастан жәмийетлик хәдийселерге дурыс пикир жүргизиўди дәстүрге айландырған Өтеш тәбияттын, жәмийет-тин өзине тән раўажланыў

нызамлылыклары бар екенлигин байкады. Абадан, жаксы турмыс инсанлардын бул максетке пидәкерлик пенен умтылыўы нәтийжесинде жүзеге асатуғынлығын, кудайдын адамлар тәғдирине, турмыстағы ўакыяларға гейде катнасы болмай калатуғынлығын сезе баслады. Ол адамлардын кыйын жәмийетлик аўхалға түсип турыўынын баслы себеби әд&1атсызлыкты коллап-куўатлаўшы феодаллыкбаска-рыў дүзими екенлигин түсинди.

Заманнын барлык хүкимшилигин қолға алған феодал «душпанлар жер тиреп» тур еди. Шайыр жәмийеттеги бундай әдалатсызлык, тенсизлик қубылысларына наразы болды. «Я дүзелер, я кдпылар, мына дүньянды сәўмеймен» деп жасап атырған жәмийеттин сүйсинип, кызығар орны калмағанлығын, адам жасаўы мүмкин емеслигин ашык айтты.

Бул шийеленискен кыйын аўхалды таллаў жасап феодал-лык дүзимнин кимнин дүнья малы, пулы болса соны куўат-лайтуғынын әпиўайы пукара халык ушын курылған дузак екенлигин түсинген ҳалда бул тенсизликтен кутылып, халыктын бахытлы заманға ерисиўи ушын феодаллық, әдалатсыз-лыкка карсы гүрес жүргизиў дәркарлығын түсиндирди. Фео-даллык дүзимге карсы гүрес алып барыў исинде екилениў, коркыў керек емеслигин өтмиш тәжирийбелерине сүйенип оларға үлкен жедел менен топылыс жасаў лазымлығын ескер-тип, халыкка жигер бериўши пикирлер айтты: «Хүжим етсен душпанын ўайран» болып жениледи деди.

Өтештин түсинигинше, турмыстағы феодаллык унамсыз катнасларды хәм зулым хәмелдар бай, бийлерди әдалатлы тәртипке бойсындырыў керек, «Куртпаса халык залымды», өз азатлығын, жәмийеттен тенлигин ала алмайды. «Акыллы адам душпанларын куртарлар, сонда онын иси раўаж болар» деп жазып, жаксы жәмийет дүзип, турмыстағы әдилсизликлерди жок етиўге гүреске шакырды. Халыктын демократиялык дүзимди орнатыўына исеним менен караўы лазымлығын түс-индирди. Бул ушын адамлардын сырткы хәм ишки душпан-ларға карсы гүресиўи максетинде беккем аўкамласыўшылығы зәрүр деп есаплады.

Шайырдын пикиринше, жәмийеттеги адамлардын бир-лескен күши үлкен

күдирет. Инсанлар аўкамласыўшылык пенен ойласып ис кылса женбейтуғын кыйыншылык жок, турмыстағы аўыр ислерди халык жәмлесип ғана шешиўи мүмкин «Ойлансан, бириксен таўдан асарсан» «Жигитлер бириксен алмас жаўын жок, жигитлер, бириксен питпес даўын жок», деди. Әсиресе душпанларға үстем болыўда хәр кыйлы езиўшиликтен азатлыкка ерисип, оны жениўде халыктын аўызбиршилик пенен топланыўы лазымлығы, «Көрсетип душпанға сансыз кырларды, халык бириксе аскар таўдан асыўға» болатуғынлығы шайырдын жәмийетлик-сиясий көз-карасындаайрыкша орын ийеледи. Ол жәмәэтлесип, шөлкем-
леспей дара хәрекет кылыўдын надурыслығын, бирлескен елди баскаратуғын дана сәрдар, басшы зәрүрлигин айтты. Бир аўкамда бирликли болып жасаў адамларда ел мәпине, х&аык хызметине умтылыўды, халыклык ис ушын кызыксыныўды, халык пенен бир тилекте жасап елинин патриоты болыўын қәл и плести ретуғынын түсиндирди.

Шайыр халыктын өз азатлығына ерисиўин, жергиликли феодаллар хәм орыс колонизаторларынын үстемлигинен ку-тылып, тенликте жасаўына пикирлер айта отырып, жәмийетлик өзгерислер ушын гүрес жолын ағартыўшылык идеялары менен байланыслы баянлады. Илим-техникасы раўажланған еллер-дин менгерген өнер, билимин каракалпак халкынын да өзлестирип алыўына укыбы жететуғынын түсиндирди. Ел басшыларынын, өнермент-устазлардын жасларға заманагөй илим, бил им берип, үлкеге жаналыклар алып келиўге умты-лыўын, илимли, билимли етиў аркалы халыкарасында миллий азатлык хәрекетин жанландырыўды айрыкша нәзерде тутты. Эсиресе бул дәўирдеги жәмийетлик ой-пикирлердин раўажланыўы СыдыкТокпан улы (1857-1917) көз-карасы менен байланыслы еди. қарақалпақ халкынын белгили шайыр-ойшылы Сыдык Токпан улы XIX әсирдин акыры-XX эсир-дин басындағы өзи жасап атырған жәмийетлик турмыска, үлкени орыслар басып алғаннан сонғы гездеги мәмлекетлик өзгерислерге, онын дүзилисине, баскарыў хәм баскыншылык тәртибине дыккат пенен таллаў жасады. Орыслардын баскын-шылык хәрекетлерине, халыктын бирлигин бузыўшылығына наразылык

билдирип, оларды жек көргенлигин баянлап жәмийетлик-сиясий ой-пикирлерин сөз етиўши «Заман» ат-лы қосығын жазды. Бир пүткил ел болып жасап атырған каракалпак халкынын орыс басып алыўынан сон еки аймакка бөлингенлиги (он жағалык, сол жағалык) нәтийжесинде «бир журтка еки патша болып кетти баска-баска» деди. Бул бүл-гиншиликтен пукаранын тозып, кыйын турмыска дуўшакер-лескенин ак патша әскерий бюрократиялык тэртип пенен адамларға дөхмет жаўып жазалап, салык салып, «пукаранын айын алып», елдин куўатын кетиргенлигин, адамлар инсанлык хукыкынан айырылғанын баянлады. Шайырдын пикиринше, ел басшылары халыктын абаданшылыктурмысын ойламаған-лықтан, үлкедеги жәмийетлик тәртиплерди, экономиканы дурыс жолға коймағанлыктан хәм акыллылык пенен шөлкем-
лестириў ислерин алып бармағанлыктан халык арасында ашаршылыкжүзеге келип тарийхый «ак капшык» жылы пайда болады (1911). Ол усы ўакыяларға байланыслы жәмийетлик экономикалык темадағы «Ак капшык» косығын дөретип, бунда: «Байлар гедей болды, гедейлер сайыл» деп жазды. Ел басшылары халыктын мәпин гөзлемегенликтен адамлар ийнине коржынын салып, хакдаўға шыкканлығын, кимселер-дин жокарыға кеткенин, ул атаға, кыз анаға кдрамай дәрбедәр-ликке түскенин, «сондай пәсент заман болды, яранлар» деди. Сыдык Токпан улы заманлас ойшылларынан өзгешеленип орыслардын қарақалпақстанды басып алыўын пүткиллей ка-ралады, жәмийетлик көз-карасындағы баслы пикирин әдалат-сызлык пенен карак&зпак елин басып алыўына, колонияға айландырыўына наразылығын билдириўге каратты.

Сондай-ак сөз етип отырған дәўирдеги жәмийетлик ой-пикирлердин мазмунласыўында Әбдикәдир Бекимбет улы-нын (1860-1930) туткан орны да елеўли болды. Көп нәрселерди билиўге, сиясий сан&зылығы жетилискен Әбдикәдир 1905-1907-жыллардағы каракалпак үлкесиндеги азатлык хәрекети-нин өсиў жағдайлары менен, сондай-ак реакция дәўириндеги хәм жана жәмийетлик көтерилиў жылларындағы (1908-1914) ўакыялардан мәлим дәрежеде хабардар болды. Шайыр Россия патшасынын 1916-жылы Каракал

пакстаннан мәрдикарлыкка (фронт артында жумыс ислеўге) адам алыў хаккындағы буй-рығына карсы шыкты хәм халыкты бул иске наразылык көрсетип, көтерилиске шығыўға шакырды[1]. Мәрдикаралыўдын баскыншы ак патша ушын пайдалылығын, ал халык ушын аяўсыз езиўшилик екенлиғин айтты.

Орыс колони&зизминин халыкты езиў сиясатын шайыр-дын дурыс абайлап, бул кубылысларды сынға алыўы «Мегзер» косығында айрыкша жаксы баянланған. Ак патша хәм жерги-ликли бай, сүтхорлардыц халыкты әдилсизлик пенен езип, хәркыйлы жоллар менен «Аямай өз елин өзи тонап» атырға-нын, «Куўып-айдап кәмбағ&щы, бийлер жүдә жаман болғанын», жәмийет баскарыўынын оларға бул иси ушын «кец жол ашып берғенин» айтып, жасап атырған дәуир халыкушын «мәнпә-әтсиз замам бодды»,— дсп жазды. Жәмпйетлик-экономикалык мазмундағы «Бай менен жарлы* косығында адамларды тур мыста бай хәм жарлылыкаўхалда жасаўға гириптар етип кой-ған экономикалык тенсизлик деп шешип берди хәм жәмий-еттин әдилсизликке тийкарланыўынын экономикалык негизлерин белгили дәрежеде түсингенлигин абайлатты.

Әсиресе «Ол неге дәркар» косығында зулымлығын елге жетирген, залым Хийўа ханынын хәм ак патшанын алып барып атырған езиўшилик хәрекетлерине халыкты карсы болыўға шакырды. «Ғәрипти зарлатып, байды колласа, бундай залым патша, ол неге дәркар»,— деди.

Шайыр елди баскарып отырған басшыларда, «Болыс, аксакал кара бет»лерде бундай унамсыз ислердин орын алыўы олардын халыкты, жәмийетти баскарыў түсиниклеринин кем екенлигинен, кеўлинин адамгершилик нур менен ағармаған-лығынан деп ойлайды. Олардағы бул наданлык әламатларын сапластырыў илажларын карастырды. Адамлар билимге, акыл-парасатка ийе болып кәлиплессе, хаткы ушын кайырком болып жетилиседи, акыллылыкты ийелеген инсан акмаклык минез-кулыктан аўлак болады деп, өз заманын абаданластырыў мак-сети нде адамларды н илим, бил им азыўына, елдин ағартыў-шылык нийеттеги жәдид ағымына умтылыўына айрыкша дыккат

аўдарды.

Сөз етип отырған дәуирде елдеги экономиканын, мәде-нияттын раўажланыўдан изде калыўынын базы бир себеплери ағартыўшы шайыр Сейфулғабит Мәжитовтын (1867-1938) жәмийетлик-сиясий түсиниклеринде айрыкша орын ийелейди.

Шайыр «Жерди бежер», «Болып өтти», «Кызларға» х.т.б. косыкларында жәмийеттин хәм тәбияттын өзинше объектив раўажланыў нызамлыпсзары бар екенлигин, адамлар келешекти белгилеўди жәмийетликтурмыстағы болмыс хакыйкатлығына байланыстырып излеўи кереклигин, инсанлардын тәбиятты хәм жәмийетти анализлеп билиўи, ондағы бар хакыйкый мүмкиншиликлер жәмийетлик турмысты пайда ететуғынын, жәмийет пенен тәбият өз-ара байланыслыкта екенлигин баянлады.

Дүньяға көз-карасында жәдидиз.м хәм ағартыўшылык философиясы мазмунласкан. Сейфулғабит Мәжитов халыкка жетиспеўшиликтен, байдын жумысын ислеп езилиўден азат болып, «Кутылмағын окыўдандур»,—деп түсиндирди. Усы максетте, ел ишинде ағартыў исин жаксылаўды нийет етип, Шымбай болысы Инаятка косык пенен хат жазды (1907). Ески усыл мектеплериндеги кыйыншылыкларға салыстырғанда,

жадид мектеплеринин жасларға ансат усыллар менен хат саўат үйретиў жетискенликлерине ийе екенлигин, бул мектеплерде диний сабаклар менен бирге өмирде жийи колланылатуғын география, арифметика, жер өлшеў ҳәм баска да дүньялык пәнлерден сабак берилетуғынын, булар жаслардын ой-өрисинин раўажланыўына, саналылығынын артыўына ерис-тиретуғынын нәзерде тутды.

Шайыр ағартыў, билимлендириў исин халыкты азатлыкка еристириў жолындағы курал деп есаплады ҳәм адамлардын турмыска белсендилик пенен катнасыўын пайда ететуғын дерек сыпатында түсинди.

Усы себепли: «Окы, ал билим, наданлыктан каш, гүрес, шы-нын менен жетип аларсан» деп жазды. Елдин гүлленип раўаж-ланыўы, окыў, илим жетискенлигине тығыз байланыслы екенлигин айтып, шайыр ағартыўшылык

философиянын өзеги астында билим, илим ийелеўди талап етти. Булар адамлардын дүньяғатүсинигин кенейтип, мазмунластырады, миллий ғәрез-сизлик пикирлерин байытады деген көз-карасларды баянлады.

Жәмийетлик-ағартыўшылык пикирлерди сөз етип отырған дәуирде Омар Сүйирбек улынын (1879—1920) көз-карас-ларында да мазмунлы кәлиплескенлигин көрсетти. Омар жәмийетлик турмыстын өзине тән раўажланыў жолы бар екенлигин инсанлардын тәғдири өмир сүрип турған жәмий-етлик дүзимге, адамлардын өзлерине байланыслылығын анла-ды. Усы пикирлеринен келип шығып ол инсан жәмийетте бахытлы жасаўы керек деген максетти өзине бағдар етип услады. Бахытлы болып «Жасамасан сум дүньядан не пайда», деп жақсы өмир сүриўди тиришиликтин ўазыйпасы етип койды, олардын турмыс абаданлығын ийелеўге умтылыўы лазымлығын тәрийпледи, усы себепли ағартыўшы жасап атырған жәмийетине ойшыллык пенен сер салды. Жергиликли бай-феодаллар менен бирге орыс басып алыўшыларынын кәмбағал халыкты езиўшилик максетлерин, колониаллык сиясатын жек көрди. Орыслардын халыкты колонияда услап, миллетти аякасты кылыўын, мийнеткешлерди тонаўшылығын каралады. «Косшым капа болма, гелле саў болсын» атлы, адамларды келешекке умтылдырыўшы косығында «Бизлерди жумсаған орыстын байы, елди көре алмай болдык сахрайы» деп, орысларға жалланып, аўыр мийнет етип жүрген жумыс-шылардын турмыс азабын шегип жасаўшылығына, орыс капиталистлеринин халыкты езип атырғанлығына нара-зылығын көрсетти [54].

Орыс колонияшылығына хәм жергиликли феодалларға жек көриўшилик пенен караған Омар: «Саў болсам аларман акырында тенлик», «Мүсәпирге нәўбет жетер» деп халык арасында хәўиж алып атырған миллий азатлык хәрекетлерине исенди хәм халыкты бул гүрестин нәтийжелерине үмит пенен караўға шакырды.

Шайыр азатлык хәрекетлеринин ен жайыўына турмыста хаял-кызлардын хызмети айрыкша екенлигине дыккат пенен карады. «Бар екен» косығында

[54] Каракалпакстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирге шекем…….166 б

оларды билимсизлик ҳәм наданлыкта өмир сүриуге гириптар етип койыў әдалатсыз-лыкдеп хаял-кызларды ағартыў ислерине кеннен араластыр-мағанша миллий ғәрезсизликке ерисиў кыйын болатуғын-лығын көрсетип берди. Омар шайыр сыяклы ҳаял-кызларды билим алыўға шакырыў шайыр Сәпиўра Жайылбек кызы (1892—1916) дөретпелеринде және де раўажландырылды.

Сөз етип атырған дәўирде орыс ак патшасынан хәм Хийўа ханынан халыкка катнаста тенлик, әдалатлык болыўын талап еткен Аяпберген Муўса улы (1880—1936) жәмийетлик-сиясий көз карасларында заманнын жаксыланып дүзлесиўин айрыкша излестирди.

Колониализм хәм жергиликли феодаллардын езиўшилиги акыбетинде жәмийетте кескинлескен кыйыншылык ўакыя-лардын үзликсиз болып туратуғынын көп көрген шайыр: «Яранлар, бул заман капылған ўакыт»,— деп дәўирге дурыс баха берип, жасап атырған жәмийетлик дүзимге кеўли толмай-туғынлығын баянлады.

Шайыр жәмийетти баскарыўшы ҳәмелдарларда адамгер-шилик пенен диянат жоклығын, мийнеткеш халыкка нырыкка сыймайтуғын зулымлык ислейтуғынын, халыктын тәғдири, жокшылыктурмысы ушын басы айланбайтуғынлығын түсин-дириўди максет етти.

Жәмийетте белгили бир тәртипке, әдил социаллык нызамға әмел кылып, тыныш парахат турмыстын орнамағанына, күши жеткенлердин тартып алыўшылығына наразы болған Аяпберген ак патшанын хәм Хийўа ханынын елди баскарыў принциплерине сын көз бенен карап бул сыяклы жәмийетлик дүзимде халыктын өз бахтына, ийгиликли әрманларына ери-сиўи кыйын екенлигин түсиндиреди. Инсанияттын әдалатсыз жәмийетте бахытлы жасай алмайтуғынлығын баянлады. Усы кыйыншылык жағдайлардан шығысыўушын халык билимли, илимли болып, наданлыктан кутылыўы тийис. Окыў-билим,акыллылык жәмийетти адамгершиликли пәзыйлетлерге бай етеди, алға раўажландырады деген сол гезде хәўиж алып атырған ағартыўшылык пикирлерди нәзерде тутып, «Бүгин» атлы косығында хәр бир жеке адамнын

саўатлы болыўын талап ете отырып жәмийетлик турмысты жаксылаў ушын халыкка ғалаба бил им бериўди[1], олардын арасында мәдений ағартыў ислерин жетилистириўди, сонда ел абаданласып, «Бизге келер шадлык заман» деп, жана дәуирге, ғәрезсиз, тенликти заманға ерисиўге үмит пенен умтылып жасайтуғынлығын түсиндирди хәм буған ерисиў ушын ат салысты.

Шынында да XIX әсирдин акыры-XX әсирдин басындағы шайыр-ойшыллар азатлыкка, миллий ғәрезсизликке ерисиў ушын түрли жоллар менен хәрекет етти. Айырымлары орыс-ларға ғәрезли, колония болыўдан күш пенен кутылыўдын тәрепдары (Қулмурат, Сыдык) болса, ал гейпаралары келисим жолы менен орыслар жәрдеминде билим-ағартыўға ерисип, саўатлы болыўға, сонын жәрдеминде хукык алыў, миллий ғәрезсизликти тиклеў (Әжинияз, Бердак,С.Мәжийтов) зәрүр-лигин нәзерде тутты. Және бир топарлары бирге ислесиў жо-лын танлады. Патша хәмелдарлары менен биргеликте олардын алға койған жобаларына катнасыў хәм имканият туўылыўы менен ғәрезсизликти колға алыў ушын мәлим таярлык көрип барыўды (Өтеш, А.Муўсаев, А.Бекимбетулы, Казакбай, Аббаз Дабыл улы) карастырды.

Усылай етип, XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басындағы каракалпак шайыр ойшыллары Россияға колония болған өз үлкесинде зулымлык, езиўшилик, әдалатсызлык хәўиж алған дәуирде миллий азатлык хәрекетлерин күшейтип, халык арасында руўхый жанланыўшылыкты пайда етти. Кдракалпакхал-кын колониялык дүзимге, онын жергиликли малайларынын тенсизлик ислерине карсы гүресиўге шакырды. Хакыйкатын айтканда олардын өзлери жасап атырған жәмийеттин уна.м-сыз тәреплерин ашыктан-ашыксынап-минеўинин, азатлыкка, ғәрезсизликке елди үмитлендириўинин, оған ерисиўге исеним менен пикирлер айтыўларынын өзи миллий азатлык гүресин алып барғанлығы еди.

Сөз етип атырған ағартыўшылык хәм жәдид ағымы каракалпак халкынын сиясий саналығынын жәмийетлик ой-пикирлеринин раўажланыўында елеўли өзгерислерди, миллий азатлык хәрекетлеринин ағартыўшылык дәуирин пайда етти. Олар XX әсир басындағы жүзеге келип атырған орыс револю-циясынын мазмунынан өз халкынын ғәрезсизлигин, азат-лығын нәзерде тутып пикир

жүргизди. Нәтийжеде сөз етип атырған дәуирдеги каракалпак халкынын жәмийетлик ой-пикирлер тарийхы миллий өзин-өзи анлаў түсинигинин хәм усыдан келип шыккан миллий азатлык хәрекетлери менен көтерилислеринин раўажланған дәуирин жүзеге келтирди.

## 3.4. Жеп жағалы қарақалпақлардың арасына жадидлердиң идеясының кирип келиўи

Патша хүкимети халык азатлык хәм революциялык хәре-кетлерди аяўсыз бастырыў менен бирге, олардын азатлык идея-ларын датоктатыўушын иләжлар корди. Мәселен 1905-жылғы «Революциялык листовкаларды ҳәм нызамсыз характердеги басылымларды кадаған етиў хәм алдын алыў режеси» патша хәкимиятынын азатлык идеяларға карсы гүрес алып барға-нынын дәлиллеринин бири еди. Бирак патша хүкимети халыкпардын азатлЫк хәрекетлерин де, азатлык идеяларын да токтата алмады.

Егер XIX әсирдин екинши ярымында азатлык идеяларын Күнхожа, Әжинияз, Бердак хәм Өтеш шайырлар жырлаған болса, оны XX әсирде Аннакул, Сыдык, Әбдикәдир, Кдзы Мәўлик, Омар, Сәпиўра, Жанабай, Аяпберген, С.Мәжитов, Аббаз хәм баска да шайыр хәм ағартыўшылар даўам етти. Олар патша Россиясынын колониаллык сиясатын әшкаралады, халык азатлык хәрекетлерин коллап-куўатлады.

Түркстан, Бухара, Хийўа турмысындағы сиясий-экономика-лыкхәм мәдений өзгерислерге байланыслы, әсиресе биринши орыс революциясынын (1905—1907-жыллардағы) ҳәм Түркия, Кытай, Ҳиндстан, Персиядағы миллий азатлык хәрекет-леринин тәсири менен күшли «жәдидизм»-сиясий хукыкый ағым пайда болды. Бул ағым жәмийетлик катламлардын хәр түрли ўәкиллерин бириктиргени менен, олардын бир-биринен социаллык шығысы хәм көз-карaслары бойынша парык-ланатуғын еди.

Бирақ, жәдидлердин ҳәммесинин тийкарғы мәселеси болған-Орта Азия халыкларынын азатлығы бойынша пикир-лери бир-бирине сәйкес еди. Жәдидизм ағымын, олардын сиясий, ҳукыкый, мәдений хәм баска идеяларын

тарийхий көз караста бахалаў зәрүрли. Жәдидлердин хәрекетлери, идеялары бәриненде бурын ағартыў мәселелеринен басланады. Коло-ниаллык хәм социаллык езиўшиликтин тийкарғы себеби, жәдидлер пикири бойынша-халықтын наданшылығы хәм қарацғылығында.

Халыктын бундай жағдайын баскарыўшылар беккем сақлап турыўға қызығады. Социаллык, экономикалық, сиясий-мәдений мәселелердин шешилиў жолы-ағартыў жолы деп, жәдидлер дыккат орайына билимлендириў реформаларын қойды.

Жәдидлер өз идеяларын теориялық хәм әмелий жағынан дәлиллеў менен шекленбей, оларды иске асырды. Жәдидлер китапханалар ашты, жана усыллар тийкарындағы мектеплер, сабаклыклар дөретти хәм баска да ағартыў ислерин шөлкем-лестирди. Өз идеяларын жәдидлер баспа сөз аркалы көпши-ликке жеткерип турды. Өз газеталарында жәдидлер каран-ғылыкка, наданшылыкка, «диний сокырлыкка», мәнисин жойыткан дәстүрлерге карсы, мәдений хәм экономикалык өзгерислер ушын үгит-нәсият алып барды.

Мәмлекет органлары ҳукыкый жәмийет ушын хызметте болыўы кереклигин билдирди. Әдилсизликти, хукыксызлыкты көрип, олар зорлыкка карсы, жергилиюш баскарыў, хәкимият, суд органларынын өзимшиллигин шеклеўди талап етти. Солай етип, жадидлер баскарыў тәртибине карсы, ески өмирге, лаўазымлы шахслардын унамсыз хәрекетлерине карсы болды.

Салык жыйнаў тәртибин жөнлеў хәм ҳукыкый кепил-ликлер дөретиў ушын талаплар койды. Бухара жадидлеринин басшысы Фитрат патшанын колониаллык сиясатына карсы, онын Азия халыкларына зыянлы ислери ҳаккында ашык түрде ғәрезсизлик хәм азатлык ушын гүреске шакырды.

Жәдидлердин Хийўа ханлығындағы ағартыў ис-ҳәре-кетлери, әсиресе жана усылдағы мектеплер ашыўына кар-сылык болмады. Себеби, Хийўа жадидлери анык сиясий талапларды билдирмеген еди.

Жәдидлер, Европадағы XX әсирдин басындағы парламент-лик монархия, республикалык баскарыў, президентлик хәким-шилик, пукаралардын демократиялык хукык еркинликлери олардын мәмлекет ислерине араласыў

түрлерине үлкен кызығыўшылык көрсетти хәм бул мәселелерге өз көз-карасын билдирди. Жәдидлер Европа мәмлекетлериндеги тәжи-рийбени көшириў емес, олардағы жетискенликперди акыл менен, жергиликли конкрет жағдайларға байланыстырыў керек екенин түсиндирди.

Жәдидлер хәрекетлери биринши жер жүзилик урыс жылларында кризиске ушырады. Хийўа жәдидлери урыс жыл-ларында сиясий көз-караска да ийе болды. Олардын арасында халык республикасы ушын хәрекет етиўшилер көбейди.

Февраль революциясынан кейин жәдидлер усынысы менен жәмийетлик сиясий шөлкемлер «жас бухаралылар» хәм «жас хийўалылар» партиялары кәлиплести. Бул дәўирде жәдид-лердин патшанын колониаллык сиясатына көз карасы ҳәм катнасы кескин түрде өзгерди.

Колониаллык хәкимшиликти сынға алыў менен шектенбей, олар улыўма колониализмди, онын пайда болыў себеплерин әшкаралап, мәмлекетлик ғәрезсизлик хаккында хәрекет жүргизди. Олар Россия демократиялык федеративлик республикасы курамында Түркстаннын миллий-аймаклык автономия болыўын талап етти. Жәдидлер өзлеринин хәрекетлер бағдарламасында жокарғы хәкимшилик органларды дүзиў, баскарыў, суд органлары бойынша аныкламалар берди.

Октябрь аўдарыспағы хәм кенеслер хәкимиятынын орнаўы жәдидлердин ис бағдарларын өзгертти. «Жас хийўалылар» партиясынын ис-хәрекетлеринин бағдары ҳәм мазмуны февраль революциясынан кейин-акөзгере баслаған еди. «Жас хийўалылар» идеялары хәм талаплары революциялык демократиялык характерде болды. Олар ашык түрде хан хәким-шилигине карсы, республикалык баскарыў талаплары менен шыға баслады. Ҳәтте, олардын биразлары революциялык көз-карастағы орыс гарнизоны солдатлары менен байланыс жасады.

Конституциялык монархия түринде мәмлекет хәкимиятын дөретиў бойынша келисимге келип, бир-бирин коллайтуғын, бирге ислейтуғын болды. 1917-жылдын апрель айында «жас хийўалылар» солдатлар менен биргеликте

Хийўада демонстрация өткерди хәм үндеў жәриялады.

Үндеўде парламентлик баскарыў талабы усынылып, бул баскарыў сайлаў аркалы иске асырылады, деп жәриялады.

Улыўма халык даўысы менен сайланатуғын уйым болатуғын болса, халык-хәкимшилик дереги болып, орайда хәм баска орынларда ғәрезсиз ҳәм суверен болыўы тийис,-деп көрсетилди. Баскарыў тийкарлары-халык ерки хәм шариат болыўы тийис деп белгиледи.

Лаўазымлы ўәзирлерди жумысынан босатыў хәм жуўапкер-шиликке тартыў талабы койылды. Жана лаўазымларға сайлаў тийкарында тайынлаў, нызам алдындағы тенлик, парахатшы-лықты тәмийинлеў көзде тутылды.

Октябрь аўдарыспағынан кейин жас хийўалылар такти-касын өзгертип, олардын көбиси кенес ҳәкимшилигин кабыл етип, кураллы көтерилис жолы менен ханды тахттан алыў, жарлылар, жумысшы ҳәм дийкан кенеслерин шөлкемлестириў, ханнын, беклердин, ири байлардын жерлерин жарлыларға бериў шакырыклары менен шыкты.

1910-жылы жас хийўалылар өзлеринин «Реформа жойбарына» «миллий-мәдений автономия» талап еткен еди. 1917-жылы 5-апрель күни Хийўа ханы жас хийўалылар үндеўине кол койды. Бирак, көп узамай-ак 1917-жыл июнь айында Хийўа ханы генерал Зайцев хэм Мир-Вадаловлар менен тил бириктирип, Россиянын ўакытша хүкиметинин жәрдеми менен жас хийўалыларды мәжилистен шығарып, камакка алды. Ноябрьде орыс гарнизонынын солдатлары камактағы 17 жас хийўалыларды азат етиўди талап етти. Хан солдатлардын талабын есапка алып, оларды жок кылыўды кейинге калдырды. Хан енди тарийхый жағдайларды есапка алып халыкты революциялык гүрестен кайтарыў ушын «ғазаўат» идеяларын үгитлей баслады.

## Жуўмақлаў

Россия империясынын Хийўа ханлығын жаўлап алыўы ханлыктын турмысында бир катар өзгерислердин жүз бериў-ине алып келди. Хийўа ханлығы аймаклык жактан өзгериске ушырады.

Әмиўдәрьянын сол жағалығындағы каракалпаклар Хийўа ханлығы сорамында болды. Қарақалпақлар тийкарынан ханлыктын әсиресе төрт беклигинде-Гөне Үргениш, Хожели, Шоманай хәм Конырат бекликлеринде жасаған. — XIX әсирдиң төртинши шерегинде Хийўа ханлығы сорамындағы каракалпаклардын саны 19995 адамнан ибарат болған. Олар тийкарынан Конырат дийканшылыкоазисинин шетлеринде-Шоманай, Кыятжарған хәм Гөне Үргениш дий-каншылык районларында мәкан баскан. Ханлыктын баска Лаймакларында да каракалпаклар жасады. Бирак ол жерлердеги каракалпаклар аз санда еди.

1873-жылдан кейинги Хийўа ханлығынын жәмийетлик-сиясий дүзилиси айтарлыктай өзгериске ушырамады. Хийўа ханы барлык исти өзи баскарды. Ханнын айткан-дегени барлык пукара ушын нызам болды..

Қарақалпақлардың турмысында орын алған баскарыў лаўазымлары-беглербеги, аталык, бий х.т.б. деп аталып, ол лаўазымлар Россия Хийўа ханлығын жаўлап алғаннан кейин де ханлыкта үстемлик сүрип калған. Бул лаўазымларға хан өзине ен исенимли адамларды танлап койған. Ҳәкимшилик лаўазымлар каракалпаклардын кәўим-уруўлык дүзилисине сәйкес белгиленген. Мысалы, каракалпаклар еки арыска бөлинетуғын болса, арысты беглербеги баскарған, үлкен кәўим хәм уруў топарларынын басында аталык турған, ал айырым майда уруўларды бийлер баскарып отырған. Елди баскарыў-дын бул тәртиби XIX әсирдин төртинши шерегинде бир катар өзгерислерге ушыраған.

Хийўа ханлығы сорамындағы каракалпаклар XIX әсирдин акырында хәм XX әсирдин басында төртке бөлинип баска-рылған. Хәр бөлимнин басында беглербеги турған. Солай етип, Шоманайдағы таза Жана каланын (Шоманайда гөне Жана кала хәм таза Жана кала болған) күн шығарында Дөнгелек көл әтирапында жасаған баймаклы хәм казаяклы уруўларын баймаклы уруўынан шыккан Косжан беглербеги баскарған. Таза жана каланын батысындағы он төрт уруў халыкларын аралбай уруўынан шыккан Кутлымурат беглербеги баскарған. Кетенлердин дөгерегиндеги Каракөл, Кдратөбе жерлеринде отырған теристамғалы, айыллы, тийекли, шомак хәм т.б. уруўларды теристамғалы уруўынан шыккан Жүсип беглербеги баскарған. Ашамайлы, кыят уруўларын ашамайлыдан шыккан Шәрибай беглербеги баскарған. Ал, Даўыт атанын түслигин-деги барлык казакларды Калжан беглербеги баскарған[2]. Хәр бир беглербегиге төрт аталык, ал аталыкларға төрт бий карaслы болған. Булардан баска аксакал хәм мурап лаўазымлары болған. Аксакалларда мөр болмаған. Мураплар мәўсимлик жумыс аткарған. Баскарыўдын бул тәртиби XX әсирдин 20-жылла-рына шекем сакланған.

Шеп жағалыктағы каракалпаклардын жерге ийелик етиў тәртиби ханлыктағы улыўма тәртипке сәйкес болған. Епде жер ийелеўдин үш түри жүргизилген. Олар ханнын жери, меншик жер хәм ўакым жер деп аталған.

**XIX** әсирдин акырына келип елдин экономикалыктурмы-сына капиталистлик катнасыклардын белгилери араласты. Жәмийетлик турмыста жүз берген жана өзгерислер өз гезе-гинде елдеги социаллык аўхалға тәсирин тийгизе баслады.

қарақалпақ аўылларында мүлк хә.м жер ийелери менен дийканлар арасындағы катнасыкпар өз-ара пайдалы шәртлерге сәйкес кәл и плести. Атам заманлардан баслап қәлиплескен бул катнасыкпар-жарымшы, егиншерик, дийкан жүриў, күнликши, сүтине, көгине, саўын, майына, төлжары, көмек, асыраў[1] деп аталған. Усы тәртипте бай адамлар, ири жер ийелери жарлы-жакыбай ағайинлеринин күшинен пайдаланған. Жери, күш-көлиги, курал-сайманы жок дийканлар жарымшы болғанда ири жер ийелеринин жерин олардын күш-

көлиги хəм ку-рал-сайманлары менен еккен хəм тəрбиялап жыйнаған. Сонында өнимди тен бөлисип алған.

Хийўа ханлығы сорамындағы каракалпаклар аралас хожа-лыкжүргизди. Олар дийканшылык, шарўашылыкхəм балык-шылык пенен шуғылланды. Коныраттынтүслигиндеги Шоманай, Гөне Үргениш бекликлери аймакларындағы суўғарылып егин егилетуғын жерлерди мəкан еткен каракалпаклар тийкарынан дийканшылык пенен шуғылланды. Бул топар-дағылар косымша шарўашылыкты да жүргизди. Ал, тениздин жағалаўында, дəрья бойларындағы басыў жерлерде жасаўшы каракалпаклар шарўашылыкты, дийканшылыкты, балыкшы-лыкты тен жүргизди.

Дийканшылыктын тийкарғы түрлери-гүзлик бийдай, жаз-лыкбийдай, арпа, жүўери, салы, тары, кендир, мəш, гүнжи, каўын, ғарбыз, аскабак, палаў кабак, суў кабак, айғабағар, гешир, пияз х.т.б.лардан ибарат болған. Сонын менен бирге пахта хəм жон-ышка егилип алынған.

Сол жағалыктағы халыклардын турмысында шарўашылык ен əхмийетли тараў болды. Казакларда хəм түркменлерде тий-карғы кəсип болып, олардын күн көрисин шарўашылык тəмийинлеп турды.

Аралас хожалык жүргизген каракалпаклар дийканшылык-ка косымша шарўашылыкты да жүргизди.

Шарўашылык дийканшылыкка үлкен жəрдем тийгизди. Дийканшылыкты жүргизиў ушын жылкы, кара мал күш-көлик болып хызмет аткарды. Барлыктүрдеги маллардын дəрислери атызларға жергиликли төгин ретинде пайдаланылды.

Шарўашылык айрыкша тениз хəм дəрья жағалаўларында жасаған халыклар ушын оғада əхмийетли болды. Ол жерлерде мəкан баскан каракалпаклар балыкшылык пенен шуғылланды. Ал дийканшылык олар ушын косымша кəсип болды. Олардын тийкарғы күн көрисин шарўашылык өнимлери тəмийинлеп турды. Ўакты-ўакты болып туратуғын суўсызлык жылларында, атап айтканда XIX əсирдин сонғы шерегинде, Шоманай ка-налына суў бармай кеўип калған жыллары ол жерлердеги каракалпаклар тениз ҳəм дəрья бойларына көшип

барып конысласты. Олар барған жерлеринде шарўашылык хәм балыкшылык пенен шуғылланып отырды. Солай етип, ол жерлердеги каракалпаклардын сол дәуирдеги хожалығынын баслы тараўы шарўашылык болды.

Хийўа ханлығындағы каракалпаклар дийканшылык хәм шарўашылык пенен шуғыллана отырып, балыкшылык хожа-лығын да жаксы жүргизген.

Хатыклар турмысында батыкшылык салмаклы орын тутты. қарақалпақлардын ишинде балыкшылыкка бейим кәуим-уруўлар болған. Айрыкша Коныраt арысынын балғалы, аша-майлы, кыят х.т.б. уруўларынын хатыклары балыкшылыкты тийкарғы кәсип еткен. Олар ушын балыкшылык азык-аўкат хәм табыс табыўдын негизги дәреги болып есапланған. Балык аўлаған балыкшылар күнделикли аўкатынан аўыскан балыкларын жыйнап койды, оларды дийканшылык өнимлс-рине алмастырды хәм оннан аўысканын сатты. Дәрья жағалаў-ларындағы дийканшылык пенен шуғылланыўшы аўыллардыц халыклары да балык аўлаған. Бирак, олар балык аўлаўды кәсип етпеген, тек колы бос ўакытлары аўлайтуғын болған.

Шеп жағалыктағы кара кал паклардын балык аўлаў әсбап-лары әпиўайы, атам заманнан киятырған куралл ар еди.

Солай етип, каракал паклардын экономикалык турмысында батыкшылык хожалыктын баска тараўларынан кем эхмийет-ке ийе болмады.

Сонын ушын да каракалпак хаткы «үш ай саўыным, үш ай каўыным, үш ай кабағым, үш ай шабағым, бир хәмеллеп күн көрермиз», деп айтатуғын болған. XIX әсирдин акыры—XX әсирдин басында Хийўа ханлығы курамындағы каракалпаклардын экономикалык турмысында саўда белгили орын тутты. Қаракалпаклар өзлери өндирип шығарған затлары менен саўда исин оғада жаксы раўаж-ландыра алған. Саўдаға тийкарынан аўыл хожалығы өндири-синин өнимлери шығарылып отырған. Саўдаға жүн, тери хәм бир катар кол өнеринин затлары шығарылатуғын болған. Усы жыллары Хожели, Қоныраt калаларында өнерментшилик күшли раўажланған. Хийўа хан-лығы базарларында өтимли болған затларды алып келген. Усы бағдарда саўда кызып, адамлардын мүтәжлери питкен. Сол жағалыктағы каракал паклардын саўда

орайлары Конырат, Гөне Үргениш, Шоманай беклигиндеги Жана кала болған.

Хийўа ханлығы аймағынын базарлары россиялык базарлар менен катнасыккатүсти. Әлбетте, бул патшалыктын колония-лык сиясатынын тәсири еди.

Сол жағатыктағы каракалпаклар хәм баска да хашклар Россия капитализминин тәсирине өтти. Бул үлке Россия ушын шийки зат базасы болды. Пахташылыкты, жонышкашылыкты раўажландырыў орыс капиталистлеринин мәплерине сәйкес келди. Усы максетке тийкарланып XIX эсирдин екинши ярымында Закаспий темир жолы салыиды. Бул темир жол Арат тенизиндеги суў жолы, Әмиўдәрья суу жолы, Ташкент, Оренбург жоллары Каракал пакстаннын ишки районларын Россиянын орайлык санаат районлары менен байланыстырды. Солай етип, Россиянын мәпин гөзлеген колониаплык сиясат үлкеде толык үстемлик сүрди.

1916-жылы өмир сүрип турған ак патшаға хәм ханлыкларға карсы мийнеткеш халыклардын Өзбекстанда, Түркменстан, Кырғызстан ҳәм Қазакстанда да азатлык хәрекетлери болды[2]. Көтерилис максети, олардын бәринде де өмир сүрип турған ак патшаға хәм ханлыкларға ашыктан.ашык карсылыкка шығыўы еди. Сондай-ак олардын жергиликли ўәкиллер менен ири хожалык ийелерине, жер-суў тоғайлык пенен көлликлерди пайдаланыўдағы сиясий ҳукыктағы тенсизликлерге карсы халык көтерилиси еди. Демек, бул көтерилиске козғаўшы күш сырттан келмеген, ямаса орайласкан бир сиясий шөлкемнин искерлигинин, үгит-нәсиятынын нәтийжеси емес, бул көтери-лиске турмыс аўырманлығына шыдамаған мийнеткеш халыктын өзи шыкты. Солардын бири 1916-жылғы Хожели кала-сындағы көтерилис еди. Хожели каласы хәм әтирапындағы каракалпак, өзбек, казак, түркмен халыкларынын барлык катламлары дерлик бул көтерилиске катнаскан. Олардын арасында дийканлар, санаатта ислеўшилер, өнерментлер, айырым байлар хәм ийшанлар болған.

Көтерилисшилердин максети Хийўа ханы Асфандиярды тахттан түсириў, онын орнына халыкты аўыр салыктан, жерсизликтен куткарып, халықтын ар-

намысын корғайтуғын хан сайлаў еди. Бирак бул максетке жетиў ушын олардын дурыс ис бағдары, халык ҳэрекетин орайластырыўшы сиясий шөлкеми, басшысы болмады.

Патша Россиясынын колониаллык сиясатына карамастан, каракалпаклар миллий турмыс хэм мэдениятын саклап кала алды. қарақалпақлардын конызлары жер хэм суў шараятына карай кэлиплести. Усыған байланыслы олардын турак жай-лары да хэр түрли: тураклы жай, ярым көширмели отаў болып бөлинген. Дийканшылыктураклы турмыс кешириўди, тураклы жайды талап еткен, мал шарўашылығы кыслаў ҳэм жазлаўда өткен. Жазлаўда кара үйде жасаған, сондай-ак жайлардын касында да үй-жайда үйлер тигилген. Сонлыктан да каракал-пакларда көширмели кара үйлердин көплиги олардын көш-пелилигин ямаса ярым көшпелилигин анлатпайды, ол тек жыл мэўсиминдеги турак жай, ол мэўсим питкен сон кыслаўға алынып, тураклы турмыс кеширген. Усылайынша каракалпак коныслыклары кыслаў, жазлаў болып екиге бөлинген. Олар көбинше көллик, арна, дэрья, тениз жағаларын жағалап, көллерге жакын, дэрья бойларында орналаскан. Ҳэр бир коныслыклар белгили бир уруў ағзалары, олардын тийрелери болып орна-ласып, коныслыклары сол уруў ямаса уруў басшыларынын, жер, көл атамалары менен де аталған. Коныслыклар озлеринин орналаскан орынларына, турғынларынын көпли азлығына, хожалығынын түрлерине байланыслы бир бирине уксаслы өзгешеликлерге ийе болған.

қарақалпақ коныслыкларынын сырткы көриниси консы халыклардын коныслыкларынан тамнын алдында үй жайға тигилген отаўы, жазлаўда катара тигилген кара үйлер, олардын капталында катарласкан арба, кеме, ертлеўли атлардын бай-лаўлы турыўлары менен көзге түскен[1]орынға көшсе де, барлык каракалпаклар хэзирги жасап атырған жеринен алыслап хеш жакка кетпеген. Мэселен, К.онырат каласынан батыстағы Хэким ата, Якупбайкала, Жаменей, Жанакалалардан халык ол жерлерди суў атыўшы-лыктан XIX эсирдин акыры—XX эсирдин басында Соркөлге (Конырат—Мойнак аралығына) кайта көшкен. Кдракалпаклардын турақ жайлары хэўли, там, какыра, шөпкер, кара үй болып,

олар ушын саз топырак, ак терек, жәнеуит, ақтал, камыс, торанғыл қолланылған.

қарақалпақпарда неке уруў ишинен емес, баска уруўдан (экзогамия) болған. Бирак некелесиў шегарасы өзгермели болған. Мәселен, **XIX** әсирдин орталарында коныpат-шүллик бөлиминин кыят уруўлары өз ара кыз алыспаған, ал хәзир кыят уруўлары өз-ара некелеседи, демек кыят-тын кишкене уруўлары, таракпы менен үш тамғалы некелеседи, тек үш тамғалы үш тамғалыдан кыз алыспайды, неше атаға келседе, буларға некелесиў өз-ара кадаған.

Некелесиў бурынлары аклай куда (туўылмаған баланын ата-анасы өз ара ўәделеседи), жаслай куда (айттырып алыў, басын шатыў), жигит ағасы өлсе женгесинин кәйниси ямаса

кайнағасы менен басын шатыў аркалы болған. Жекке сийрек кыздын келисими менен, гейде келисимисиз кыз алып кашыў болған, бирак буны халық кәлемеген.

Некенин барлык түринде кашан жигит тәрепи кыз үйине барып келисип, пәтия окып, калын малын төлеп, «куда болдык» деп еки жак нан сындырысып, жегенинен кейин халык тәрепинен макулланған. Қызды көп адамлар айттырып келген, бирак мәселенин шешилиўи кыздын келисиминде болған. Егер ол келисим бермесе, биймәлел хәр түрли себеп таўып, жаўшыларды кайтарған. Егер некеге келисилсе, «калын мал» берилген. Қалын малдын максети косылған еки жас өз мийнетлери менен табыс тапканша күнелткендей үй-жайы, дәскелери, кийим-кеншек, көрпе-төсек пенен тәмийинлеў ушын кыз жигит тәрепи күш бириктирген. Сонын ушын узатылған кыз көрпе-төсек, арша, казан-табак, өзине, жигитке, онын ата-анасына, ағайинлерине илеўге кийим-кеншеклерди калын мал есабынан ислеген. Отаўға зәрүрли баў-шуўтокыған. Ал жигит тәрепи отаўдын бас сүйегин таярлаған.

қарақалпақлар Россия курамындағы дәўиринде де бир неше динлердин, оларға байланыслы ески дәстүрлердин излери сакланған. Динге исениўши каракалпаклар өзлерин мусылманбыз деп, исламды мойынсынатуғынлығын айтады. Кара кал па кета н да исламнын сунна тараўы тараған. Бирак

мусылманшылык пенен бирге оған дейинги диний исенимлер халык турмысында көбирек сакланған.

XIX әсирдин акырында қарақалпақстан аймағында ен көп таралған окыў орынлары усы мектеп хәм медреселер болды.

Мектеп арабша «катаба» (жазыў) сөзинен келип шығып «жазыў орны», «жазыўға үйренетуғын орын» мәнисин анлатады. Олар хәр бир үлкен-киши жасаў орынларында, хәр бир аўылда болып, кәўим мешитлери жанында, ал гейде өз алдына да ашы-латуғын болған. Мектеп муғаллими болған моллалар жерги-ликли халыктын сол мешит-кәўимнин ағзаларынан жый-налған «мектеп пулы»на күн көрип, мектеп ашкан.

Мектеп балаларды басланғыш саўатка үйретиў хызметин аткарған. Дерлик ерте заманда дүзилген мектептеги окыў бағдарламасына XX әсирдин басларына шекем айтарлыктай өзгерис кирғизилмеген еди.

Бул бағдарлама бойынша окыў еки дәуирден ибарат болды. Биринши (диний) дәўиринде балалар Куран хәм диний мазмундағы «Шар китап» ты үйренген болса, екинши (әдебий) дәўирде окыўшылар Шығыс классик шайырларынан саналған Сууфы Аллаяр, Әлишер Наўайы, Физулы, Хожа Хафызлардын шығармалары менен таныскан.

Дәслебинде балалар тактайшада араб жазыўынын 28 хәри-бин үйренип, ядлап, соц «ежелеў»ге өткен, бунда хәриплердин терт түрли жазылыў усылын: сөз басында, сөз ортасынла. сөздин акырында хәм ез алдына түрлерин, сондай-ак усы хәриплердин оз-ара биригиў кагыйдаларын үйренген. «Еже-леў»ден сонғы баскыш «әбжад» деп аталып, онда балалар хәриплер аркалы сәне белгилеў сырларын үйренген. «Әбжад»ты үйренип болғаннан сон окыўшылар Куран сүрелерин үйре

ниўге өткен. Дәслеп Қураннын жетиден бир бөлеги есапланған «Хафтияк» (Әптүйек) тен үйренген. Бул үлкен әҳмийетке ийе басқыш болып, окыўшылар енди пүтин сөзлерди, текстти оқыўға өтеди. Хафтиякты өте баслаған окыўшылар «китапхан» деп аталған. Хафтиякты толык менгерген окыўшы Қураннын өзине өткен. Бул дәўирге келип окыўшылар окыў тәжирий-бесине

ийе болады. Куранды өтип болған гейпара окыўшылар мектептеги окыўын токтаткан, буған материаллык жетис-пеўшилик уксаған баска да жағдайлар себепши болған. Бул аўҳал өз гезегинде көплеген авторлардын мектепти конфее-сионаллык, ямаса тек диний орын деп есаплаўына себепкер болды, себеби мектеп тийкарынан мешит жанынан ашылған. Бирак мешит мектептин билимлендириў исин өз баклаўына алмаған. Мектептин мешит жанынан ашылыўынын баслы себеплеринин бири-бул балаларды намаз оқыўға, оларға намаз сабакларын үйретиў керек болады. Сонлыктан окыўдын дәслепки дәўири диний сабаклардан ибарат еди.

Мектепке бшталар 6-7 жасынан баслап барып, 15-16 жасына шекем, мектеп сабакларын менгергенше окый берген. Окыў мүддети шекленбеген болып, окыўшынын сабактан үлгериў-ине, зейнине байланыслы болған. Окыў тәртиби баланын жасына да, мектепке келген ўактына да байланыслы болмаған. Окыўшылар өзлеринин үйренип атырған баскышына, яғный китабына карап, шериклесип, топарға бириккен халда окыған.

XX эсирдин басларына шекем хәзирги қарақалпақстан аймағында 70 ке жакын медресе болған. Бир ғана Әмиўдәрья бөлиминде 1895-жылы 58 медресе болған, ал Хийўа ханлы-ғындағы каракалпак аймағында онлаған медресе ислеп турған.

Медреседе 17-40 жаслар аралығындағы моллалар, яғный студентлер (шәкиртлер) окып, тәлим алған. Ҳәр бир медреседе орташа есап пенен 30-40 молла окыған.

XIX эсирдин екинши ярымы XX эсирдин басында каракалпак халкын баска түркий тиллес халыклардан бөлек өз алдына халык екенлигин көрсететуғын елдин үрп-әдетин, әдеп-икрамлылығын, бирлигин, өз алдына кэлиплескен психо-логиясын, минез-кулкын, тил бирлигин жәмлейтуғын кэлиплескен түрдеги бай миллий фольклоры, Күнхожа Ибрайым улы, Эжинияз Косыбай улы, Бердак Ғарғабай улы, Өтеш Алшынбай улы х. т. баскалардан ибарат эдебияты болды. Күнхожа Ибрайым улы (1799-1880) өзинин «Шопанлар», «Оракшылар», «Аккамыс», «Умытпаспан», «Түйе екенсен», «Халык пенен», «Балам»

хэм баска шығармаларында каракалпак жэ-мийетиндеги карама-карсылыкларды тереннен ашып берди.

**XIX** әсирдин акыры—**XX** әсирдин басындағы миллий азатлык көз-карасларынын раўажланыўына және онын кейинги көтерилиў баскышларына дерек болыў менен бирге келешек бағдарланыўын да белгилеп берди.

XIX әсирдин акырындағы Әжинияз, Бердак хәм Өтеш шайырлар классикалык әдебият пенен ағартыўшылык әде-бият арасындағы тийкарғы өткел болды. Өтмиштеги жәмийет-лик философиялык пикирлердин ен жаксы дәстүрлерин олар

XX әсир басындағы Аннакул, Құлмурат, Сыдык, Әбдикәдир, Омар, Казы Мәўлик, Жанабай, Сәпиўра, Аяпберген, Сейфулғәбит, Аббаз хәм т.б. ағартыўшы шайыр-ойшылларға инам етти.

Егер XIX әсирдин екинши ярымында азатлык идеяларын Күнхожа, Әжинияз, Бердак хәм Өтеш шайырлар жырлаған болса, оны XX әсирде Аннакул, Сыдык, Әбдикәдир, Кдзы Мәўлик, Омар, Сәпиўра, Жанабай, Аяпберген, С.Мәжитов, Аббаз хәм баска да шайыр хәм ағартыўшылар даўам етти. Олар патша Россиясынын колониаллык сиясатын әшкаралады, халык азатлык хәрекетлерин коллап-куўатлады.

Түркстан, Бухара, Хийўа турмысындағы сиясий-экономика-лыкхәм мәдений өзгерислерге байланыслы, әсиресе биринши орыс революциясынын (1905—1907-жыллардағы) ҳәм Түркия, Кытай, Ҳиндстан, Персиядағы миллий азатлык хәрекет-леринин тәсири менен күшли «жәдидизм»-сиясий хукыкый ағым пайда болды. Бул ағым жәмийетлик катламлардын хәр түрли ўәкиллерин бириктиргени менен, олардын бир-биринен социаллык шығысы хәм көз-карaслары бойынша парык-ланатуғын еди.

Бирақ, жәдидлердин ҳәммесинин тийкарғы мәселеси болған-Орта Азия халыкларынын азатлығы бойынша пикир-лери бир-бирине сәйкес еди. Жәдидизм ағымын, олардын сиясий, ҳукыкый, мәдений хәм баска идеяларын тарийхий көз караста бахалаў зәрүрли. Жәдидлердин хәрекетлери, идеялары

бәриненде бурын ағартыў мәселелеринен басланады. Коло-ниаллык хәм социаллык езиўшиликтин тийкарғы себеби, жәдидлер пикири бойынша-халықтын наданшылығы хәм қарацғылығында.

Халыктын бундай жағдайын баскарыўшылар беккем сақлап турыўға қызығады. Социаллык, экономикалық, сиясий-мәдений мәселелердин шешилиў жолы-ағартыў жолы деп, жәдидлер дыккат орайына билимлендириў реформаларын қойды.

Жәдидлер өз идеяларын теориялық хәм әмелий жағынан дәлиллеў менен шекленбей, оларды иске асырды. Жәдидлер китапханалар ашты, жана усыллар тийкарындағы мектеплер, сабаклыклар дөретти хәм баска да ағартыў ислерин шөлкем-лестирди. Өз идеяларын жәдидлер баспа сөз аркалы көпши-ликке жеткерип турды. Өз газеталарында жәдидлер каран-ғылыкка, наданшылыкка, «диний сокырлыкка», мәнисин жойыткан дәстүрлерге карсы, мәдений хәм экономикалык өзгерислер ушын үгит-нәсият алып барды.

Мәмлекет органлары ҳукыкый жәмийет ушын хызметте болыўы кереклигин билдирди. Әдилсизликти, хукыксызлыкты көрип, олар зорлыкка карсы, жергилиюш баскарыў, хәкимият, суд органларынын өзимшиллигин шеклеўди талап етти. Солай етип, жадидлер баскарыў тәртибине карсы, ески өмирге, лаўазымлы шахслардын унамсыз хәрекетлерине карсы болды.

## Пайдаланған әдебиятлар


[1] И.А.Каримов. Тарихый хотирассиз келажак йук. Т.1998

[2] И.А.Каримов. Жокары манауият женилмес куш. Т. 2008. 4 бет

[1] Ц Г А РУ ф.125 оп.1 д.34 5-6 бб

[2] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 16 бь.

[3] ОзР ОМА ф.2,оп 1 а д.191 136-140 бетлер

[4] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 26 бет

[5] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 26 бь.

[6] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 33-38 бь

[7] қарақалпақстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 82 бет

[8] қарақалпақстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 82 бет

[9] қарақалпақстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 85 бет

[10] қарақалпақстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирдге щекем 90 бет

[11] Косбергенов Р. XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында Хийуа ханлыгындагы каракалпаклардын аухалы 74-90 б

[12] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 26 бет

[13] Каульбарс.И.В. Низовья Амударьи Описание по собственным исследованиям в 1873 г стр 569

[14] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 192 бет

[15] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 199 бет

[16] Военно-статичстическое описание Хорезского оазиса 199 бет

[17] Тореев.А XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында қарақалпақ улкесинде димйханлар харекети 1991 113-138 бб

[18] Напесов.Т. 1920-1924 жыллары Хорезм халык совет реводюциясында қарақалпақстан мийнеткешлеринин роли. 44-45 бб

[19] Напесов.Т. 1920-1924 жыллары Хорезм халык совет реводюциясында қарақалпақстан мийнеткешлеринин роли. 45 бб

[20] Тореев.А қарақалпақстанда 1916 жылгы халык котерилиси ,26 бет

[21] Есбергенов.Х.Е. Дала жазыулары 1996 №1,4,6,7

[22] Есбергенов.Х.Е. Дала жазыулары 1957 №22

[23] Кунходжа Ибраим улы Косыклар 65 бет

[24] Есьергенов.Х. Атамуратов.Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков.ННокис 79-80 бб

[25] Агаджанов С.Г. Огузские племена IX-XIII вв Страны и народы М. 1971.-179-193 бб

[26] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 102-111 б

[27] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 80-86 б

[28] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 97 б

[29] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 149 б

[30] Этнография каракалпаков.Ташкент Фан,1980 112-117 б

[31] Есбергенов.Х, Есбергенова.Т.,Сейтмуратова.Г. Наурыз халкымыздын миллий байрамы.Н 1998 12-13 бб

[32] Камалов.С.К.Есбергенов Х, Карлыбаев.М Нравственное воспитание в мектебах низовьях Амударьи(XVIII-XIX вв)//Вестник ККОАНРУз 1996 №4, 135-140

[33] Остроумов.Н.П. Сарты этнографические материалы.Ташкент,1998,258 бет

[34] ОзР РОМА И-269-ф.1-д.83 6-7 бб

[35]Билялов.Г.М. Из истории ликвидации религиозных школ в Хорезме // Вестник ККФАН УзССР, 1979,№1,42 б

[36] Есбергенов.Х. Дала жазыулары 1957 № 22

[37] Есбергенов.Х. Дала жазыулары 1957 № 22

[38] Карлыбаев.М. 1995 жылгы дала жазыулары №6 .

[39] ОзРОМА И-181-ф.175-х.46 б

[40] Карлыбаев.М.А. Мечети и медресе г.Чимбай и его окрестности //Тезисы и доклады научно-практической конференции «Шахтемир-Чимбай».Нукус 1995 35-38 бб

[41] Карлыбаев.М.А.История народного образования в қарақалпақии в XIX-начало XX веков.Автореферат дисс. Канд.ист. наук. 1995.19-б

[42] Тилеумуратов.М Дала жазыулары, 1995 автордын уй архивинен

[43] ТИлеумуратов.М қарақалпақ поэзиясынын тарийхый дерек.Н 1994, 342 б

[44] Пахратдинов.А. XIX эсирдин акыры – XX эсирдин басларындагы каракалпак эдебиаты тарийхы.Н 1998 208 б

[45] Даукараев.Н Шыгармаларынын толык жыйнагы. 2 том 1977 25-30 бб

[46] Закаспийская туземная газета №182, 183,184, Ашгабат,1916

[47] Пахратдинов.А. XIX эсирдин акыры – XX эсирдин басларындагы каракалпак эдебиаты тарийхы.Н 1996 118-123 б

[48] Пахратдинов.А. XIX эсирдин акыры – XX эсирдин басларындагы каракалпак эдебиаты тарийхы.Н 1998 165-178 бб

[49] қарақалпақ фолклоры. I-XX томлар 1977 90 бет

[50] Народы Средней Азии и Казахстана т.1.М.1962,510 б

[51] қарақалпақ ауызеки халык доретпелери.Н 1996, 3 б

[52] Усы жерде

[53] Берлиев Ж. Отражение вв легендах и народных преданиях истории каракалпаков.XIII-XVII Нокис 1996 автореф. Дисс канд ист. наук. 15 б

[54] қарақалпақстан XIX эсирдин екинши ярымынан XXI эсирге шекем…….166 б

Әжинмяз атынлағы Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық Институты
Тарийх факультетинин
Тарийх бакалавр бағдары 4 б курс талабасы
Бердишов Нурланын

**«XIX эсирдин акырыXX эсирдиң ақырында шеп жагали шеп шагалы қарақалпақлардиң тарийхынаң»**

деген атамада жазган питкериў кәнийгелик жумысына

ПИКИР

Тарийх бакалавр бағдары 4 б курс талабасы
Бердишов Нурланын

**«XIX эсирдин акырыXX эсирдиң ақырында шеп жагали шеп шагалы қарақалпақлардиң тарийхынан**питкериў кәнийгелик жумысы Қарақалпақстан тарийхының атуал маселердин бири болып табылады

Бул дәўир хәменизге белгили колониалық дәўир болып қарақалпақ қалкының тарийхында ауыр дәўири болган . Талаба өзининң жумысында Россия империясың алып барған колониалык сиясатының шеп жағалық қарақалпаклардыщ жәмийетлик-сиясий турмысы корсеткен тәсирин, Шеп жагалы халыклардын хожалык турмысы хэм социалык-экономикалык ахуалы. Шеп жагалы халыклардын милий-азатлык харекети . 1916 жылгы козгаланы.Шеп жагалы каракалпаклардын XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында неке шанарк курыуы маселеси хэм диний коз караслары .Каракалпакларын турмысында неке шанарк курыуы маселеси . Каракалпаклардын омиринде диний коз карaслардын орны , Шеп жагалы каракалпаклардын XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында жэмийтлик ой-пикирлери. Билимлендириу хэм миллий зыяллылар олардын халыктын арасындагы орны. Жеп жагалы каракалпаклардын Эдебияты хэм фолклоры .Жеп жагалы каракалпаклардын арасындагы жэмийтлик ой-пикирлер . Жеп жагалы каракалпаклардын арасына жадидлердин идеясынын кирип келиуи мэселесин изертлеуге харекет кылган. Жумыс, кирисиуў, уш баптан, жумаклаудан, пайдаланган әдебиятлардан турады.

Талаба Бердишов Нурланың питкериў кәнийгелик жумысының мазмуна толық , талапларға жууап береди.

Илимий басшы: т.и.к. Доц. Р.Ж.Базарбаев.

Әжинияз атынлағы Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық Институты
Тарийх факультетинин
Тарийх бакалавр бағдары 4 б курс талабасы
Бердишов Нурланың
**««XIX эсирдин акырыXX әсирдиң ақырында шеп жагали шеп шагалы қарақалпақлардиң тарийхынаң»**
деген атамада жазган питкериў кәнийгелик жумысына

# Сын

Тарийх бакалавр бағдары 4 б курс талабасы Бердишов Нурланың **«XIX эсирдин акырыXX әсирдиң ақырында шеп жагали шеп шагалы қарақалпақлардиң тарийхынаң»** деген атамада жазган питкериў кәнийгелик жумысҚарақалпақстан тарийхының актуал мамелелеринин бирине арналған .

Талаба өзиниң жумысында Россия империясың алып барған колониалык сиясатының шеп жағалық қарақа-лпаклардыщ жәмийетлик-сиясий турмысы корсеткен тәсирин, Шеп жагалы халыклардын хожалык турмысы хэм социалык-экономикалык ахуалы. Шеп жагалы халыклардын милий-азатлык харекети . 1916 жылгы козгаланы.Шеп жагалы каракалпаклардын XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында неке шанарк курыуы маселеси хэм диний коз караслары .Каракалпакларын турмысында неке шанарк курыуы маселеси . Каракалпаклардын омиринде диний коз караслардын орны , Шеп жагалы каракалпаклардын XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында жэмийтлик ой-пикирлери. Билимлендириу хэм миллий зыяллылар олардын халыктын арасындагы орны. Жеп жагалы каракалпаклардын Эдебияты хэм фолклоры .Жеп жагалы каракалпаклардын арасындагы жэмийтлик ой-пикирлер . Жеп жагалы каракалпаклардын арасына жадидлердин идеясынын кирип келиуи мәселесин изертлеуге харекет кылган.

Жумыс, кирисиуў, уш баптан, жумаклаудан, пайдаланган әдебиятлардан турады.

Талаба Бердишов Нурланың питкериў кәнийгелик жумысының мазмуна толық , талапларға жууап береди.

Пикир бериуши проф. М.Тлеумуратов.

Әжинияз атынлағы Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық Институты
Тарийх факультетинин
Тарийх бакалавр бағдары 4 б курс талабасы
Бердишов Нурланын

**«‹XIX эсирдин акырыXX эсирдиң ақырында шеп жагали шеп шагалы қарақалпақлардиң тарийхынаң»**

деген атамада жазган питкериӯ кәнийгелик жумысына

## Сын

Тарийх бакалавр бағдары 4 б курс талабасы Бердишов Нурланын жазган питкериӯ кәнийгелик жумыс Қарақалпақстан тарийхынын актуал мамелелеринин бири болған колониалық дәӯирине арналқан .

Талаба өзинин жумысында шеп жағалық қарақалпаклардыщ жәмийетлик-сиясий турмысы на Россия империясың алып барған колониалык сиясатынын унамсыз тәсириң корсетиӯге хәрекет қылған , Шеп жагалы халыклардын хожалык турмысы хэм социалык-экономикалык ахуалың. Шеп жагалы халыклардын милий-азатлык харекети . 1916 жылгы козгаланы. Шеп жагалы каракалпаклардын XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында этнографиясын, маселен, неке шанарк курыуы маселеси, тагамлар хэм диний коз карасларын , Шеп жагалы каракалпаклардын XIX эсирдин акыры XX эсирдин басында жэмийтлик ой-пикирлери. Билимлендириу хэм миллий зыяллылар олардын халыктын арасындагы орны. Жеп жагалы каракалпаклардын Эдебияты хэм фолклоры .Жеп жагалы каракалпаклардын арасындагы жэмийтлик ой-пикирлер . Жеп жагалы каракалпаклардын арасына жадидлердин идеясынын кирип келиуи мәселесин изертлеген.

Жумыс, кирисиуӯ, уш баптан, жумаклаудан, пайдаланган әдебиятлардан турады.

Талаба Бердишов Нурланың питкериӯ кәнийгелик жумысының мазмуна толық , талапларға жууап береди.

Пикир бериуши т.и.к Б. Утемуратов

HUJJETLER USHIN HUJJATLAR UCHUN